TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Babad Kartasura

I

Moelyono Sastronaryatmo

PNRI

Balai Pustaka

BABAD KARTASURA

I

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

BABAD KARTASURA
I

Alih Aksara
oleh

MOELYONO SASTRONARYATMO

Perpustakaan Nasional
Republik Indonesia

Balai Pustaka

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-uaerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1981.

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

I. Asmaradana. 1)

Yata kawarnaa malih,
Ki Tumenggung Jayaningrat,
ingkang baris Ungarane,
sampun amiyarsa warta,
yen wadya Kartasura,
kang baris Demak kaburu,
miwah kang barisan Tegal.

Myang kang baris Lepentangi,
kawarti sampun lumajar,
marmane alit manahe,
Ki Tumenggung Jayaningrat,
sigra wau utusan,
dhateng ing Samarang gupuh,
arine ingkang dinuta.

Pun Arudita nameki,
sampun binektanan surat,
lumaksana ing lampahe,
wus prapteng nagri Samarang,
sowan ing Panembahan,
Mandura na surat gupuh,
nawala glis tinupiksa.

Kadhadha ungeling tulis,
Panembahan sigra sowan,
dhateng ing pasanggrahane,
tumundhuk ngarseng narendra,
matur ing naradipa,
adhuh Gusti Sang Sinuhun,
kawula atur uninga.

Yen abdi daiem narpati,
pun Tumenggung Jayaningrat,
kang baris neng Ungarane,
kintun serat mring kawula,

PNRI Balai Pustaka

dene ingkang dinuta,
pan kaprenah arinipun,
awasta Pusparudita.

Inggih ungele kang tulis,
apan ta pun Jayaningrat,
ngaturken pejah-gesange,
katura dhateng panduka,
pan sedya sumawita,
nanging ingkang dipun suwun,
padhusunan ing Bahrawa.

Prakawis padhanging margi,
sampun kuwatos Sang Nata,
pun Jayaningrat warnine,
apan tetiyang sabrang,
akathah kang binekta,
angandika Sang Aprabu,
sokur lamun mengkonoa.

Kelangkung trustha kang galih,
arum wijiling wacana,
wus tarima panungkule,
Si Tumenggung Jayaningrat,
nanging desa Bahrawa,
iku ewuh atiningsun,
uwis sunkarya ganjaran.

Marang Ki Besan Samawis,
yata wau Ki Dipatya,
Suradimenggala ture,
leheng Gusti pinaringan,
inggih dhusun Bahrawa,
rinojong saaturipun,
pun Tumenggung Jayaningrat.

Pamrih kawula Narpati,
tulusa dadosa rowang,

PNRI Balai Pustaka

Sang Nata lega galihe,
malih ngandika Sang Nata,
yayimas ing Mandura,
caraka tundhungen mantuk,
sadina mengko mangkata.

Mring kadange konen warti,
marang Si Jayaningrat,
ingsun royongi karepe,
Panembahan matur nembah,
duta tinundhung mesat,
tan winarna lampahipun,
agyatna kang winursita.

Warnanen Sri Narapati,
Jeng Sunan ing Kartasura,
lagya sineba wadyandher,
sakarine kang punggawa,
pepak samya sewaka,
wong gedhong kaparak sampun,
myang Apatih Sumabrata.

Angandika Sri Bupati,
heh Apatih Sumabrata,
ing mengko paran wartane,
kang padha mapag ing perang,
apa asor unggula,
Patih Sumabrata matur,
pukulun atur kawula.

Abdi paduka Narpati,
kang samya andon yuda,
dereng campuh kala mangke,
taksih samya jeng-ajengan,
kalih mengsah Mandura,
lawan mengsah Surengkewuh,
Sang Nata alon ngandika.

PNRI Balai Pustaka

Alawas temen sunanti,
patih kirimana layang,
konen banjur ngrurah kabeh,
marang Nagara Semarang,
Man Puger dicekela,
Ki Apatih awot santun,
Sang Nata eca ngandika.

Kasaru duta kang prapti,
sangking ki Mandurareja,
kasarengan utusane,
Pangeran Arya Balitar,
kalawan kang utusan,
Pangeran Surabayeku,
duta katri sareng prapta.

Katingalan duta prapti,
tinimbalan marang ngarsa,
Nárendra tetanya age,
heh kinongkon apa sira,
marang leluhurira,
caraka sareng umatur,
pukulun amba dinuta.

Anuwun bantu Narpati,
ing mangke kasoran yuda,
abdi panduka wiyose,
pun Arya Mandurareja,
ing Demak sampun bedhah,
langkung ramene kang pupuh,
para mantri kathah pejah.

Duta kang sangking Tategil,
ature datan prabeda,
miwah ta wau dutane,
Ki Tumenggung Mangkuyuda,
samya matur ing Nata,
abdi dalem nyuwun bantu,

PNRI Balai Pustaka

wagugen ing tyas Sang Nata.

Kabubuh wong gandhek prapti,
ingkang sangking ing Ungaran,
nguni dadya jejenenge,
Ki Tumenggung Jayaningrat,
aran Mas Pangalasan,
abdinira Sang Aprabu,
panakawan alit mila.

Tanpa larapan duk prapti,
maki dhupuh ngarsa nata,
Mas Pangalasan ature,
kawula atur urlinga,
dhateng Panduka Nata,
yen mangke abdi Sang Prabu,
Jayaningrat malih tingal.

Tundhuk dhumateng Samawis,
miwah wadya urut marga,
pan sami binaktan kabeh,
nungkul dhateng ing Semarang,
ing mangke Jeng Pangeran,
Puger sampun madeg ratu,
wonten Nagari Semarang.

Jejulukira Narpati,
Susunan Pakubuwana,
Senapati Ngalagane,
Abdulrahman Sayidina,
Panata ing Agama,
dene mangke wartinipun,
arsa budhal saha bala.

Sangking Nagari Semawis,
dhateng Nagri Kartasura,
sampun rembag punggawane,
kumpeni Bugis Makasar,

PNRI Balai Pustaka

anjog ing Salahtiga,
dene kang wadya panganjur,
Mandura lan Surabaya.

Yata angles Sri Bupati,
miyarsa aturing wadya,
sinamur asri wuwuse,
heh Apatih Sumabrata,
age sira dandana,
sira lungaa angluruk,
barisan ing Salahtiga.

Pepetana ingkang margi,
miwah sakehing bupati,
kang padha kalah perange,
padha sira kongkonana,
ngumpula Salahtiga,
Ki Apatih awotsantun,
sigra jengkar Sri Narendra.

Patih Sumabrata aglis,
sigra anembang tengara,
gong beri umung swarane,
oreg wadya Kartasura,
bupati saha bala,
Jawi datan wonten kantun,
andherek Rekyana Patya.

Dene kang tengga ing wuri,
rumeksa Sri Naranata,
wadya gedhong keparake,
Ki Sumabrata glis budhal,
marang ing Salahtiga,
swaraning wadya gumuruh,
kadya ombaking samodra.

Datan kawarna ing margi,
wus prapta ing Salahtiga,

PNRI Balai Pustaka

apatih utusan age,
nimbali Mandurareja,
lan Pangeran Balitar,
Pangeran Surabayeku,
sampun samit tinimbalan.

Tetiga pan sareng prapti,
ngumpul dhateng Salahtiga,
sangsaya ageng barise,
punggawa ing Kartasura,
Pangran Arya Mataram,
baris aneng Bayawangsul,
anindhihi pra sentana.

Nengena kang nata baris,
wadya bala Kartasura,
yata genti winiraos,
Jeng Sunan Pakubuwana,
kang jumeneng Semarang,
enjang sineba Sang Prabu,
pepak ingkang wadya bala.

Sagung bupati pasisir,
andher aneng ing ngayunan,
Panembahan Mandurane,
lan Jangrana Surabaya,
lan Dipati Samarang,
katri punggawa neng ngayun,
acaos karsaning Nata.

Panembahan Mandureki,
matur ing Sri Narapatya,
atur uninga wiyose,
pun Tumenggung Tirtanata,
inggih mangke pralena,
puntukup dhateng pun Mabru,
mbekta bala Kartasura.

PNRI Balai Pustaka

Dene pun Mabru Dipati,
putrane Rangga Lelana,
taksih sumiweng ing mangke,
dhateng Nata Kartasura,
nguni pun Tirtanata,
pan kawula utus mantuk,
njageni Nagri Santenan.

Pun Rangga Lelana nguni,
ingkang caos mring Samarang,
Sang Nata runtik muwuse,
heh adhimas ing Mandura,
pan si Rangga Lelana,
pan ing mengko kena ukum,
age sira sudukana.

Panembahan matur bekti,
wus angatak wong Mandura,
Ki Rangga cinekel age,
apan sampun sinudukan,
Ki Rangga wus palastra,
murdane pinanjer sampun,
neng alun-alun Semarang.

Sang Nata maksih tinangkil,
sigra Tuwan Amral prapta,
ingkang sangking Bata wine,
katur dhateng Sri Narendra,
Amral wus tinimbalan,
sapraptanira ing ngayun,
sampun sami tatabeyan.

Tuwan Amral matur aris,
Sang Nata amba dinuta,
Tuwan Jendral Bata wine,
kinen bantu mring panduka
lamun. tempuhing yuda,
wong kumpeni gangsal atus,

PNRI Balai Pustaka

inggih kang kawula bekta.

Lan aturipun pun Kaki,
Jendral kang dhateng panduka,
pun Kenol inginggahake,
dadya Komisaris Besar,
lan Nagari Semarang,
dipun tanemi Kumendur,
yen wonten lilah panduka.

Dene Japara Kang Aji,
inggih Petor kang ajaga,
nanging teksiha lojine,
lan pun Dipati Samarang,
kenginga sampun sowan,
yen tan sareng lan kumendur,
dhumateng ing Kartasura.

Lawan aturipun malih.
tulusenggen saudara,
lawan Sang Nata ing tembe,
sinten ingkang ngawonana,
sampun manggih rahaija,
yata samana Sang Prabu,
angrojongi aturira.

Sapencorong ingkang sasi,
sagebyare kang raditya,
sapa ngalanana tembe,
ajana nemu rahaija,
wong Jawa lan Walanda,
saudara sabiyantu,
iulusa tan kena owah.

Anuju ing dina Kemis,
Nata dennya prajanjean,
ping sangalikur tanggale,
Jumadilakir kang wulan,

PNRI Balai Pustaka

tahunira Jimawal,
Tuwan Amral nurat sampun,
akarya duk prajanjiyan.

Sigra kang tengara muni,
sanjata lir gunung rebah,
Nata alon timbalane,
adhi emas ing Mandura,
sakehing pra bupatya,
padha undhangana gupuh,
pradandanan ing ayuda.

Sakeh bupati pasisir,
padha sira timbalane,
Panembahan tur sembahe,
pukulun abdi panduka,
sampun pepak sadaya,
miwah sadedamelipun,
sampun sumaos ngayuda.

Angandika Sri Bupati,
yen wis samekta ngayuda,
padha undhangana kabeh,
ing dina Soma saosa,
iya dipun samekta,
pan ingsun arsa anglurug,
mring Nagara Kartasura.

Panembahan matur aris,
lan Dipati Surabaya,
anuhun dukaning katong,
lamun marengi ing karsa,
lawan panduka nata,
sampun tumindak angluirug,
paduka eca kasukan.

Wonten Nagari Samawis,
dene kang nanggulang yuda,

PNRI Balai Pustaka

angrurah Kartasurane,
sampun wonten ing kawula,
lan pun kakang Jengrana,
sampun sumelang ing kalbu,
bedhahe ing Kartasura.

Tan lega raosing galih,
yen dereng atameng jaja,
lan Nateng Kartasurane.
arsa lantarane asta,
atakera ludira,
dahat purun genti lawung,
saking sakite kang manah.

Yen kawula lanang jurit,
angsal barkating Narendra,
yen sampun bedhah Sang Katong,
nagari ing Kartasura,
nun wangsul sigra patikbra,
dhateng Samawis pukulun,
amondhongi mring paduka.

Sang Nata ngandika aris,
yayi emas sun tarima,
sakathahe pasihane,
miwah yayi Surabaya,
anging mati-uripa,
apan ingsun arsa weruh,
iya alang-ujurira.

Punggawa kalih wotsari,
kalangkung dennya mangrepa,
konjem pratala mukane
ciptanira ing wardaya,
tan kenging mangsulana,
saking sihe Sang Aprbu,
kaliheangemu waspa.

PNRI Balai Pustaka

Sigra jengkar Sri Bupati,
kondur dhateng pasanggrahan,
kang aseba bubar kabeh,
tan winarna solahira,
yata ing dina Soma,
pepakan wadya supenuh,
kadya ombaking samodra.

Miwah sagunging dipati,
pasisir mancanagara,
warna-warna gegamane,
wong Sampang lan Surabaya,
busananira abra,
pating prangangah dinulu,
kadya macan binasahan.

Miwah kang bala kumpeni,
gegaman sampun samekta,
Walanda tata barise,
Bugis Bali Makasar,
kang nambungi ing wuntat,
Tuwan Amral munggeng ngayun,
tan amor galang-galangan.

Sigra budhal Sri Bupati,
saking Nagari Samarang,
sinengkalan duk budhale,
Gapura Kalih Winayang,
Janma sangkala ngetang,
gegaman asri dinulu,
lir pendah sekar setaman.

Sumreg kang bala lumaris,
budhale saking Samarang,
asri tinon gegamane,
akeh warnaning kang bala,
wong sabrang lan wong Jawa,
kang bala umyung gumuruh,

PNRI Balai Pustaka

sajuru-juru atata.

Tuhu yen ratu linuwih,
tedhak anyakra kusuma,
putra Nayaganda mangke,
jumeneng satitahing Hyang,
ingkang tilar negara,
alelana andon pupuh,
nglurugi ing Kartasura.

Bisikanira Narpati,
Susunan Pakubuwana,
prawignya pekik warnine,
kedhap sakehe kang bala,
mangkana tan winarna,
nitih kuda ules gepung,
binusanan abra muncar.

Atata lampahing baris,
kang dadya pangawat kanan,
Dipati Surabayane,
Panembahan ing Mandura,
dadya pangawat kiwa,
kang minangka dhadhanipun,
sagung kumpeni sadaya.

Dene kang munggeng ing wuri,
bala pasisir malatar,
anggarebeg ing Sang Katong,
punggawa ing Kartasura,
myang Patih Cakrajaya,
sami lumampah ing pungkur,
rumeksa ing para garwa.

Datan kawarna ing margi,
sampun prapta ing Ungaran,
amasanggrah Sang Akatong,
sagung kang para punggawa,

PNRI Balai Pustaka

akarya pamondhokan,
dene kang dadya panganjur,
ing Lopahit sampun prapta.

Kawarnaa Komasaris,
mojar dhateng Tuwan Amral,
ndaweg sowan ing Sang Katong,
yen sepi para punggawa,
pukul satengah lima,
ndaweg sami anenuwun,
marang Gusti Sri Narendra.

Yen wonten Ki Adipati,
Semarang mangsa antuka,
Tuwan Amral lon wuwuse,
iya bener ujarira,
lah payo padha seba,
saksana sareng lumebu,
Komasaris lawan Amral.

Punggawa pinanggih sepi,
miwah Dipati Samarang,
neng pondhoke dhewe-dhewe,
Sang Nata kapanggih lenggah,
anulya Tuwan Amral,
tumameng ngarsa Sang Prabu,
mandhek sarwi tetabeyan.

Tuwan Amral matur aris,
pukulun Sri Naranata,
inggih kawula ing mangke,
anglampahi karsa Nata,
parentahipun Jendral,
nadyan dhatenga ing lampus,
nglampahi karya panduka.

Lebura saengga siti,
wadya kumpeni sadaya,

PNRI Balai Pustaka

tan atilar Sang Akatong,
nanging panuwun kawula,
wontena sih panduka,
dhateng kumpeni pukulun,
sinten kang den arsa-arsa.

Wonten Nagri Tanah Jawi,
anjawi kucah Panduka,
panuwun kula ing mangke,
yen lega galih Narendra,
nuwun uwos kewala,
sewu koyan cacahipun,
inggih saben-saben warsa.

Dadosa tedha kumpeni,
kang njagi Paduka Nata,
sanget pangajeng-ajenge,
wadya kumpeni sadaya,
ing sih Panduka Nata,
yata samana Sang Prabu,
tan mojar manthuk kewala.

Amral sigra anenulis,
ngaturi serat pratandha,
yen sampun saguh Sang Katong,
ature wus katarima,
nulya urmat sanjata,
swaranya lir gunung rubuh,
ping pitu ambal-ambalan.

Kagyad kang para bupati,
mirsa swaraning sanjata,
anarka yen ana gawe,
sigra-sigra nulya sowan,
marang ing pasanggrahan,
Amral sampun pamit mantuk,
marang ing pondhokanira.

PNRI Balai Pustaka

Sagung kang para bupati,
wus prapta ngarsa Sang Nata,
Narendra lon timbalane,
dhateng Dipati Samarang,
heh Ki Besan si Amral,
mau aseba maringsun,
lan si Kenol aklaladan.

Tinutur ature ugi,
gegetun Sang Adipatya,
Suradimenggala ture,
mila wau Jeng Panduka,
animbali kawula,
wontena amba pukulun,
supados lamun dhatenga.

Anuhun duka Narpati,
Gusti kumpeni punika,
sakalangkung neracake,
den rinojong aturira,
apan sangsaya-saya,
angelanjak aturipun,
Sri Narendra pangandika.

Sarya angungun Narpati,
sapuluh-puluh kisanya,
apa kang cinatur maneh,
dene ujar wus kalakyan,
besuk maning Ki Besan,
den ati-ati ing kalbu,
Sang Nata wus masanggrahan.

Agantya ingkang winarni,
Ki Apatih Sumabrata,
pan sampun kandel ing akeh,
wus jero lelarenira,
gegaman amelatar,
ing kali Caging nggenipun,

PNRI Balai Pustaka

kang baris mepeti marga.

Sanjata sampun rinakit,
Ki Apatih Sumabrata,
sampun miyarsa wartine,
yen Sang Nata sampun budhal,
saking Nagri Samarang,
balanira kadya tedhuh,
masanggrahan ing Ungaran.

Pra punggawa den undhangi,
prasamya kinen sanengga,
Siyagaa ing jurite
Ki Arya Mandurareja,
matur mring Sumabrata,
ndaweg miyosi prang pupuh,
medal sangking pabitingan.

Ki Apatih anauri,
pan kawula boten rembag,
medal sangking bitingane,
nedya amempen kewala,
sajroning pabitingan,
nanging kang dadya panganjur,
ing yuda kang miyosana.

Lamun katemper ing jurit,
ngungsi ing pabitingan,
lan sanak manira kabeh,
den sami angantep yuda,
utamane wong priya,
pejah madyaning prang pupuh,
mungguh ing swarga kang mulya.

Myang sagung para dipati,
ajana tinggal galanggang,
miwah para mantri kabeh,
sampun wonten kang ngucira,
aneng madyaning rana,

PNRI Balai Pustaka

pra punggawa saur manuk,
tan sedya mungkur ing yuda.

PNRI Balai Pustaka

II. Pangkur. 2)

Kyana Patih Sumabrata,
wus mupakat yen ngantep ing jurit,
sanjata tinata gupuh,
neng balowartinira,
Arya Banyakwidhe wau kang tinuduh,
kang dadya panganjur yuda,
lan Pangran Balitar nenggih.

Lan Pangeran Surabaya,
punggawa tri kinen medali jurit,
dyan budhal sawadyanipun,
nengna wong Kartasura,
Jeng Sinuhun Pakubuwana winuwus,
ingkang lagya masanggrahan,
aneng ing Ungaran nenggih.

Injing anembang tengara,
wadya gumrah yen tinon angajrihi,
kriciking watang atarung,
pinirsa kadya belah,
ing pratala wong Päkubuwanan gregut,
myang sagung para punggawa,
sawadya siyageng kardi.

Naradipati ngandika,
ari emas Mandura mringa ngarsi,
sapa ingkang dadi cucuk,
ing yuda kang prayoga,
Panembahan ing Mandura nembah matur,
lamun marengi ing karsa,
anak kawula Dewa Ji.

Inggih pun Suradiningrat,
aprayogi dados cucuking jurit,
angirid gegaman sewu,
kang samya pepilihan,

PNRI Balai Pustaka

akanthiya Arya Jayapuspiteku,
lan pun Panji Surengrana,
katri sura ing ajurit,

Sang Nata mesem ngandika,
sutengulun Suradiningrat aglis,
Arya Jayapuspiteku.
lawan si Surengrana.
lah katiga sira ingsun karya cucuk.
nanging ta wewekasingong.
kalamun katemper jurit.

Angungsiya aneng wuntat,
aywa ngamuk eman menawa mati,
nadyan tumeka ing lampus,
iya bareng lan ingwang.
lebur-luluh ingsun datan arsa kantun,
lawan sanak-sanakira.
kang samya asih ing marni.

Yata prayayi katiga,
amiyarsa pangunandikaning gusti,
sigra anungkem ing suku,
matur sarwi karuna.
leheng abdi paduka pejah rumuhun,
wonten madyaning ranangga,
paduka lulus dadya Ji.

Amangku rat Tanah Jawa,
Sri Narendra welas dennya ningali,
katiga samya rinangkul,
uwis sira menenga,
liwat-liwat katiga tarimaningsun,
lah payo sira mangkata,
kang kinen tiga wotsari.

Katiga wus sami budhal,
saha bala samya gambireng jurit,

PNRI Balai Pustaka

ing wingking sigra sumambung,
Amral kang dadya dhadha,
Panembahan kang dadya pangawatipun,
asisih Sang Adipatya,
ing Surapringga prajurit.

Sigra budhal Sri Narendra,
ginarebeg sagung wadya pasisir,
nitih kuda ules gepung,
pinanganggen tulya bra,
wadya Pakubuwana prayitneng kewuh,
tan tebih lan gustinira,
prasetya bareng ngemasi.

Wadya Sampang Surabaya,
pan Panambang kang ngapit kanan kering,
rumeksa marang Sang Prabu,
tan milya ing gustinya,
wadyabala pasisir ingkang sumambung,
gumerah swaraning bala,
amor pangriking turanggi.

Asring unining gamelan,
tan pangruwan pinirsa amelingi,
amor betining lelayu,
kasilir samirana,
amber ngara-ara marga tyas supenuh,
yata wau kawarnaa,
kang dadya cucuking jurit.

Rahaden Suradiningrat,
lawan Arya Jayapuspita nenggih,
wus panggih samya pangayun,
wus samya ing ngayuda,
Pangran Suraba ya nenggih mungsuhipun,
lawan Pangeram Balitar,
ararne dennya njuriti.

Sigra satriya katiga,

PNRI Balai Pustaka

sareng mangsah kang katrajang angisis,
wong Kartasura kalampus,
datan mangga puliha,
sigra Pangran Balitar sigra lumayu,
angungsi ing pabitingan,
umatur dhateng ki patih.

Lamun mengsahira prapta,
Raden Sumabrata tengara aglis,
bendhe tinembang angungkung,
teteg kadya butula,
wadyeng Kartasura prayitna ing kewuh,
myang sagung para punggawa,
samya ngantep ing ajurit.

Kang wadya Srageni sigra,
kinen minggah dhateng ing balowarti,
mariyem pinasang gupuh,
malela kalantaka,
sigra Raden Suradiningrat manempuh,
lawan Panji Surengrana,
myang Arya Japuspiteki.

Satriya tiga tumingal,
lamun mungsuhira mempen neng biting,
tanpa wilangan kehipun,
mojar Jayapuspita,
heh wong Surabaya menenga karuhun,
apan dudu bobotira,
angrangsanga balowarti.

Padha ngantenana wuntat,
Tuwan Amral ingkang wadya kumpeni,
Panji Surengrana muwus,
sampun kalehan akal,
nadyan kathah wong Kartasura ngong purun,
kakang panduka neng wuntat,
kawula cacake dhingin.

PNRI Balai Pustaka

Ciptaning manah kawula,
yen ngong bobot mengsah punika maksih,
sihing Nata kirang mungsuh,
mesem Jayapuspita,
Raden Suradiningrat asru amuwus,
abener ujar punika,
sigra angatak prajurit.

Sumahak wong Surabaya,
lawan wadya Mandura golong pipit,
wong Kartasura agupuh,
kang mariyem pinasang,
swaranira pinirsa lir gunung runtuh,
lela miwah kalantaka,
kang sunapan bareng muni.

Peteng madyaning ranangga,
apan dhedhet dening kukusing bedhil,
wadya Sampang Surengkewuh,
binondrongan sanjata,
nora kundur sangsaya sura lumayu,
wus ngrampet biting-bitingan,
wus angrangsang balowarti.

Kawarnaa Sri Narendra,
amiyarsa swaraning bedhil muni,
sanjata lir gunung rubuh,
surak ambal-ambalan,
Jeng Sinuhun anarka yen sampun nempuh,
kang dadya pangarsa samya,
langkung marmengireng galih.

Ginelak lampahing bala,
sigra prapta nenggih ing Kali Cacing,
kumpeni lumampah ngayun,
ira Sri Naranata,
wadyeng Sampang miwah wadyeng Surengkewuh,
katingal marang Sang Nata,

PNRI Balai Pustaka

yen sampun angrangsang biting.

Balowartine rinangsang,
wadyeng Kartasura sareng mbedhili,
akathah kang nandhang tatu,
wong Sampang Surabaya,
Panji Surengrana awas dennya ndulu,
lamun balanira rusak,
bramantyanira tan sipi.

Tumurun sangking turangga,
Raden Suradiningrat anauri,
Arya Jayapuspiteku,
mangsah sareng angucap,
heh wong Surabaya ajana kang mundur,
lah mara sira idaka,
bungrahen kang balowarti.

Sumahab wong Surabaya,
balowartinira kang den unggahi,
apan sapaanjat lawung,
munggah ing pabitingan,
yen sinawang kadya sumpil ngrubeng watu,
tan sedya mundur ing rana,
sanjata tanna tinolih.

Atarung lawung kewala,
ting barengkuh sami arebut biting,
ya ta wau Sang Aprabu,
arsa angawaki yuda,
awlas miyat marang wadyeng Surengkewuh,
lawan wadya ing Mandura,
kangelan arebut biting.

Apan kekathahen lawan,
Sri Narendra amepak ingkang abdi,
wong Pakubuwanan nggregut,
atap munggeng ing ngarsa,

PNRI Balai Pustaka

Ki Apatih Cakrajaya munggeng ngayun,
acaos ing ngarsa nata,
Ki Wiracana tan kari.

Miwah Ki Wirasantika,
Kyai Citrasoma linggih kapering,
angandika sang Aprabu,
heh Sobah sun atanya,
kakangira si Malim datan kadulu,
kang tinanya atur sembah,
abdidalem nandhang sakit.

Kabedhilen sukunira,
langkung sanget datan bisa lumaris,
Sang Nata langkung gegetun,
ngandika mring Apatya,
wus pinasthi karsaning Hyang Mahaluhur,
si Malim adoh kang begja,
yekti tan dadi bupati.

Sri Narendra majeng sigra,
karsanira angantep ing ajurit,
yen katemper ingkang mungsuh,
sedya seda ing rana,
Ki Paleret ingasta dhateng Sang Prabu,
myang dhuwung Ki Mesanular,
cinothe munggeng ing kering.

Bala Sampang Surabaya,
kang rumeksa kanan-kering narpati,
mulat marang Sang Aprabu,
arsa ngawaki yuda,
sigra mangsah anglancangi marang ngayun,
tandange lir singa rodra,
sareng mangsah ngrangsang biting.

Tanapi Amral Sapilman,
sigra ngatak marang bala kumpeni,

PNRI Balai Pustaka

pareng denira manempuh,
panggah wong Kartasura,
Ki Adipati Sumabrata neng pungkur,
lawan Ki Mandurareja,
eca lenggah den payungi.

Ki Arya Jayapuspita,
wus malebet marang sajroning biting,
myang Panji Surengraneku,
Raden Suradiningrat,
bala Sampang Surabaya sareng mudhun,
marang jroning pabitingan,
Ki Patih awas ningali.

Yen wong Sampang Surabaya,
wus malebet marang sajroning biting,
langkung ing adukanipun,
sigra ngrekaken bala,
wadya Kartasura sareng dennya nempuh,
myang para mantri sadaya,
pareng mangsah ing ajurit.

Wadya Sampang Surabaya,
tan agingsir kalih sura ing jurit,
aram e agenti lawung,
weneh pedhang-pinedhang,
putung watang ararne suduk-sinuduk,
aruket denira yuda,
ararne keris-kineris.

Bala Sampang Surabaya,
tandangira lir buta olih daging,
anigas sarwi anuduk,
rusak wong Kartasura,
sira Arya pangamukira angiwut,
myang Apanji Surengrana,
pangamuke ngobrak-abrik.

PNRI Balai Pustaka

Gumer madyaning ranangga,
lir kiyamat panguwuhe wong kanin,
Ki Arya pangamukipun,
muka kuthah ludira,
pirang-pirang wong Kartasura kang lampus,
kang bangke sungsun atumpang,
tinon lir babadan cacing.

Wong Sampang lan Surabaya,
kacarita laku ingkang ngemasi,
nanging datan pinilaur,
pan ingidak kewala,
mring kancane prasamya arebut mungsuh,
giris bala Kartasura,
ningali wong Surengwesthi.

Miwah kang wadya pangawat,
Panembahan apan ngobongi biting,
myang Dipati Surengkewuh,
angawet balanira,
Ki Apatih Sumabrata a was ndulu,
yen liningkung barisira,
sigra anginger turanggi.

Miwah sagung pra punggawa,
wus lumayu sami arebut dhingin,
Ki Apatih datan kantun,
wadya lit asar-saran,
bala Sampang sareng asurak gumuruh,
kadya karengeng awiyat,
tanapi wong Surengwesthi.

Sinusulan ing sanjata,
mring kumpeni gumrudug ambedhili,
sadaya gugup lumayu,
punggawa Kartasura,
kawarnaa kang abaris Bayawangsul,
sagung kang para sentana,

PNRI Balai Pustaka

abanjeng denira bans.

Pangeran Arya Mantaram,
kang minangka senapatining jurit,
pan ing nguni jangjinipun,
lawan putra Sang Nata,
Jeng Pangeran ananggulangi prang pupuh,
lan raka kang madeg nata,
kang jumeneng ing Semawis.

Pangebang-ebanging nata,
ingkang paman kalamun menang jurit,
sinung bangbang alum-alum,
lawan sabin saleksa,
dhedhak merang Nagri Tanah Jawa besuk,
mring Pangran Arya Mantaram,
marmane ageng kang galih.

Gegamanira malatar,
pra santana kang wonten Bayalali,
lagya sami gunem atur,
Pangran Arya Mantaram,
Ki Apatih Sumabrata sigra rawuh,
lawan sagunging punggawa,
kang mentas kasoran jurit.

Geger wadya kang barisan.
pan katunjang palayune Ki Patih,
dipun nyana mungsuh rawuh,
mila geger puyengan,
Ki Apatih Sumabrata sampun tundhuk,
lan Pangran Arya Mantaram,
tetanya dhateng Ki Patih.

Kados pundi ingkang warta,
dene sigra-sigra prapteng mariki,
kang tinanya alon matur,
angger tiwas ing yuda,

PNRI Balai Pustaka

pan kawula amengsah lan Surengkewuh,
miwah bala ing Mandura,
lawan bala ing kumpeni.

Pun Amral amawi bala,
tiyang Ambon Makasar Bugis Bali,
lir rewanda tandangipun,
balowarti rinangsang,
miwah wadya Mandura lan Surengkewuh,
pangamuke kadi yeksa,
boten mundur den bedhili.

Kadange pun Adipatya,
Surapringga ingkang dadya tetindhih,
kalawan atmajanipun,
pun adhi Cakraningrat,
pan katiga pangamukipun angiwut,
datan pasah dening braja,
kawula giris ningali.

Datan kena pinanggahan,
sasolahe kadi wong potang gething,
myang wong pasisir supenuh,
nenggih tanpa wilangan,
jeng pangeran amiyarsa aturipun,
Kyana Patih Sumabrata,
kelangkung ngenes kang galih.

Pangeran alon atanya,
pinten kehe mengsah kang pejah jurit,
Patih Sumabrata matur,
angger inggih atusan,
agung-alit kapejah madyaning pupuh,
myang mengsah kathah kang pejah,
atusan yen winitawis.

Lagya eca paguneman,
pan kasaru ponang telik kang prapti,

PNRI Balai Pustaka

pun Wiragati ranipun,
tumameng ngabyantara,
Jeng Pangeran Arya Mantaram andangu,
kayaparan lakunira,
Wiragati ingsun tuding.

Kang tinanya aturira,
inggih sampun kawula kesah nelik,
andombani lampahipun,
raka kang madeg nata,
pan ing mangke neng Salahtiga Sang Prabu,
amakuwon saha wadya,
miwah punggawa pasisir.

Pepak wonten Salahtiga,
ingkang dadya pamugarining jurit,
Panembahan Mandureku,
lawan pun Dipatya,
Surabaya kalih dadya agul-agul,
dhinahar saaturira,
dhateng rakanta Sang Aji.

Pun Adipati Jangrana,
abebala tigangewu prajurit,
sami tiyang gedhug timbul,
miwah pun Cakraningrat,
pan ambekta wong Mandura tigangewu,
aran wadya Dulangmangap,
tanapi bala kumpeni.

Penuh wonten Salahtiga,
tiyang Ambon Bali Makasar Bugis,
wonten dene rembagipun,
gusti Sri Naranata,
mring punggawa lamun katemper ing pupuh,
akundur dhateng Samarang,
karsane malebu geni.

PNRI Balai Pustaka

Yen tan bedhah Kartasura,
datan sedya apradangdana malih,
sampun gilig rembagipun,
sagung para punggawa,
tuwin wadya lan Dipati Surengkewuh,
lawan Panembahan Sampang,
kalih sedya pejah jurit.

Lan raka Panduka Nata,
karsanipun sarempon lan kang rayi,
suka seda kang para rum,
Pangran Arya Mantaram,
amiyarsa ponang duta aturipun,
langkung ngenes manahira,
Ki Sumabrata wus pamit.

Mantuk marang Kartasura,
sakathahe wadya punggawa nenggih,
kang kawon mentas prang pupuh,
tumut dhateng apatya,
Kangjeng Pangran Arya Mantaram winuwus
sumana lali ngubaya,
saking ngrese ingkang galih.

Dadya pikiran ing driya,
angur ingsun karya becik dhingin,
marang kakang Sang Aprabu,
ya ta nuli utusan,
marang abdi keraket kang dipun utus,
aran Ki Wangsamenggala,
pan sampun wineling-weling.

Caraka wus lumaksana,
tan kawarna ing marga sampun prapti,
Salahtiga kang jinujug,
Panembahan Mandura,
sira Wangsamenggala sigra cumundhuk,
lawan Panembahan Sampang,

PNRI Balai Pustaka

wus katur ingkang weweling.

Ing raka Pangran Mantaram,
Panembahan langkung trustha ing galih,
earaka binakta gupuh,
sowan mring Panembahan,
kawarnaa wau Kangjeng Sang Sinuhun,
Susunan Pakubuwana,
kang lagya siniweng dasih.

Ki Apatih Cakrajaya,
wus araos aneng ngarsa narpati,
lawan Sujanapureku,
jajar lan Wiracaraka,
Ki Ngabehi Wirasantika tan kantun,
myang Tumenggung Citosoma,
wus munggeng ngarseng narpati.

Ki Adipati Jangrana,
aneng ngarsa lan Dipati Semawis,
angandika Sang Aprabu,
heh Ki Besan Samarang,
bala Sampang miwah bala Surengkewuh,
panyananingsun kasoran,
duk aprang arebut biting.

Yen kasoran upamaa,
karsaningsun arsa ngawaki jurit,
Ki Jayapuspita matur,
abdidalem sadaya,
sampun miris dene kekathahen mungsuh,
nunten amba mangsah dharat,
kalawan pun adhi Panji.

Tuwin pun Suradiningrat,
wong tetiga sareng lumebet biting,
nunten abdi dalem purun,
sami ngamuk sadaya,

PNRI Balai Pustaka

mangsah dalem wong Kartasura apengkuh,
acaruk dhuwung kewala,
abdi dalem kathah kanin.

Miwah bala Kartasura,
kathah pejah wangke sungsun atindhih,
langkung suka Sang Aprabu,
miyarsa aturira,
Arya Jayapuspita ginanjar dhuwung,
tuwin Dyan Suradiningrat,
myang Surengrana Apanji.

Katri ginanjar busana,
Panembahan Mandura sigra prapti,
tumameng byantara Prabu,
manembah ing suku Sang,
lunggyeng ngarsa Panembahan sigra matur,
patikbra atur uninga,
rayi paduka dewaji.

Pangeran Arya Mantaram,
aputusan mring kawula narpati,
pan punika dutanipun,
angandika Sang Nata,
heh kongkonan sira prapta pa ing wuwus,
marang rayi mas Mantaram,
punang duta matur aris.

Gusti kawula dinuta,
ing arinta Pangran Arya Mantawis,
ngaturaken sembahipun,
lawan kang pejah gesang,
ri paduka gusti pan arsa anungkul,
sedya aprang gegorohan,
dene padhange kang margi.

Sampun kuwatir paduka,
rayi dalem ingkang mengani margi,

PNRI Balai Pustaka

langkung suka Sang Aprabu,
miyarsa turing duta,
Jeng Susunan pangandikanira arum,
yen mangkono yayi emas,
wurung ngayomi mring marni.

Heh duta sira matura,
umatura sira marang Si Adhi,
yen estu panungkulipun,
iya lewih prayoga,
sun tarima dene cumundhuk ing kayun,
Wangsamanggaia tur sembah,
sigra mentar tan akari.

Nengena ingkang caraka,
pendhak enjing budhal Sri Narapati,
swaraning bala gumuruh,
lir obah kang pratala,
kadya saban bala Mandura agergut,
kumpeni kang dadya dhadha,
Panembahan munggeng kering.

Ki Adipati ingrana,
munggeng kanan sawadya Surengwesthi,
dene ingkang dadya cucuk,
para putra Mandura,
atanapi para kadang Surengkewuh,
ya ta ingkang kawarnaa,
Pangeran Arya Mantawis

Gegaman sampun tinata,
amalatar prapta Kentheng kang baris,
tanpa wilangan dinulu,
bala ing Kartasura,
sigra prapta wong Surabaya anempuh,
miwah wadya ing Mandura,
lir danawa oleh daging.

PNRI Balai Pustaka

Dhadhal bala Kartasura,
senapatinira lumaku dhingin,
wadya lit sareng lumayu,
samya asalang-tunjang,
kadya belah kang pratala swaranipun,
garubyuge wong lumajar,
watang samya den putungi.

Bala Sampang Surabaya,
samya ngungsir rebut bandhangan sami,
ya ta wau kang winuwus,
Tumenggung Wiraguna,
abebiting neng Ngasem sabalanipun,
gegaman abra asinang,
jagange sampun rinakit.

Susunan Mangkurat Emas,
sedyanira karsa ngawaki jurit,
ing Ngasem denira methuk,
yudanira kang paman,
arerempon karsanira Sang Aprabu,
aneng salebeting kitha,
sampun geganjar kang abdi.

Myang wong Kadipaten lama,
wus ginanjar sabuk wastra kulambi,
pira-pira ingkang metu,
donya saking jro pura,
myang busana ingkang sami adi luhung,
gambira wong Kartasura,
abaris neng pancaniti.

Kang langkung sami prayitna,
abrasinang panganggone kang abdi,
dene kang den ayun-ayun,
Pangran Arya Mantaram,
ingkang dadya senapatining prang pupuh,
manggalaning ing ayuda,

PNRI Balai Pustaka

amapak mengsah kumpeni.

Sanggupe mring putra nata,
saguh purun ing prang arebut jodhi,
nanggulang mungsuh kang rawuh,
mila ingambil besan,
mring Sang Nata sumungkem ing galihipun,
marmane Den Ajeng Wulan,
pinanggihaken ing nguni.

Lan putra ing Mantaraman,
Raden Suryataruna kang wewangi,
krama paman Sang Dyah Ayu,
antuk sih-asinihan,
milanipun Sang Nata ngandel kalangkung,
mangsa ta nora tresnaa,
marang putrane sayekti.

Kadang kalawan atmaja,
ingkang masthi awrat putra sayekti,
lawan sihira kelangkung,
Sang Nata mring kang paman,
sakathahe wadya tan nyana tyasipun,
Yen Pangran Arya Mantaram,
mangke maring ingkang galih.

Lagya eca nata bala,
pan kasaru praptane para mantri,
ingkang mentas kapalayu,
myang sagung pra santana,
gumarudug lumayu arebut lurung,
anunjang ing pabarisan,
pati-pati babentusi.

Pangeran Arya Mantaram,
prapteng Ngasem asru denira angling,
heh wadya Kartasureku,
kabeh padha bubara,

PNRI Balai Pustaka

lumayuwa padha rebuta gustimu,
lah sapa bature kendhang,
ingsun tan kawawa jurit.

Mungsuh kumpeni lan Sampang,
sigra kyai Wiraguna anenggih,
dyan anginger kudanipun,
anander mring kadhatwan,
sakathahe wadya pan sami kalunglun,
mring Pangran Arya Mantaram,
sigra tumameng mring puri.

Wus panggya lan Sunan Emas,
Jeng Pangeran tebah jaja saryangling,
aso denira amuwus,
Anak Prabu pun bapa,
katiwasan kawon gen kawula pupuh,
amengsah dede sesanggan,
myang wadya kathah ngemasi.

Saking kathahe kang mengsah,
rencang kedhik mila datan kuwawi,
yen suwawi Anak Prabu,
sampun angeca-eca,
daweg linggar sadinten mangke den gupuh,
bilih kasesa ing lampah,
mengsah dika sunwatawis.

Ing sadinten mangke prapta,
ponang mengsah datan kiniwin alis,
awendran ing kathahipun,
dene paman andika,
sampun lali tan emuí amengsah sunu,
kalimput ing kawibawan,
legine wong ngemut gendhis.

Miwah mengsah dede bangsa,
Bali Bugis miwah bala kumpeni,

PNRI Balai Pustaka

kagila-gila prangipun,
wong Sampang Surabaya,
datan anggop kumpeni pambedhilipun,
sampuna emut kewala,
atilar ing Sri Bupati.

Upami kula pogoke,
kalampahan pun bapa angemasi,
wong ing Sampang Surengkewuh,
malah sesumbarira,
Cakraningrat miwah pun Jangrana wau,
heh batur yen oleh sira,
santana Karatasureki.

Ajana sira prajaya,
wudanana tanapi Sang Narpati,
lamun kasambuting pupuh,
den age wudanana,
si tunggangena kebo sarwi mungkur,
Sang Nata sareng miyarsa,
tuture kang paman uning.

Langkung gugup manahira,
ingkang paman asru denira angling,
Allah daweg Anak Prabu,
sami rebut Koripan,
pinten banggi angger benjing saged wangsul,
dhateng prajeng Kartasura,
sok angger maksiha urip.

Mangsa ta kiranga akal,
milanipun Pangran Arya Mantawis,
kadya makaten turipun,
dedimene kang putra,
glis akendhang suwawi angger den gupuh,
kawula kang aneng wuntat,
ingkang ngawali ing jurit.

PNRI Balai Pustaka

Lawan pun paman Panular,
myang pun paman Natakusuma inggih,
bilih kasampok ing laku,
kawula kang nanggulang,
dadya kawal neng wingking nanggulang pupuh,
Sri Narendra kagegeran,
myarseng kang paman turneki.

Yata sakeh para garwa,
sareng nangis gumer sajroning puri,
pawongan adandan sampun,
oter gumer puyengan,
gelung lukar sasampur wudhar tan ketung,
gugup prasamya karuna,
kasusu Sri Narapati.

Pasthi karsaning Hyang Suksma,
Susunan Mas pocot kapraboneki,
sigra bubar Sang Aprabu,
gumer tangising garwa,
Sri Narendra samana semu wetu luh,
pan tansah tinenggak-tenggak,
sampun miyos saking puri.

Jengkar saking ing nagara,
pra punggawa miwah mantri angiring,
ing dina Kemis anuju,
ping pitu ingkang tanggal,
pan Jumadilakir nenggih sasinipun,
amarengi ing Jimawal,
apan ta ing mangsa katri.

Ngetan medal ing Laweyan,
ngidul ngetan Giyanti kang den jogi,
myang Kaduwan larugipun,
nengena ingkang kentar,
Kang Sinuhun Pakubuwana winuwus,
pan sampun amasanggrahan,

PNRI Balai Pustaka

ing Banger duk kang pun iki.

Rerem sadalu Sang Nata,
injang budhal saha bala lumaris,
lan wong Sampang Surengkewuh,
prasamya angrerayah,
ambeboyong tiyang Mandura arusuh,
weneh minta bebrekatan,
yen ora weh awudani.

Lestari ing lampahira,
masanggrahan nata neng Majalegi,
ing dina Jumungahipun,
ping wolu tanggalira,
tunggil wulan lan kang putra kendhangipun,
ganti sadalu kewala,
gennya rereb Sri Bupati.

Sipeng sadalu Sang Nata,
enjing budhal saking ing Majalegi,
ya ta wau kang winuwus,
Pangran Arya Mantaram,
lan Pangeran Natasuma datan kantun,
myang Pangran Arya Panular,
kang kantun aneng nagari.

Sira pangeran tetiga,
arsa methuk marang Sri Narapati,
prasamya asaos suguh,
aneng warung Kalitan,
Tuwan Amral Sapilman nulya arawuh,
panggih lan Pangran Mantaram,
myang Dipati Surengwesthi.

Tuwin Penembahan Sampang,
cundhuk sami lawan Pangran Mantawis,
Amral Sapilman amuwus,
wonten pundi Sang Nata,

PNRI 6p Balai Pustaka

Jeng Pangeran Arya Mantaram sumaur,
wus tinutur solahira,
miwiti malah mekasi.

Amral trusthi amiyarsa,
ing wartane Jeng Pangeran Mantawis,
ya ta sinegahan sampun,
apan sami adhahar,
pra punggawa miwah Amral dhahar nutug,
anulya para prawira,
pan kinen anedha sami.

Waradin dhateng rarembat,
kang sesegah nenggih pangeran katri,
Amral samana wus laju,
lan Panembahan Sampang,
Adipati Surabaya datan kantun,
ing alun-alun wus prapta,
Amral gegetun ningali.

Ningali Ki Sapujagat,
atanapi Si Kiyai Gunturgeni,
dene geng-ageng pinunjul,
datan kinarya yuda,
sira Amral munggah dhateng sitiluhur,
lajeng mring kori pamengka,
kepanggih dipun kancingi.

Katri tan purun ameksa,
ajrih marang Kangjeng Sri Narapati,
Amral Sapilman amuwus,
heh sira Panembahan,
akantuna lan dipati Surengkewuh,
manira bali amapag,
marang kangjeng Sri Bupati.

Dyan wangsul Amral Sapilman,
Panembahan kang tinanggenah wuri,

PNRI Balai Pustaka

lan Dipati Surengkewuh,
sami angrakit bala,
Panembahan karya baris sirnasiyung,
myang Adipati Jangrana,
tinata wong Surengwesthi.

Panembahan Cakraningrat,
gegamane apan awarni-warni,
kang dadya lelurahipun,
nenggih para sentana,
sawarnine sami rasukan baludru,
reta pan sami rinengga,
angangge kampuh kumitir.

Miwah bala Surabaya,
tan prabeda busananira asri,
dennya akarya sesiyung,
wiwit ing pagelaran,
prapta ing Kemlayan nenggih barisipun,
tengeran kinon asinang,
abra katiyup ing angin.

Wadya Sampang Surabaya,
barisira tinon lir gunung geni,
kawarnaa ingkang wangsul,
Sira Amral Sapilman,
prapteng Ngasem tundhuk lawan Sang Aprabu,
umatur dhateng Sang Nata,
yen pura pinanggih sepi.

Yen suwawi lawan karsa,
Sri Narendra ngadhatona tumuli,
angandika Sang Aprabu,
lah iya payo mangkat,
sigra budhal saking ing Ngasem gumuruh,
kadya ombaking samodra,
samya gambira ing galih.

PNRI Balai Pustaka

Sang Nata nitih dipangga,
cinarita angsalira Samawis,
raja Siyem kang tur-atur,
marang Susunan Emas,
Ki Dipati Semarang tan aweh langkung,
dadya ajrih kang utusan,
liman katur ing Nerpati.

Pinenglanan abra muncar,
pra punggawa angapit kanan-kering,
gegaman pasisir sampun,
dhingini lampahira,
anepungi wong Mandura barisipun,
tinata ponang gamelan,
sunapan wus den iseni.

Lampahira Sri Narendra,
sampun prapta ing alun-alun nenggih,
wadya Sampang Surengkewuh,
samya nabuh gamelan,
kang sanjata sunapan pinasang gupuh,
wus muni lir gunung rebah,
gong beri bendhe tinitir.

Lajeng samya abebeksa,
wadya Sampang miwah wong Surengwesthi,
gamelan umung gumuruh,
awor kriciking kuda,
Sri Narendra ing pagelaran wus rawuh,
tedhak saking ing dipangga,
para punggawa sumiwi.

Panembahan Cakraningrat,
Adipati Surabaya tan tebih,
Amral Sapilman tan kantun,
miwah kang para putra,
Sri Narendra minggah dhateng sitiluhur,
lajeng mring kori pamengkang,

PNRI Balai Pustaka

kang pintu maksih kinunci.

Kandheg lampahe Sang Nata,
sigra Amral kunci tinigas aglis,
yata menga punang pintu,
lajeng Sri Naradipa,
angadhaton para garwa wus lurnebu,
anuju dina Jumungah,
dennya ngadhaton Sang Aji.

Panembahan ing Mandura,
sigra matur marang Sri Narapti,
yen Pangran Mantaram nungkul,
lawan Pangran Panular,
tuwin Pangran Natakusuma wus nungkul,
tanapi wong Kartasura,
akathah kang samya balik.

Enengena Sri Narendra,
kawuwusa Pangeran Angabehi,
ing nguni apan kinantun,
marang Susunan Emas,
sagah milya ing raka sabaya lampus,
sarenge kendhang kang raka,
pangeran nyimpang ing margi,

Lan saputra-garwanira,
lajeng ngili marang ing desa Wedhi,
sareng ngadhaton Sang Prabu,
pangeran wus miyarsa,
wus adandan saha garwa arsa tundhuk,
mring rama Sri Naranata,
sigra budhal tan akari.

Datan kawarna ing marga,
prapteng praja wus katur ing nerpati,
saksana wau Sang Prabu,
putra wus tinimbalan,

PNRI Balai Pustaka

tumameng jro ing ngabyantara abukuh,
kalih samya onengira,
tuwin ingkang para ari.

Yekti matedhani surat,
mring kawulayen ndika den timbali,
saben-saben arsa mantuk,
Lopere Samarang,
angaturi pisan ping kalih ping telu,
Pangeran kaku tyasira,
panuju kapareng runtik.

Sampun karsaning Hyang Suksma,
ingkang rama lami tan animbali,
pangeran maksa yun mantuk,
Loperes datan suka,
kajuweten Loperes sanget turipun,
nuju pinareng ing duka,
dhasar prayayi bangbang pring.

Pangeran supe sakala,
subasita datan ana kaeksi,
Loperes nulya sinuduk,
jajanya kapisanan,
jeng pangeran sigra budhal tan asantun,
kang iku langkung sungkawa,
samarga sangu tatangis.

Dene solahe kang putra,
mendahane dukane Sri Bupati,
pangeran pan datan ayun,
mantuk mring Kartasura,
dadya nglalu tyasira laju mring Kedhu,
ngancik desa Kabakalan,
ajrih mring rama narpati.

Nenggih dhusun Kabakalan,
dhusunipun ingkang rama ing nguni,

PNRI Balai Pustaka

kala kapugeranipun,
ya ta Kangjeng Pangeran,
Prangwadana sampun madeg barisipun,
wong Kedhu suyud sedaya,
datan ana ingkang wani.

Sami anungkemi pada,
Jeng Pangeran Ngabehi semu tangis,
denira pisah tri taun,
mangkya lagya kapedhak,
myang Sang Nata kelangkung suka ing kalbu,
nahen ingkang sih-sinihan,
mangkana ingkang winarni.

Nenggih mangsuli carita,
duk Sang Nata budhal saking Samawis,
ingkang putra kinen kantun,
anjagani Samarang,
pan kumpeni datan eca manahipun,
yen nata tan tilar putra,
miai kantun neng Samawis.

Lan malihira pangeran,
anacahna mengsah kang saking wuri,
marmanipun kinen kantun,
putra andeling yuda,
Jeng Pangeran Prangwadana teguh timbul,
tan ana braja tumama,
mila tinanggenah wuri.

Tinilar lan ibunira,
pan ing mangke sampun miyarsa warti,
yen kang rama menang pupuh,
sampun manjing ing pura,
Jeng Pangeran arembagan lan Kang Ibu,
arsa nusul ingkang rama,
wus tanna pakewuhri.

PNRI Balai Pustaka

Kang Ibu nurut kewala,
wus adandan lawan sawadyaneki,
Loperes nulya umatur,
kang njaga ing Samarang,
nah ing angger sampun paduka ge mantuk,
yen ta dereng apatusan,
ramandika Sri Bupati.

Tan ana nglawani yuda,
Jeng Pangeran saya ageng kang baris,
watawis wong sangangewu,
sampun katur ing nata,
tuwin Amral Sapilman sareng umatur,
yen Pangeran Prangwadana,
anuduk Loperes mati.

Sang Nata kalangkung duka,
dyan parentah wadya Sri Narapati,
Panembahan Mandureku,
myang Dipati Jangrana,
kinen mbujeng mring Sunan Mas lampahipun,
Dipati Sujanapura,
tinuduh mring Kedhu aglis.

Angipuk marang kang putra,
marang dhusun ing Kabakalan nenggih,
dyan budhal sawadyanipun,
myang Panembahan Sampang,
sareng budhal lan Dipati Surengkewuh,
bala pasisir binekta,
kabangkekan dennya baris.

Kawarnaa Sunan Kendhang,
aneng Nglaroh asipeng tigang latri,
patih Sumabrata matur,
lamun wadya Mandura,
prapta ngungsir miwah wadya Surengkewuh,
Sunan Kendhang kagegeran,

PNRI Balai Pustaka

wus budhal bala lumaris.

Mangetan dhateng Kaduwang,
para mantri miwah para dipati,
kathah ingkang sami wangsul,
tundhuk maring Panembahan,
katarima punggawa denira nungkul,
katur dhumateng Sang Nata,
langkung suka Sri Bupati.

Kuneng gantya kawuwusa,
kang dinuta mring Kedhu aglis prapti,
dhusun Kabakalan wau,
Pangeran Prangwadana,
den aipuk dening Sujanapureku,
tan winama solahira,
pangeran tyasira gampil.

Nurut mring Sujanapura,
wus binekta marang Kartasureki,
sawadyanira tan kantun,
watawis tiyang nambang,
kang gegaman anjawi tetiyang pikul,
wus prapta ing Kartasura,
katur ing Sri Narapati.

Sang Nata merang ing naia,
ingkang putra kinen ngukum tumuli
linawe neng masjid agung,
Kang Ibu tumut bela,
mring atmaja langkung dennya kawlasayun,
kang mulat sami karuna,
yata kawarnaa malih.

Sira Panembahan Sampang,
kang angungsir mring Sunan Kendhang nenggih,
mangkya tinimbalan mantuk,
marang ing Kartasura,

PNRI Balai Pustaka

tuwin sira Adipati Surengkewuh,
dene kang putra wus tebah,
milane dipun timbali.

Bubar mantuk Panembahan,
atanapi punggawa para mantri,
lan Dipati Surengkewuh,
dene maritri punggawa,
Kartasura apan ingkang sami nungkul,
binakta mantuk sadaya,
miwah ingkang anak rabi.

Wus prapta ing Kartasura,
kawarnaa kangjeng Sri Narapati,
enjing miyos Sang Aprabu,
kang seba amelatar,
Ki Apatih Cakrajaya munggeng ngayun,
lawan Panembahan Sampang,
myang Jangrana Surengwesthi.

Dipati Sujanapura,
sampun nangkil munggeng ngarseng narpati,
Citosoma jajaripun,
Tumenggung Wirasana,
lan Tumenggung Jayaningrat jajaripun,
tanapi Kartanagara,
pepak wadya ing pasisir.

Pangeran Arya Mantaram,
nunggil lenggah Pangran Balitar nenggih,
Pangran Natakusumeku,
abukuh lungguhira,
para putra sadaya pepak ing ngayun,
miwah Pangran Dipatya,
Mangkunagara anangkil.

Myang Pangeran Purubaya,
jajar linggih lan Pangeran Ngabehi,

PNRI Balai Pustaka

Pangran Panular tan kantun,
Pangeran Upasanta,
miwah sira Pangran Dipanagareku,
Sri Naranata ngandika,
marang ing Sampang Dipati.

Kaya paran lakunira,
Anak Prabu samengko ana ngendi,
Panembahan nembah matur,
Gusti putra paduka,
inggih wonten ing Kaduwang larugipun,
dene sagung kang punggawa,
bupati taksih tut wuri.

Dhateng ing putra panduka,
nanging mantri kathah wangsul ing margi,
suwita Paduka Prabu
ngaturaken tetekan,
namung kantur Mandurareja kang tumut,
kalawan pun Wiraguna,
lan Sumabrata Apatih.

Kalawan Mangkunagara,
arya tiron miwah santana Aji,
angandika Sang Aprabu,
heh Patih Cakrajaya,
sakehe punggawa kang samya anungkul,
iku padha lungsurana,
nanging Si Mangkuyudeki.

Sisiha Si Surataka,
pan si Surataka dadiyeng wuri,
myang si Natakusumeku,
tetepa lungguhira,
lan Sindurja maksiha dadi tumenggung,
lan yayi Arya Mantaram,
lan yayi Panular sigih.

PNRI Balai Pustaka

Maksiha kaya ing kuna,
duk jenenge Kakang Prabu ing swargi,
dene si Citrasomeku,
ingsun karya wadana,
gedhong kiwa kang tengen Wiracaneku,
miwah ta Ki Adipatya,
ingsun paringi lelinggih.

Limangewu alinggiha,
tuwin ki Purbaya ingsunparingi,
gawene wong telungewu,
Si Dipati Balitar,
telungewu dadiya lelungguhipun,
Ki Ngabehi Loringpasar,
ingsun paringi lelinggih.

Cacah desa kalih nambang.
anakingsun Ki Dipanagareki,
ingsun paringi wong sewu,
dene Ki Upasanata,
pan sanambang kang dadya lelungguhipun,
Ki Patih matur sandika,
ngandika Sri Narapati.

Kacatur ing Kartasura,
sampun tentrem manahe wadya alit,
atanapi Sang Sinuhun,
agelar palamarta,
ambeg santa-budya para amarsadu,
tan pegat adana darma,
eca manahe wong tani.

Yata wau Tuwan Amral,
wus tinundhung mantuk sakeh kumpeni,
komisaris ingkang kantun,
kumpeni kang tinilar,
kalihatus kang ajaga Sang Aprabu,
kapetanira satunggal,

PNRI Balai Pustaka

sira Dipati Samawis.

Tinundhung mantuk Samarang,
kinen njagi kumpeni aneng margi,
nengena kang samya mantuk,
kocapa Sunan Kendhang,
wus utusan Sang Nata amundhut bantu,
marang Nagri Pasuruhan,
tan alami sampun prapti.

Utusane Surapatya,
pepatihe nenggih ingkang tinuding,
Ngabehi Lor Behi Kidul,
sira Susunan Kendhang,
sampun budhal saking Kaduwan Sang Prabu,
kapethuk aneng Dermalang,
lan dutane Surapati.

Wus panggih lawan Sang Nata,
Ngabehi Lor sampun samya apamit,
arsa lumaksaneng pupuh,
bedhahing Kartasura,
wus linilan sigra lajeng lampahipun,
datan kawarna ing marga,
desa Kamanggaran prapti.

Ana dene Sunan Kendhang,
lajeng marang Nagari Pranaragi,
Ngabehi Lor Behi Kidul,
kang baris Kamanggaran,
angrerayah wong desa samya lumayu,
angungsi marang jro kitha,
katur marang Ki Dipati.

Ing Sampang lan Surabaya,
lamun bala Pasuruhan ndhatengi,
Panembahan Mandureku,
nimbali para putra,

PNRI Balai Pustaka

atanapi para kadang Surengkewuh,
kinen sami apradandan,
sakapraboning ajurit.

Gambira kang para putra,
atanapi punggawa ing pasisir,
sadaya pan kinen mantuk,
marang ing adilaga,
kacarita dereng wonten ingkang campuh,
maksih aneng Kartasura,
sagung bupati pasisir.

Ki Arya Jayapuspita,
miwah Raden Suradiningrat nenggih,
myang Raden Surengraneku,
katri dadya manggala,
sigra budhal wadya Surabaya gargut,
tanapi bala Mandura,
datan kawarna ing margi.

Prapta ing Warungweloda,
wong Mandura pasisir samya baris,
cucuking mengsah wus rawuh,
nanging datan linawan,
apan pinrih deladak ing manahipun,
wus samya ajeng-ajengan,
nengena ingkang abaris.

Kawarnaa Sunan Kendhang,
sapraptane nagari Pranaragi,
agung cangkrama Sang Prabu,
ing wana myang ing toya,
para selir nenggih kawandasa wolu,
binakta kendhang Sang Nata,
manggung ketanggung kang rayi.

Miwah ingkang pepingitan,
pan akathah tur ing wingking Sri Bupati,

PNRI Balai Pustaka

samarga tansah gung lulut,
tan mantra lamun kendhang,
wong katemper yata wau Sang Aprabu,
wus amundhut garogolan,
mring Dipati Pranaragi.

Sira Raden Martawangsa,
wus asaos kidang menjangan kancil,
pirang-pirang kathahipun,
menjangan ingkang kina,
ing bethekan sampun miyos Sang Aprabu,
garwa binekta sadaya,
tanapi kang para selir.

Sakathahe wadya bala,
jejel pepet neng njawi bethek sami,
saksana wau Sang Prabu,
denira menthang langkap,
punang sangsam ingarah manah tumanduk,
sangsam kena sapisanan,
Raden Martawangsa aglis.

Malebu jro bebethekan,
punang sangsam kang kena ing jemparing,
winedalaken agupuh,
paksane Kidipatya,
Pranaraga sinambelehana ing kaum,
sangsam kang kenging sanjata,
katingal marang Sang Aji.

Lamun Raden Martawangsa,
manjing grogol langkung duka Sang Aji,
nulya kinen nyekel gupuh,
Dipati Pranaraga,
den kabari sigra aniba tan emut,
rinompa kang para putra,
yata kasaputing wengi.

PNRI Balai Pustaka

Sagunging para sentana,
Pranaraga datan saget ningali,
langkung sakit manahipun,
dene kedhik kang dosa,
sigra dandan karsanira soro amuk,
wus rembug para sentana,
saweneh ana kang angling.

Saprandene Kartasura,
pan wus ana ingkang jumeneng aji,
tur ambeg manah rahayu,
ngapura wong dedosa,
angasihi ing dasih kang setya tuhu,
tur sabar lila ing donya,
welas marang pekir miskin.

Iki ratu jajah lanat,
payo sanak padha ingamuk wani,
sigra sami kesah gupuh,
akambu marang wana,
bala Pranaraga sigra soro amuk,
Ki Adipati Sumabrata,
sampun uninga ing wadi.

Yen santana Pranaraga,
arsa ngamuk sigra matur Sang Aji,
kapiteng tyas Sang Aprabu,
langkung gugup ing nala,
nulya budhal angili dhateng Madiun,
wadya alit kagegeran,
pating kathether keh kari.

Kang kacandhak pinatenan,
wadya kasunanan kathah ngemasi,
wong Pranaraga agargut,
wus ageng barisira,
Sunan Kendhang sampun prapta ing Madiun,
pan sami ajeng-ajengan,

PNRI Balai Pustaka

lawan bala Pranaragi.

Wana Gegolong dennya prang,
long-linongan wadya lit kathah mati,
kuneng gantya kang winuwus,
para putra Mandura,
atanapi para kadang Surengkewuh,
lawan pasisir sadaya,
sampun campuh ing ajurit.

Lawan bala Pasuruhan,
Ngabehi Lor langkung sura ing jurit,
miwah Ki Ngabehi Kidul,
langkung dennya sudira,
aneng desa Ngaluyu denira campuh,
kalangkung ramene yuda,
kang wadya kathah ngemasi.

Nenggih kekathahen lawan,
Ngabehi Lor nenggih lumayu aglis,
wong Surabaya andulu,
palayune mangetan,
anjog Pamedhangan maksih den bebujung,
arsa dhateng Pranaraga,
Ngabehi Lor myarsa warti.

Yen Sunan Kendhang wus budhal,
mring Madiun Ngabehi Kidul nuli,
angalor sawadyanipun,
anjog ing Jagaraga,
bala Sampang maksih sami ambebujung,
Ngabehi Lor lajeng ngetan,
ing Madiun kang den jogi.

Barise wong Pranaraga,
sampun ngumpul lan baris Surengwesthi,
Sunan Kendhang sigra laju,
rerep neng Pranaraga,

PNRI Balai Pustaka

bala kilen mundur mring Kartasura wus,
kari wong mancanagara,
kang maksih kinen abaris.

Angajengaken ing Daha,
enengena kang baris ing Kadhiri,
Jendral Batawi winuwus,
nenggih ngaturi serat,
mring Sang Nata kang nawala sampun katur,
sigra wau tinupiksa,
dening panukmaning tulis.

Yen suwawi Susunan Mas,
lawan karsa nata sami denusir,
saparane tinut pungkur,
lawan Ki Surapatya,
pan linebur tekeng anak-putunipun,
wadya pasisir punika,
lah daweg sami kinerik.

Anggitika Pasedhahan,
pan kawula inggih saos kumpeni,
apan dhomas cacahipun,
ingkang nindhihi yuda,
abdidalem pun komasaris pukulun,
kapanujon Sri Narendra,
wus rembag para dipati.

Yata wau Sri Narendra,
animbali Dipati Surengwesthi,
Panembahan Mandureku,
tumameng kenya pura,
munggeng ngarsa kang tansah tinantun-kantun,
tanapi Kartanagara,
sakawan Rekyana Patih.

Dipati Sujanapura,

PNRI Balai Pustaka

munggeng ngarsa lan Ki Wiracareki,
angandika Sang Aprabu,
yayi mas ing Mandura,
amangkata ing Pasedhahan nglurug,
metua ing lor kewala,
anjoga ing Surengwesthi.

Anakingsun si Purbaya,
angluruga metua Pranaragi,
angiringena nakingsun,
wong pasisir kang kiwa,
sira kulup Purbaya dadi tetunggul,
yudane wong Kartasura,
siragawaa sapalih.

Kang putra matur sandika,
tan lenggana ing karsa Panduka Ji,
Panembahan Mandureku,
sampun aprajanjean,
lan Pangeran Purbaya semayanipun,
datan tulung-tinulungan,
pangeran wus pamit mijil.

Miwah sagunging prawira,
wus tinundhung sadaya samya mulih,
ing latri datan winuwus,
enjang anulya dandan,
Jeng Pangeran Purbaya budhal karuhun,
sinengkalan Sirna Guna,
Angrasani Wani Jurit.

Ingiring kang wadyabala,
lampahira tan kawarna ing margi,
arsa anjog ing Madiun,
mangetan mring Caruban,
Panembahan Mandura budhal gumuruh,
lan wadyeng pasisir kanan,
myang Dipati Surengwesthi.

PNRI Balai Pustaka

Ing marga datan winarna,
sampun prapta Nagari Surawesthi,
komasaris sampun kumpul,
lan Panembahan Sampang,
sigra budhal dhateng Pasuruhan gupuh,
gumerah wadya Mandura,
tan sedya mundur ing jurit.

PNRI Balai Pustaka

III. Durma. 3)

Dyan warnanen Dipati Wiranagara,
sampun miyarsa warti,
yen wong Surabaya,
lawan tiyang Mandura,
tanapi bala kumpeni,
saking ler prapta,
langkung denira runtik.

Surapati sigra anembang tengara,
para mantri glis prapti,
miwah para putra,
lawan para sentana,
wong Bali pepak neng ngarsi,
sampun siyaga,
sakapraboning ajurit.

Wadyabala Pasuruhan kadi yeksa,
solahira ngajrihi,
watawis saleksa,
sami wong wareg dana,
sigra budhal Sang Dipati,
saha turangga,
ginarebeg ing dasih.

Pan agargut tandange wong Pasuruhan,
datan kawarneng margi,
ing Bangil wus prapta,
sigra anata bala,
kawarnaa komasaris,
lan Panembahan,
Mandura prapteng Bangil.

Miwah sira Adipati Surabaya,
komasaris ningali,
lamun Surapatya,
barisira malatar,

PNRI Balai Pustaka

kelangkung trustha ing galih,
sampun tinata,
sakeh bala kumpeni.

Komasaris Kenol ingkang dadya dhadha,
Panembahan neng kering,
minangka pangawat,
Dipati Surabaya,
pangawatan anindhihi,
para punggawa,
pasisir wus pinilih.

Sareng nempuh wadya Sampang Surabaya,
miwah bala kumpeni,
sareng anyanjata,
bala ing Pasuruhan,
tumagah tan sedya gingsir,
campuhing yuda,
tan ana ngucap ajrih.

Ramene prang peteng madyaning paprangan,
dening kukusing bedhil,
bala Pasuruhan,
pengamuke manengah,
wadya kumpeni mbedhili,
wong Pasuruhan,
akeh longe kang mati.

Adipati Wiranagara tumingal,
yen wadya kathah kanin,
kang mati gelasah,
langkung dennya bramantya,
sigra umangsah tumuli,
kang para putra,
lir bantheng tawan kanin.

Raden Surapati arsa ngawakana,
yuda lawan kumpeni,

PNRI Balai Pustaka

wong Bali sumahab,
myang wadya Pasuruhan,
tan ana kang ngucap ajrih,
lir singalodra,
tandange mobat-mabit.

Sareng tanduk kumpeni sigra nyanjata,
maryem lan gutuk api,
myang bedhil sunapan,
bala ing Pasuruhan,
pengkuh ingurugan mimis,
pating jalempah,
wangke sungsun atindhih.

Adipati Wiranagara tan kewran,
binendrong dening bedhil,
sangsaya sudira,
pangamuke manengah,
wadya Bali tan atebih,
lan gustinira,
angamuk golong pipit.

Adipati Wiranagara lir yaksa,
kang tinarajang gusis,
anumbak anigas,
kumpeni kathah pejah,
Panembahan Mandureki,
tetulung sigra,
lawan bala pasisir.

Sigra nempuh wong Dulangmangap sumahab,
wong Bali datan gingsir,
ramene kang yuda,
genti tumbak-tinumbak,
saweneh agenti keris,
benggang ginebang,
ruket banting-binanting.

PNRI Balai Pustaka

Ramene prang tambah mungsuh lawan rowang,
wong Sampang lan wong Bali,
kalihe sudira,
sami wong wareg dana,
datan ana ngucap ajrih,
uning-uningan,
genti lembing-linembing.

Lir ampuhan swaraning wadya kabranan,
awor watang agathik,
ana sambat biyang,
kaki nini sinambat,
braja putung ting sarengkling,
kukus sundhawa,
peteng lir tengah wengi.

Swaraning kang senjata lir gunung rebah,
pratala gonjang-ganjing,
langit kelap-kelap,
wadyabala Mandura,
wong Dulangmangap keh kanin,
gampang suh sima,
den amuk mring wong Bali.

Kawarna Adipati Wiranagara,
pisah kalawan dasih,
barising Walanda,
wau kang tinarajang,
Surapati den bedhili,
pan ora pasah,
sangsaya ngamuk ngungkih.

Kinarubut Dipati Wiranagara,
ginitikan ing bedhil,
putung watangira,
sigra narik curiga,
kalangkung sura ing jurit,
Sang Adipatya,

PNRI Balai Pustaka

angamuk karo keris.

Pinendhangan Dipati Wiranagara,
mapan tan ora bucik,
sangsaya menengah.
pan anuduh uninga,
tumpes kang bala kumpeni,
pating sulayah,
kadi babadan pacing.

Cinarita wonten kapitan satunggal,
Pangenger kang wewangi,
kumpeni prawira,
ing sabrang tanpa sama,
nate ambedhah nagari,
Pangenger mulat,
kumpeni akeh mati.

Kapten Beber sigra mangsah ing ayuda,
panggih lan Surapati,
kapitan tetanya,
sapa ranmu prawira,
nauri Sang Adipati,
heh kapir ingwang,
ya ingsun Surapati.

Kang jumeneng Dipati Wiranagara,
prajurit sura sekti,
kang ngrusak Jakarta,
mara sira mbedhila,
Pabeber narajang aglis,
Sang Adipatya,
sigra wau binedhil.

Wanti-wanti sinanjata datan pasah,
malah telas kang mirnis,
Raden Surapatya,
sigra males anumbak,

PNRI Balai Pustaka

kapitan pan ora busik,
putung kang watang,
nulya anarik keris.

Ki Pabeber sigra dennya narik pedhang,
pinedhang wanti-wanti,
Raden Surapatya,
anging ta ora pasah,
sasana angunus keris,
anuduk sigra,
kapitan datan busik.

Pedhangira kapitan sampun binuwang,
dene dadi gulali,
sira Sang Dipatya,
curiganira sasta,
sawiji tan ana kari,
kang bandayuda,
dadya banting-binanting.

Surapati sigra cinakot kang jangga,
ilerira umili,
netesi sarira,
sigra Sang Adipatya,
emut yen patreme maksih,
wonten ing esak,
sigra wau den ambil.

Dyan tinarik Pabeber ginaco kena,
jaja bengkah ngemasi,
yata kapisanan,
komasaris tumingal,
lamun Pabeber ngemasi,
miris ing driya,
yata kasaput ing wengi.

Rowang mungsuh apan ta kathah kang pejah,
wong Dulangmangap enting,

PNRI Balai Pustaka

sira Panembahan,
sampun mundur lon-lonan,
yata wadyeng Surengwesthi,
kang maksih aprang,
rame rog silih-ungkih,

Winastanan dennya aprang gegorohan,
dhateng ing komasaris,
ginariting nala,
dening bala Mandura,
akathah ingkang ngemasi,
tuwin Walanda,
akedhik ingkang kari.

Nanging balanira Dipati Jangrana,
akedhik ingkang mati,
warnanen dipatya,
sira Wiranagara,
sampun amundhut turanggi,
arsa mundura,
dene wayah wus wengi.

Pun Papeling wastane ingkang turangga,
sigra dipun titihi,
kumpeni nyanjata,
Tin-tak ingkang kinarya,
mimise sajeruk legi,
pan mimis emas,
yata Sang Adipati.

Duk samana kena ing mimis kancana,
walikatira kering,
njola Sang Dipatya,
tan pasah kulitira,
ing jero karaos sakit,
Sang Adipatya,
Wiranagara runtik.

PNRI Balai Pustaka

Pun Pakeling sigra inginger mring ngarsa,
arsa mangamuk malih,
kang para santana,
sami angrangkul pada,
ana kang nyandhak kendhali,
samya karuna,
ature melasasih.

Para mantri prasamya matur sadaya,
sarwi atawan tangis,
Gusti Sang Dipatya,
sampun amagut yuda,
ing mangke sampun awengi,
ing benjang-enjang,
ndaweg amagut malih.

Sang dipati welas marang para putra,
sigra mundur tumuli,
den iring ing bala,
yata kang kawuwusa,
sira tuwan komasaris,
lan Panembahan,
langkung anglesing galih.

Sampun mundur barise tiyang Mandura,
tuwin bala kumpeni,
Panembahan Sampang,
pan sampun peputusan,
dhateng Nagri Pranaragi,
Pangran Purbaya,
wus ingaturan mulih.

Panembahan lawan ngaturi uninga,
lamun kasoran jurit,
bala Sampang rusak,
kumpeni kathah pejah,
miwah Pangran den aturi,
mantuk mring praja,

PNRI Balai Pustaka

manawi tiwas jurit.

Kawarnaa Kangjeng Pangeran Purbaya,
sampun prapteng Gulathik,
Jeng Susunan Kendhang,
abaris aneng Daha,
Katawengan ing Kadhiri,
kinen mapaga,
ing yudane kang rayi.

Sigra budhal Ki Tumenggung Katawengan,
prapteng desa Gulathik,
wus ayun-ayunan,
lawan Pangran Purbaya,
punggawa ing Kartawani,
langkung prayitna,
dennya rumakseng gusti.

Barisira pan lagya ayun-ayunan,
kasaru duta prapti,
saking Kartasura,
utusane Kang Rama,
timbalane Sri Bupati,
Ki Sumabrata,
kinen ngipuk tumuli.

Jeng Pangeran Purbaya sigra utusan,
marang Nagri Kadhiri,
saha mawi serat,
punang duta amesat,
prapta Nagari Kadhiri,
Ki Sumabrata,
apan sampun apanggih.

Punang serat apan sampun tinampanan,
tinupiksa tumuli,
ungeling nawala,
heh uwa Sumabrata,

PNRI Balai Pustaka

dika ngandika Sang Aji,
kinen mantuka,
mring Kartasura Nagri.

Kangjeng rama arsa males sih andika,
milane dadya aji,
pan saking andika
duk aneng Pabethekan,
andika matur kakang ji,
nulya Jeng Rama,
anekung ing Hyang Widi.

Mangke sampun tinekan dening Hyang suksma,
tulus jumeneng aji,
aneng Kartasura,
Ki Patih Sumabrata,
miyarsa ungeling tulis,
mijil kang waspa,
katiban sih narpati.

Sigra dandan lan saanak-rabinira,
sigra minggat ing wengi,
tan kawarneng marga,
wus prapta pabarisan,
lan pangeran wus apanggih,
Ki Sumabrata,
kinen lajeng tumuli.

Mantuk marang Nagari Kartasura,
sampun binaktan mantri,
pan kinen rumaksa,
dhateng Ki Sumabrata,
prapta ing Kartasureki,
katur ing nata,
ngandika marang ngarsi.

Ki Apatih Cakrajaya sarengira,
sapraptane ing ngarsi,

PNRI Balai Pustaka

Sang Nata ngandika,
heh Patih Cakrajaya,
ing mengko parentah marni,
si Sumabrata,
maksiha kang bupati.

Atetepa wong sewu lelinggihira,
Ki Patih awotsari,
tan lengganeng karsa,
sigra Ki Sumabrata,
binekta medal tumuli
Ki Sumabrata,
maksih dadya bupati.

Kawarnaa Pangran Dipati Purbaya,
campuh denira jurit,
lan bala ing Daha,
Tumenggung Katawengan,
ingkang dadya senapati,
ramening yuda,
aneng desa Gulathik,

Sakathahe punggawaning Kartasura,
myang bupati pasisir,
kalangkung sudira,
para prajurit Daha,
wong Kartasura angangkih,
gampang suh sirna,
wong Kadhiri keh mati.

Ki Tumenggung Katawengan wus lumajar,
prapta Nagari Kadhiri,
matur ing Sang Nata,
lamun tiwasing yuda,
balanira keh ngemasi,
Susunan Kendhang,
langkung gugup ing galih.

PNRI Balai Pustaka

Sri Narendra wus lumayu ngidul ngetan,
sawadyane kang rigiring,
Pangeran Purbaya,
prapta kilen Bengawan,
arsa ngancik ing Kadhiri,
sabalanira,
kasaru ingkang prapti.

Sangking Sampang wus tundhuk lawan Pangeran,
duta umatur aris,
kawula dinuta,
dhateng rama panduka,
Panembahan Mandureki,
atur uninga,
mangke kasoran jurit.

Wadya Dulangmangap pan kasor sadaya,
tuwin bala kumpeni,
pan tumpes sadaya,
datan mangke puliha,
ingamuk mring Surapati,
langkung prawira,
tan mundur den bedhili.

Jeng paduka katuran mantuk mring praja,
bilih tiwas ing jurit,
sigra Jeng Pangeran
Purubaya wus budhal,
sawadyanira umiring,
wus prapteng praja,
panggih lawan Sang Aji,

Enengena sira Sang Pangran Purbaya,
kang aneng ing nagari,
genti winursita,
sira Sang Adipatya,
ing Pasuruhan Nagari,
lami ayuda,

PNRI Balai Pustaka

wus kawandasa ratri.

Saundure kena ing mimis kancana,
apan kalajeng sakit,
sakite kunduran,
watawis pitung dina,
para putra den timbali,
tuwin sentana,
samya pepak neng ngarsi.

Sang Dipati Wiranagara mamekas,
sakeh nak-putu marni,
mengko wruhanira,
pasthi karsaning Suksma,
yen wus puput jeneng marni,
karsaning Suksma,
nanging den bisa kari.

Nanging iya sakehe anak manira,
padha sun upatani,
aywa manggih arja,
lamun sira becika,
kalawan tiyang kumpeni,
saturuningwang,
lamun ingsun ngemasi.

Aja manggya basuki wekasingwang,
yen ingsun wus ngemasi,
kunarpa manira,
pendhemen den warata,
aywa sirawehi kijing,
miwahmaesan,
de dimene si kapir.

Nora weruh marang ing kunarpaningwang,
riwusnya memeling,
Surapati lena,
sagung kang para putra,

PNRI Balai Pustaka

miwah ingkang para rabi,
samya karuna,
sesambate mlasasih.

Layonira Dipati Wiranagara,
sampun pinendhem aglis,
rinata kewala,
datan mawi maesan,
wewelinge mangastuti,
para sentana,
sami lara anangis.

Sapejahe Dipati Wiranagara,
sira Ki Mas Surahim,
nenggih kang gumantya,
putra sepuh pribadya,
sampun jumeneng Dipati,
Wiranagara,
ana dene kang rayi.

Akekasih sira Raden Surapatya,
namane kang wuragil,
ran Suradilaga,
sami gagah prakosa,
nanging sira Sang Dipati,
rusuh ambegnya,
anjamah para bibi.

Marmanipun tan sekti kadya kang rama,
warnanen Sang Dipati,
ingkang kawarnaa,
nagri ing Kartasura,
wus mantuk kadi ing wingi,
gemah raharja,
eca manah wong cilik.

Sri Narendra langkung adil palamarta,
dana lir banyu mili,

PNRI Balai Pustaka

ngapureng dedosa,
asih mring wadyabala,
miwah dhateng pekir-miskin,
Sri Naranata,
tan pegat apeparing.

Milanipun wadya bala Kartasura,
ageng-alit samya sih,
bekti ing sang nata,
yata agenti warta,
paparentah Sri Bupati,
para satriya,
miwah bala pasisir.

Kinen samya nglurug marang Pasuruhan,
komasaris wus prapti,
angirid Walanda,
sagung para punggawa,
pasisir wus pepak sami,
neng Kartasura,
sami dandanan jurit.

Wadya Kedhu Begalen ingkang minangka,
rarembating kumpeni,
wadya ing Jepara,
ingkang anangga pangan,
wadya Sampang Surawesthi,
wadya peperang,
Pangeran Purbayeki.

Kang minangka senapati ing ayuda,
ngirid bala pasisir,
myang wong Kartasura,
sapalih ingkang milya,
sigra umangkat tumuli,
medal Tengahan,
lampahe dadya siji.

PNRI Balai Pustaka

Sampun lajeng sira Pangeran Purbaya,
datan kawarneng margi,
prapta Kartasura,
Panembahan Mandura,
lan Dipati Surengwesthi,
ing Wirasaba,
anenggih kang den jogi.

Kawarnaa sira Kangjeng Sunan Kendhang,
sampun miyarsa warti,
yen wong Surabaya,
prapta ing Wirasaba,
lawan Pangran Purbayeki,
neng Kartasana,
tuwin bala kumpeni.

Sunan Kendhang lampahira kagegeran,
sigra budhal tumuli,
ngili ngidul ngetan,
wadyane kathetheran,
ing Dhungkul ingkang den jogi,
wong Kartasura,
sampun nabrang benawi.

Myang kumpeni datan pisah lampahira,
Daha kepanggih sepi,
Pangeran Purbaya,
lajeng mring Wirasaba,
Panembahan wus apanggih,
tempur barisnya,
miwah wong Surawesthi.

Pan sedalu sipeng aneng Wirasaba,
datan kawarneng latri,
enjing nulya budhal,
ingkang dadya pangarsa,
bala Sampang Surawesthi,
Pangran Purbaya,

PNRI Balai Pustaka

ingkang lumampah wuri.

Tan kawarna marga prapta Ngardi Dharat,
masanggrahan tumuli,
alami neng ngrika,
Dipati Janapura,
gerah sanget nulya pamit,
mantuk mring praja,
prapteng Jepara lalis.

Kawarnaa para putra Pasuruhan,
Rahaden Surapati,
lan Suradilaga,
seba mring Sunan Ernas,
marang ing Dhungkul sira glis,
ambekta bala,
sanembang winitawis.

Prapteng Dhungkul tundhuk lawan Sunan Kendhang,
Rahaden Surapati,
lan Suradilaga,
matur saha wotsekar,
patikbra anuwun idi,
arsa maguta,
mengsah kang lagya prapti.

Sadayane kandhega ing lampahira,
Sang Nata ngandika ris,
iya bener sira,
age nuli budhala,
kang putra sigra tinuding,
kalih kinarya,
senapati ing jurit.

Pangran Mangkunagara lan Pakuningrat,
miwah kang para mantri,
saking Kartasura,
sami kebut sadaya,

PNRI Balai Pustaka

sawiji tan ana kari,
sigra umangkat,
ing Ngantang den margani.

Medhun ngaler inggargut lampahing bala,
genti ingkang winarni,
Pangeran Purbaya,
wus budhal saking Dharat,
lan wong Sampang Surawesthi,
sareng umangkat,
tuwin bala kumpeni.

Lagya wau denira lumampah,
wong Pasuruhan prapti,
tandange lir yaksa,
narajang saking wuntat,
wong Kartasura tan gingsir,
para nayaka,
sami matur ing gusti.

Lamun mengsah andhatengi saking wuntat,
Pangeran Adipati,
Purbaya ngandika,
saking luhuring kuda,
paguten sarwi lumaris,
mungsuh kang prapta,
nanging den ngati-ati.

Aywa kongsi owah iya tatanira,
aja pedhot lumaris,
sagung pra nayaka,
anulya mundur sigra,
kang wuri sampun ajurit,
wong Pasuruhan,
akeh wonge kang mati.

Pangran Purubaya eca alelampah,
Rahaden Surapati,

PNRI Balai Pustaka

lan Suradilaga,
anulya mundur sigra,
angrasa tan angundhili,
denira yuda,
wadyanira keh mati.

Lajeng wangsul dhateng Nagri Pasedhahan,
kawarnaa Sang Aji,
sira Sunan Kendhang,
tedhak mring Pasuruhan,
anunggal lawan Dipati,
Wiranagara,
arsa ngawaki jurit.

Sunan Kendhang sampun prapta Pasedhahan,
watawis tigang ratri,
Pangeran Purbaya,
anulya wau prapta,
miwah kang bala kumpeni,
wadya Mandura,
saking kidul ndhatengi.

Anut marganira Raden Surapatya,
wadya Bali tan uning,
lamun tinututan,
mring kumpeni wong Sampang,
dene ta nglangkungi biting,
wong Pasurahan,
samya kagyat tan sipi.

Lamun tiyang Sampang Surabaya prapta,
tuwin bala kumpeni,
samya kagegeran,
sigra-sigra adandan,
tuwin sira Adipati,
Wiranagara,
arsa mapag ing jurit.

PNRI Balai Pustaka

Sang dipati wus budhal sabalanira,
prapta ing Sidagiri,
kumpeni tumingal,
lamun mungsuhe prapta,
sigra tinata kang baris,
bala Mandura,
lawan ing Surawesthi.

Kang minangka pangawat kering lan kanan,
dene bala kumpeni,
ingkang dadya dhadha,
manyeme tinata,
nulya Raden Surapati,
mangsah ing rana,
angamuk golong pipis.

Miwah sira Dipati Wiranagara,
aneregaken dasih,
myang Suradilaga,
bala kumpeni sigra,
apan sami ambedhili,
mariyem gurnat,
gurnada sareng muni.

Dadya bala Pasuruhan kathah pejah,
binendrong dening bedhil,
yata ting jalempah,
Panembahan Mandura,
anungkebi saking kering,
wong Surabaya,
saking kanan nungkebi.

Dadya bala Pasuruhan wau lumajar,
pan kekathahen tandhing,
sagung para putra,
lumayu dhateng Malang,
angumpul dadi sawiji,
Susunan Kendhang,

PNRI Balai Pustaka

tan pisah lan dipati.

Wong tetiga ngrasa wani bedhahira,
Pasuruhan Nagari,
bala Kartasura,
sampun manjing jro kitha,
lawan tuwan komasaris,
amasanggrahan,
lawan sagung bupati.

Cinarita alami neng Pasedhahan,
wadya lit kathah prapti,
komasaris sigra,
kinen angulatana,
ing layone Surapati,
para sentana,
nanging datan pinanggih.

Kaku tyase komasaris nulya undhang,
marang sagung wong bumi,
sapa nuduhena,
kubure Surapatya,
sunganjar reyal sabiting,
wong Pasuruhan,
dadya lali ing gusti.

Ponang reyal apan sampun tinampanan,
marang tetiyang bumi,
tinuduhken sigra,
wau ing prenahira,
kubure Ki Untung nenggih,
apan tinata,
ya ta datan katawis.

Dyan dhinudhuk layone Ki Sura patya,
apan sampun kapanggih,
gandanya angambar,
kadya sekar sataman,

PNRI Balai Pustaka

pan maksih wutuh kang jisim,
kadya duk gesang,
gawok sakeh kumpeni.

Wus binekta wau dhateng pasanggrahan,
lininggihaken nuli,
kursi ingurmatan,
mariyem kadi gelap,
gumrudug anggegetari,
sagung kapitan,
nunten myang komasaris.

Nyandhak tangan ing layon atetabeyan,
sadaya sami angling,
heh Sang Surapatya,
tuhu prajurit mulya,
pan sira lanang pribadi,
pinasthi sira,
dadi satru kumpeni.

Dyan ingobong layon Sang Adipatya,
geni ñora nedhasi,
jisim maksih wetah,
komasaris bramantya,
kang layon cinandhak aglis,
nulya siniram,
sagunging arak api.

Sasampune siniram nulya ingobar,
langkung ageng kang geni,
jisime Dipatya,
geseng dening dahana,
wus dadi awu den ambii,
sagung Walanda,
ngambil awuning jisim.

Komasaris keiangkung trustha tyasira,
myang sagunging kumpeni,

PNRI Balai Pustaka

nulya ken akarya,
loji gembong wus dadya,
sigra jinagan Walandi,
mariyemira,
pinasang baluwarti.

Komasaris sigra anumpak baita,
mantuk dhateng Samawis,
Pangeran Purbaya,
kondur miyos ing dharat,
bala kumpeni sapalih,
tumut Pangeran,
sapalih neng jaladri.

Pra punggawa saparo ingkang binekta,
saparo maksih baris,
aneng Pasedhahan,
Panembahan Mandura,
wus budhal bala angiring,
mantuk mring praja,
datan kawarneng margi.

Panembahan lampahe wus prapta Kamal,
padesan Mandureki,
apan lajeng gerah,
Pangeran lajeng seda,
para putra anungkemi,
layoning rama,
pan sampun den bersihi.

Wusnya sukci binekta mantuk mring Sampang,
yata ingkang winarna,
Pangeran Purbaya,
wus prapteng Kartasura,
lajeng tumameng jro puri,
kelangkung trustha,
galihira narpati.

PNRI Balai Pustaka

Ingkang rayi wau kinen gumantiya
Pangran Balitar nenggih,
kacatur wus budhal,
angluruk dhateng Malang,
sawadyanira umiring,
saha turangga,
gegaman tinon asri.

Mantri gandhek Ngabehi Wirasantika,
wau kinen umiring,
mring Pangran Balitar,
datan kawarneng marga,
Nagri Pasedhahan prapti,
wus panggih lawan,
sagung para bupati.

Jeng Pangeran Balitar sigra umangsah,
dhateng Malang Nagari,
myang sagung punggawa,
yata kang kawarnaa,
Wiranagara Dipati,
saarinira,
sampun miyarsa warti.

Lamun mengsahira ing mangke wus prapta,
sigra dandan tumuli,
lan pepatihira,
Ngabehi Lor siyaga,
Ngabehi Kidulan kari,
sigra umangkat,
ananggulangi jurit.

Sigra campuh lawan bala Kartasura,
kapanggih padha wani,
bala Pasuruhan,
tangkebe mprit aneba,
dennya: ngamuk golong pipis,
wong Kartasura,

PNRI Balai Pustaka

panggah datan gumingsir.

Ramening prang kang mati sungsun atumpang,
rame rog silih-ungkih,
bala Pasuruhan,
binendrong ing senjata,
akathah ingkang ngemasi,
weneh kabranan,
lir udan sinemeni.

Myang Ngabehi Kidul prasamya bramantya,
umangsah marang Aji,
lan Bunjaladriya,
Ebun Jalapinaty'a,
Bunjalaloka tan kari,
ngamuk manengah,
Demang Gempung tan tebih.

Arya Jayaningrat mangsah adilaga,
lawan Rangga Jaladri,
Lembu Gadrug sira,
Lembu Siyeng neng ngarsa,
miwah Lembu Wanasrenggi,
myang arinira,
sang Lembu Pothapathi.

Mantri kalih nelas tandange lir yaksa,
kang tinarajang gusis,
anumbak anigas,
rusak wong Kartasura,
akathah longe kang mati,
kang maksih gesang,
sami arebut urip.

Jeng Pangeran Balitar asru ngandika,
heh sagung para mantri,
samya ngawakana,
ywa ngandelaken bala,

PNRI Balai Pustaka

kang ingatak atur bekti,
sareng tumandang,
tan ana ngucap ajrih.

Para mantri Kartasura tandangira,
lir buta mangsa daging,
wong ing Pasuruhan,
saya karoban lawan,
Ngabehi Lor wus ngemasi,
Warasantika,
wau ingkang mejahi.

Angabehi Kidul apan wus palastra,
Bun Jaladriya mati,
Bun Jalapinatya,
murdanira tinigas,
Bun Jalaloka ngemasi,
kathah kang pejah,
murda sami kacangking.

Lembuwana Demang Kalasrenggi pejah,
Lembu Gadrug ngemasi,
Lembu Giyeng pejah,
punggawa Kartasura,
yen tinon kadi raseksa,
mangka swaranira,
rejaknya kuthah getih.

Sima larut wadyabala Pasuruhan,
sapejahe Ki Patih,
tanbuh den aduwa,
prajurite wus sima,
sira Raden Surapati,
arsa ngamuka,
Sang Dipati ngalangi.

Para putra Pasuruhan wus lumajar,
angungsi ing wanadri,

PNRI Balai Pustaka

miwah Susunan Mas,
galihe kagegeran,
sigra minggah marang wukir,
sawadyanira,
ing Dhungkul kang den ungsi.

Prapteng Dhungkul kang wadya kenging wawelak,
akathah kang ngemasi,
yata Sunan Kendhang,
tedhak dhateng Balitar,
sakehe mantri kang sakit,
samya waluya,
rerem manah wadya lit.

Sabedhahe nagari ing Pasuruhan,
tambuh ingkang den ungsi,
Kangjeng Sunan Kendhang,
tan sae pirembagan,
kalawan kang para mantri,
kang wadya bala,
sinamber dhandhang putih.

PNRI Balai Pustaka

IV. -- Langkung sungkawa Sri Narapati, 4)
Sunan Kendhang sigra aputus,
dhateng kumendur sira ge,
mantri kalih ingutus,
apan sampun binektan tulis,
caraka sigra mesat,
tan kawarneng ngenu,
lampahira aglis prapta,
Surabaya wus panggih lawan kumpeni,
caraka atur surat.

Sigra tinampen kang punang tulis,
tinupiksa ungeling suwala,
Sunan Kendhang panungkule,
saestu mintak ampun,
dhateng para ratpeni,
kumendur suka ing tyas,
alon dennya muwus,
heh dutanira matura,
yen Sang Nata temen arsa abedhami,
lan kumpeni sadaya.

Gustinira Sunan sunaturi,
tumedhaka marang Surabaya,
besuk yen prapta ing kene,
apa sakarsanipun,
sayektine kula jurungi,
yen arsa madeg Nata,
mulih duk karuhun,
aneng Nagri Kartasura,
punang duta nulya sami pinisalin,
kulambi sabuk wastra.

Punang duta wus tinundhung aglis,
duta mesat prapteng ngabyantara,
sigra matur ing gustine,
langkung suka Sang Prabu,

PNRI Balai Pustaka

amiyarsa turing kumpeni,
Sang Nata sigra dandan,
saha wadyanipun,
warnanen Pangran Balitar,
wus utusan dhateng Sunan Kendhang aglis,
anuwun baberkatan.

Waos Ki Baru Baja Ki Gondhil,
miwah dhuwung Kiyai Belabar,
kang dinuta mesat age,
agepah lampahipun,
sampun prapta ngarseng narpati,
punang duta turira,
kawula ingutus,
dhumateng rayi paduka,
Jeng Pangeran Balitar rayinta nenggih,
ngaturaken kang sembah.

Lawan malih kawula tinuding,
anedha sagung ingkang pusaka,
rama paduka kang aken,
amundhut Kyai Baru,
lan rasukan Kiyai Gondhil,
Susunan de lingira,
apan esmu bendu,
lah warahen si sudama,
yen dheweke kinongkon mring Paman Aji,
mundhut kang babrekatan.

Besuk yen ingsun prapteng Nagari,
Surapringga dhuwung waosingwang,
miwah Kyai Bicake,
sun saoske gustimu,
ingsun mangke dipun aturi,
tindak mring Surabaya,
lawan wadyanipun,
kumpeni ingkang angundang,

PNRI Balai Pustaka

apanggihan lan ingsun neng Surawesthi,
punang duta wus mesat.

Saulihe caraka Sang Aji,
nulya dhateng Nagri Surapringga,
kumpeni amethukake,
pepanggihan ing ngenu,
Sunan Kendhang wus den aturi,
tumanduka mring praja,
lajeng lampahipun,
wus prapta ing Surabaya,
masanggrahan aneng wismane Dipati,
Jangrana saha wadya.

Kumpeni kurmatira nglangkungi,
tuwin Sang Adipati Jangrana,
langkung pangupa-subane,
pan segabira penuh,
awaradin dhateng pakathik,
sagung kang ngiring nata,
suka manahipun,
Adipati Surapringga,
munggeng ngarsa abukuh denira linggih,
myang kumpeni sadaya.

Tuwan kumendur umatur aris,
yen suwawi gusti Sri Narendra,
leheng tumanduka age,
mring Samrang pukulun,
anggaliha lan komasaris,
benjang yen sampun prapta,
Samrang Sang Aprabu,
lajenga mring Kartasura,
pan paduka jinunjung dening kumpeni,
amengku Tanah Jawa.

Langkung trustha galihe Narpati,
amiyarsa kumpeni turira,

PNRI Balai Pustaka

tuwin sagunging balane,
tan wruh ing ujar empuk,
sigra wonten caraka prapti,
saking Pangran Balitar,
kawula ingutus,
anenggih kang pasemayan,
Sunan Kendhang asugai denira angling,
warahen si sudama.

Alah disusui mring Surawesthi,
besuk yen wis prapta Kartasura,
arsa sunwehaken dhewe,
punang duta glis wangsul,
sampun prapta ngarsaning gusti,
katur kang pangandika,
Sunan Kendhang wau,
Pangran Balitar lingira,
yen weruha wong tuwa cidra ing jangji,
ingsun kasap kewala.

Ya mulane tan tulus dadya ji,
si Kencat atine tan raharja,
nora temen saujare,
yata ingkang winuwus,
Susunan Mas binakta aglis,
minggah parau kapal,
kang wadya keh tumut,
myang sawekadharanira,
tuwin sagung pusaka binakta sami,
minggah dhateng ing kapal.

Sinuhun Pakubuwana nenggih,
wus utusan dhateng Surapringga,
mundhut Ki Wiragunane,
lan Mandurarejeku,
Arya Biron pinundhut mangkin,
myang Arya Pulangjiwa,

PNRI Balai Pustaka

Mangunnagareku,
kumendur datan lenggana,
Sunan Kendhang wus macal wadya angiring,
binakta maring Jakarta.

Kekalih mantri angrasa wani,
enengena ingkang lajeng mancai,
yata kawarnaa mangke,
kang mentas menang pupuh,
Nagri Malang wus den obongi,
mring wadya Balitaran,
gegere gumuruh,
Dipati Wiranagara,
lan arine ngungsi dhateng ing Wanadri,
arine binoyongan.

Nagri Bang Wetan sampun waradin,
arine Dipati Pasuruhan,
pawestri binoyong mangke,
punggawa pace iku,
kang pinundhut mring Sri Bupati,
Kiyai Wiraguna,
lan sawadyanipun,
kasrah mring Pangran Balitar,
Arya Pulangjiwa pan minggat ing wengi,
umpetan dhateng wana.

Wau Arya Pulangjiwa nenggih,
kala jenenge Susunan Emas,
Pangran Balitar wastane,
sareng Kendhang Sang Prabu,
teluk marang Kartasura glis,
pinundhut jenengira,
karsanya Sang Prabu,
sampun nyenyami kang putra,
winastanan Arya Pulangjiwa nenggih,
mila sakit kang driya.

PNRI Balai Pustaka

Nulya minggat nusul mring Kadhiri,
mangke pinundhut marang Sang Nata,
Ki Arya sanget ajrihe,
ing mangke sampun katur,
yen Ki Arya minggat ing wengi,
Jeng Pangeran Balitar,
sanget dukanipun,
Ki Tumenggung Suralaya,
Ki Barebes wau kang kinen ngulari,
anasak wanawasa.

Arya Pulangjiwa wus kapanggih,
neng madyaning wana Pasedhahan,
nulya pinejahan age,
murda pinocok sampun,
Ki Tumenggung Suralayeki,
mancak sawadyanira,
prapteng ngarsa matur
dhateng Pangeran Balitar,
yen Ki Arya Pulangjiwa wus ngemasi,
pangran trustheng wardaya.

Jeng Pangeran Balitar lingnya ris,
kandhuruhan lawan wilatikta,
karo ingsunkongkon age,
Iah iki layangipun,
aturena Kangjeng rama glis,
lah sakeh beboyongan,
pawestri yu-ayu,
kang saking Nagara Malang,
aturena ing rama jeng Sri Bupati,
kang kinon atur sembah.

Lan malihe si Wiraguneki,
arya tiron si Wiranagara,
tuwin Mandurarejane,
kapat gawanen mantuk,

PNRI Balai Pustaka

poma sira den ngati-ati,
sira aneng ing marga,
kang kinen wotsantun,
Kandhuruwan Wilatikta,
sigra matur dhatan kawarna ing margi,
prapta ing Kartasura.

Panggih lawan Cakrajaya panggih,
Kandhuruwan duk binekta saba,
katur ing nata praptane,
wus tinimbalan gupuh,
tumameng byantra Narpati,
manembah ing suku Sang,
mangusapi lebu,
Sang Nata alon ngandika,
Kandhuruwan ingutus apa sireki,
marang ing gustinira.

Kang dinangu matur awotsari,
dhuh pukulun kawula dinuta,
mring putra dalem wiyose,
dahat anuwun bendu,
kamipurun ngaturi tulis,
mesem Sri Naranata,
kang serat pinundhut,
nulya wau tinupiksa,
mring Sang Nata wau bebukaning tulis,
kawula tur uninga.

Ing paduka Jeng Rama Narpati,
mangke kawula lananging yuda,
angsal barkating Rama Jeng,
Nagari Malang gempur,
pun Ngabehi Elor ngemasi,
Ngabehi Kidul pejah,
neng madyaning pupuh,
dene ingkang amarjaya,

PNRI Balai Pustaka

abdi dalem pun Wirasantika nenggih,
langkung sudireng rana,

Dene anakipun Surapati,
pun Surahim lumajeng ing wana,
lan pun Lembu Lemabare,
prajurit kathah lampus,
lan pawestri kathah kang kari,
katawan mring kawula,
katura Sang Prabu,
kabekta pun Wilatikta,
lawan malih pun Wiraguna anenggih,
kalih Mandurareja.

Katura Jeng Rama Sri Bupati,
arya tiron lan Mangunnagara,
nanging pun Pulangjiwane,
minggat kalaning dalu,
pan kacandhak wonten wanadri,
pan lajeng pinejahan,
kang murda jinabut,
dene Nagari Bang Wetan,
sawarnine pukulun sampun waradin,
sami nungkul sadaya.

Nanging pusaka ing Tanah Jawi,
binakta ing dhateng Batawiyah,
kawula tedha tan aweh,
langkung ngungun Sang Prabu,
sapandurat tan kena angling,
wekasan angandika,
mring Cakrajayeku,
heh patih pangrasaningwang,
nadyan kabeh pusaka ing Tanah Jawi,
binakta marang sabrang.

Ingkang rupa bendhe tumbak keris,
apan ora dadi manahingwang,

PNRI Balai Pustaka

nanging sok maksiha bae,
santana Adilangu,
lawan masjid ing Demak patih,
lah iya wruhanira,
rong prakara iku,
pusaka ing Tanah Jawa,
ingkang angger datan ana malih-malih
ki patih atur sembah.

Sri Narendra angandika malih,
Cakrajaya sira utusana,
marang ing Malang den age,
nimbali putraningsun
tuwin sagung para bupati,
kabeh padha muliha,
bareng anakingsun,
Ki Apatih awotsekar,
sampun medal wau saking kenya puri,
prapta ing wijil pisan.

Prayayi gandhek ingkang tinuding,
animbali Pangeran Balitar,
lumaksana ing lampahe,
datan kawarneng ngenu,
pabarisan duta wus prapti,
panggih Pangran Balitar,
dhinawuhan sampun,
sira Pangeran Balitar,
sampun undhang mring sagung para bupati,
enjinge arsa budhal.

Tan winarana ing laminireki,
Pangran Balitar anulya budhal,
kang wadya umyang swarane,
pra putra Mandureku,
ageng-alit samya angiring,
marang Pangran Balitar,

PNRI Balai Pustaka

kang rama wus lampus,
datan kawarna ing marga,
lampahira Nagri Kartasura prapti,
katur marang Narendra.

Ingkang putra aglis den timbali,
tuwin sagung kang para prawira,
tumameng ngabyantarane,
wus cundhuk lang Sang Prabu,
sumesek kang para dipati,
manembah ing suku Sang,
mangusapi lebu,
Nata alon angandika,
putraningsun ki dipati dene lami,
nggonira andon yuda.

Pangran Balitar sigra ngabekti,
milanipun alami patikbra,
langkung ewed prakawise,
gumujeng Sang Aprabu,
ingkang putra kinuswa sami,
rinangkul jangganira,
ingaras kang embun,
ingsun kaki nora nyana,
lamun sira widagda ya mangun jurit,
Pangeran atur sembah.

Ingkang putra sampun kinen mijil,
tuwin sagung kang para prawira,
sami mantuk mring daleme,
samya suka ing kalbu,
nagri dalem pan sampun radin,
datan ana malanga,
ing karsa Sang Prabu,
lamine datan kocapa,
dina Soma Sang Nata miyos tinangkil,
andher kang wadyabala.

PNRI Balai Pustaka

Patih Cakrajaya munggweng ngarsi,
lawan Tumenggung Kartanagara,
miwah Ki Wiracanane,
rangga demang tumenggung,
pecatandha lan andhamohi,
ngabehi sinung harya,
pan jejel supenuh,
bupati mancanagara,
myang pasisir sangking anglurug ing nguni,
sampun sami sewaka.

Jejer andher ing ngarsa Narpati,
Jeng Sinuhun lenggah ing dhedhampar,
bupati bukuh lungguhe,
ngandika Sang Aprabu,
Cakrajaya sira apatih,
sira mupakatena,
ing timbalan ingsun,
ing mengko si Citrasoma,
ingsun junjung lungguhe teka pratiwi,
sunsengkakneng awiyat.

Ingsun arani si Adipati,
Citrasoma lan iya sunganjar,
Nagri Japara lungguhe,
si Wirasantikeku,
apan ingsun karya bupati,
ngongganjar Nagri Jipang,
arana Tumenggung,
Surawijaya ing Jipang,
lan sunkarya wadana mancanagari,
lawan si Jayaningrat.

Apan ingsun arani Dipati,
Jayaningrat lawan ingsun ganjar,
Nagari Pakalongane,
lan Pusparuditeku,

PNRI Balai Pustaka

ingsun ganjar Batang Nagari,
lan sun paringi aran,
jenenga Tumenggung,
Pusparudita ing Batang,
lan si Warasemita sunjunjung linggih,
Nagara Wirasaba.

Pangran Balitar umatur nenggih,
inggih kawula anuhun duka,
pan Pangran Cakraningrate,
mangkya atilar sunu,
kaatura Sri Narapati,
aran Cakranagara,
dene putunipun,
kekalih pan sami priya,
patut saking rabi tetariman nguni,
katura ing paduka.

Mesem Sang Nata ngandika aris,
heh apatih nagara ing Sampang,
sira prataluwa mangke,
ingkang saduman iku,
putu karo ingsun paringi,
aran Suryadinata,
Sasrawinateku,
dene ingkang kalih duman,
anakingsun Sasranagara gumanti,
jumenenga ing Sampang.

Lawan ingsun paringi kekasih,
aranana Pangran Cakraningrat,
si Wiraguna ing mangke,
myang Mandurarejeku,
karo padha aneng marni,
Kyai Mangunnagara,
arya tiron iku,
padha sunelihken aran,

PNRI Balai Pustaka

arya tiron si Secoyuda nameki,
Kyai Mangunnagara.

Aran Ki Martadipa ing mangkin,
sinungaken Pangeran Dipatya,
Ki Wiraguna ing mangke,
sinalinan jejuluk,
aran Dipanagara nenggih,
Ki Wabru ing Santenan,
pinaringken sampun,
dhateng Pangeran Purbaya,
sira Panji Tohpati sinungken aglis,
mring Pangeran Balitar.

Sampun jengkar denira tinangkil,
Sri Narendra kondur angedatwan,
kang sewaka bubar kabeh,
nengena Sang Aprabu,
komasaris ingkang winarni,
saundure ngayuda,
Pasedhahan wau,
lajeng dhateng Batawiyah,
abicara lawan sagunging Rat-pan-In,-
dia mring tuwan jendral.

Lamun Dipati ing Surawesthi,
kalanira aprang Pasedhahan,
ingaran geguyon bae,
Rat-pan-In sampun rembug,
jendral arsa ngaturi tulis,
marang Sri Naranata,
nuhun pejahipun,
Sang Adipati Jangrana,
yen Sang Nata wau datan anglilani,
sagung Rat pan India.

Nedya sami amutung ing galih,

PNRI Balai Pustaka

duta kumpeni sigra umesat,
datan kawarna lampahe,
Kartasura wus rawuh,
lan kapitan sampun apanggih,
nulya suka uninga,
mring Ki Patih wau,
Ki Cakrajaya samana,
enjingira lajeng sowan mring Narpati,
dalu datan winarna.

Lampahira Cakrajaya Patih,
yata mampir ing loji samana,
wus panggih lan kapitane,
kapitan sampun tundhuk,
sowan dhateng Sri Narapati,
surat ageng binakta,
wus prapteng kadhatun,
katur ing Sang Naradipa,
tinupiksa bebukane ingkang tulis,
saking Gurnadur Jendral.

Nuhun pejahe Sang Adipati,
Surabaya mirong ing palagan,
sarta akathah ature,
kapitan Sang Aprabu,
amiyarsa ungeling tulis,
duka sajroning driya,
muka sumung-sumung,
esmu bang awinga-winga,
sotya andik sinamur tyas ing Sang Aji,
alon wijiling sabda.

Heh Apatih Cakrajaya aglis,
kapiten sira gawaa medal,
aja kuwatir manahe,
Ki Apatih wotsantun,
sampun prapta sira ing njawi,

PNRI Balai Pustaka

kapitan sareng medal,
marang lojenipun,
yata wau Sri Narendra,
siniwaka wau munggeng kenya puri,
arsa mangun pirembag.

Sampun dalu wayahe kang wengi,
Patih Cakrajaya tinimbalan,
lawan Ki Citrasomane,
lan Ki Wirasaneku,
katri munggeng ngarsa narpati,
ngandika Sri Narendra,
heh Cakrajayeku
kaya paran karepira,
liwat abot prakara kang muni tulis,
panjaluke si jendral.

Jaluk patine si Adipati,
Surabaya iya si Jangrana,
mangka praja pikukuhe,
prasasat raganingsun,
apan bauningsun kang kering,
kang tengen ing Mandura,
ing mengko wus lampus,
dadi kari bau kiwa,
sayektine heh patih cotho ing kardi,
tan ana kang ginarap.

Yen tulusa jinaluk kumpeni,
si Jangrana apan ora cela,
panjenenganingsun mangke,
Ki Apatih wotsantun,
datan saged matur ing Gusti,
myang Kyai Citrasoma,
Ki Wiracaneku,
katri sumungkem pratala,
datan saged mangsuli pangandika Ji,
angling Sri Naradipa.

PNRI Balai Pustaka

Wong katiga yen si Adipati,
Surabaya mungguhweng Walanda,
iku akedhik dosane,
tuwin mring jenengingsun,
nora nana dosane ugi,
yen mengkono ta sira,
utusana gupuh,
marang ing Basan Samarang,
lah jaluken rembuge ingkang abecik,
endi patut linakyan.

Tuwin layang kang saking Betawi,
wangsulana warahen si jendral,
aja kuwatir atine,
anjaluk patinipun,
si Dipati ing Surawesthi,
ing mengko si Jangrana,
aneng nagrinipun,
lamun kinasap kewala,
nora wurung gawe rusake wong cilik,
lah warahen si jendral.

Lamun gedhe Nagri Surawesthi,
si Jangrana abandhu santana,
lawan akeh prajurite,
ya wis metuwa gupuh,
layang iki marang Samawis,
den age lumakua,
kang patih wotsantun,
katri punggawa wus medal,
saking pura sapraptinira ing njawi,
Ki Patih Cakrajaya.

Nulya panggih lan duta kumpeni,
serat dalem sinungaken sigra,
kang duta wus mesat age,
Ki Cakrareja gupuh,

PNRI Balai Pustaka

aputusan dhateng Samawis,
lumampah dhedhemitan,
tanana kang weruh,
tuwin dhateng Surabaya,
Ki Apatih Cakrajaya kintun tulis,
mring Dipati Jangrana.

Sampun sami mesat kang tinuding,
tuwin dutane kumpeni prapta,
mring Nagari ing Sampange,
kang serat angsul-angsul,
sinungaken mring komasaris,
pan sampun tinupiksa,
serat ungelipun,
komasaris langkung suka,
amiyarsa ijoaning punang tulis,
linajengaken sigra.

Serat dhateng nagri ing Batawi,
kawarnaa utusaning nata,
ingkang dhateng Samarange,
apan sampun katemu,
lawan Adipati Samawis,
seratira narendra,
sinungaken sampun,
aglis wau tinupiksa,
kagyat ngungun wau Dipati Samawis,
sarwi angusap jaja.

Sang Dipati sigra anenulis,
sinungaken wau ing utusan,
caraka wus mesat age,
datan kawarneng ngenu,
duta nata pan sampun prapti,
manembah ing suku Sang,
mangusapi lebu,
serat kang saking Samarang,

PNRI Balai Pustaka

sampun katur tinupiksa ing Narpati,
bebukaning nawala.

Prakawis Gusti Sri Narapati,
amundhut aturipun dipatya,
Suradimanggala mangke,
kumpeni anenuwun,
ing pejahipun Dipati,
Jangrana Surabaya,
langkung ewedipun,
upami pinaringena,
pun Dipati dadya manggaleng Narpati,
pikukuhing rat Jawa.

Yen tan suka paduka Dewa Ji,
yekti awon kalayan pun jendral,
kumpeni sanget pamrihe,
bebeka ing Sang Prabu,
kendel nata dangu tan angling,
putek sajroning driya,
pan tansah angungun,
pirsa ungeling nawala,
kawarnaa duta gandhek sampun prapti,
Nagari Surabaya.

Sampun panggih lawan Sang Dipati,
serat dalem sinungaken sigra,
yata tinupiksa age,
Dipati Surengkewuh,
amiyarsa ungeling tulis,
jenger datan angucap
wekasan amuwus,
animbali mantrinira,
aran Wiratantaha mantri prajurit,
lipat pasang grahita.

Wiratantaha caritaneki,

PNRI Balai Pustaka

dutanira Tumenggung Sapanjang,
Sang Dipati langkung sihe,
sampun prapta ing ngayun,
ingkang rayi dipun timbali,
Arya Jayapuspita,
miwah arinipun,
sira Panji Surengrana,
wcnten malih arine ingkang wura gil,
ran Panji Kartayuda.

Katri pan sami sinung upeksi,
surat dalem ingkang lagya prapta,
pan mangkene surasane,
kang rayi sareng matur,
leheng pejah madyaning jurit,
paduka boten dosa,
marang Sang Ahulun,
pun kapir dahat niaya,
yen suwawi leheng pinaguting jurit,
angur pejah mergagah.

Demang Wiratantaha ing nguni,
aturira lir pendah kukila,
Gusti Sang Dipati mangke,
sampun magut ing pupuh,
yekti risak kang kantun wuri,
Sang Dipati lingira,
bener ing aturmu,
nadyan tumeka ing pejah,
sun labuhi nanging ari-ari marni,
tulusa suka wirya.

Ri tetiga matur sarwi nangis,
anungkemi padane Sang Raka,
amlasarsa sesambate,
dhuh kakang ndawek ngamuk,
suka ingsun pejah ing jurit,

PNRI Balai Pustaka

tan arsa kantun wirya,
leheng sareng lebur,
Sang Adipati lingira,
waspa mijil lah padha menenga yayi,
mangsa bodhoa ingwang.

Mila Sang Dipati Surengwesthi,
kedah dipun labuhi pribadya,
bilih kawanguran tembe,
mring kumpeni Sang Prabu,
temah rusak galih narpati,
myang demang tanpa naha,
sanget aturipun,
yen paduka mergagaha,
boten kalap anak putu ndika benjing,
ing sawingking paduka.

Pasthi kaliya ing Surawesthi,
sampun rembug Dipati Jangrana,
sampun budhal sakadange,
datan kawarneng ngenu,
lampahira Sang Adipati,
wus prapteng Kartasura,
jujug wismanipun,
daleme ing Surabaya,
cinarita sampun dhateng kalih sasi,
datan wonten timbalan.

Kawarnaa komasaris prapti,
Kartasura katur ing narendra,
ngatasaken panuwune,
Dipati Jangraneku,
langkung emeng Sri Naranata,
Surabaya tan pegat,
pan tinantun-tantun,
ature Sang Adjpatya,
anglabuhi ing badanira pribadi,

PNRI Balai Pustaka

pejahipun katura.

Panuwunipun Sang Adipati,
pan nagari dalem Surabaya,
kang sinaosaken mangke,
pun Jayapuspiteku,
yen marengi galih narpati,
sumiweng Surabaya,
mangkana cinatur,
Sang Adipati Jangrana,
saben ari Senen Kemis areresik,
madhep ing karsa nata.

Duk semana amarengi Kemis,
pepak sagunging mantri kang seba,
myang punggawa satriyane,
Dipati Surengkewuh,
dennya sowan pan lagi prapti,
den iring para kadang,
miwah mantrinipun,
Ki Dipati tinimbalan,
manjing pura ing kemandhungan wus prapti,
sigra Ki Garwakandha.

Lurah Kartalulut lawan malih,
Nayagarwa lan Singanagara,
kalih narik curigane,
Sang Dipati sinuduk,
praneng jaja nulya ngemasi,
lan mantri jro sadaya,
sareng marjayeku,
sira ya Jayapuspita,
wruh ing wadi dene ta Sang Adipati,
dangu tan ana medal.

Wadyanira samya den kejepi,
wong Surabaya samya siyaga,

PNRI Balai Pustaka

miwah kang aneng pondhoke,
sadaya sareng rawuh,
Sarageni lan Talangpati,
abaris ing Pagongan,
arsa soroh amuk,
watara wong Kalihnambang,
para mantri Kartasura ngati-ati,
anarka dadya yuda.

Ki Tumenggung Sumabrata prapti,
saking pura ndhawuhken timbalan,
heh Ki Jayapuspitane,
timbalane Sang Prabu,

pinaten ing Sang Nata,
tanpa dosa tuhu,
uripe karya narendra,
mangkya mati angingeraken nagari,
sira kang gumantiya.

Alinggiha aneng Surawesthi,
aywa dadi onenging tyasira,
Arya Jayapuspitane,
mirsa timbalan prabu,
waspanira adres kang mijil,
krodhanira sinapyan,
sampunnya rawat luh,
Ki Arya Jayapuspita,
abebisik marang Ki Sumabrata ris.
kawula aturena.

Dene kawula wus wruh kang wadi,
pejahipun Kakang Adipatya,
wontena dadya margane,
ingkang sikara tuhu,
pan kawula arsa nglabuhi,
lan kang abdi sadaya,
abela tumuntur,

PNRI Balai Pustaka

nanging kawula margagah,
yen kalilan Sang Nata sadinten mangkin,
anumpes si Walanda.

Ki Sumabrata wus mesat aglis,
tumameng pura cundhuk lan nata,
sampun katur saature,
Ki Jayapuspiteku,
langkung emeng galih Narpati,
pangulu ingandikan,
Suranata juru,
samya kinen andedonga,
pamrihira liliha krodhane nguni,
Arya Jayapuspita.

Ki Sumabrata malih tinuding,
medal saking pura wus apanggya,
lan Arya Jayapuspitane,
andhawuhaken wuwus,
Iah Ki Arya timbalan Aji,
Sri Narendra tan arsa,
mangkono sireku,
baris aneng panangkilan,
wikan mangke yen pakenira wus mijil,
lawan sawadyanira

Arya Jayapuspita wus nolih,
ambubaraken barisanira,
wus bubar saha wadyane,
lampahe ting kalendhung,
ririh datan ngaget-ageti,
kadya wilangan tindak,
wadya gung tan carub,
lawung agathik tan ana,
wong awatuk miwah ingkang nolih-nolih,
lan rowange tan ana.

Sampun prapta sakiduling masjid,

PNRI Balai Pustaka

sajawining pamondhokanira,
gegaman sami anolih,
mareng mring alun-alun,
datan owah tataning baris,
wong sawiji tan ana,
ingkang lajeng mantuk,
marang pamondhokanira
lajeng geger barisnya mepeti margi,
katur ing Sri Narendra.

Langkung wagugen tyasira Aji,
dene Ki Arya Jayapuspita,
arsa angrebut jisime,
abela kadangipun,
suka pejah kalawan kapir,
kang dahat aniaya,
mangkana Sang Prabu,
andhawuhaken timbalan,
heh Ki Arya timbalanaipun Sang Aji,
andika kinen bubar.

Lah bengganga kalih pancaniti,
aywa kasompakken barisira,
yen pakenira wus umber,
manawa Sang Aprabu,
angrojongi dimene wani,
ing mangke datan arsa,
Ki Arya tumungkul,
duk bubar saking Pagongan,
lingsir kilen dennya anggeger Sang Aji,
malah surub Hyang Surya,

Budhal Ki Arya sawadyaneki,
ngaler ngilen tata barisira,
lampahnya prapta Pakundhen,
ya ta kasaput dalu,
rerep wadya ing Surawesthi,

PNRI Balai Pustaka

ing dalu winursita,
wonten dutanipun,
Nata saking jroning pura,
Sumabrata lan Rangga Wanengjiweki,
datan amawi rowang.

Pan abekta tadhahari kekalih,
isi serat kalawan busana,
sampun pinatedhakake,
lan reyal kalihewu,
serat dalem sinuksmeng galih,
miyarsa kang ukara,
Ki Arya asuyud,
sumungkem aneng pratala,
sawungune Jayapuspita sru nangis,
sarya atebah jaja.

Sampun mundur dutane narpati,
wau Ki Tumenggung Sumabrata,
Ki Rangga Wanengjiwane,
tumameng ing kadhatun,
kalih prapta ngarsa Sang Aji,
ing dalu tan winarna,
wadya Surengkewuh,
enjinge anulya budhal,
sinengkalan Paksa Guna Ngrasa Wani,
bubare saking praja.

Tan winarna lampahireng margi,
sampun prapta Nagri Surabaya,
Arya Jayapuspitane,
anggung mangan anginum,
agegabah marang ing dasih,
akarya dulang mangap,
sewu pan winangun,
talang pati gangsal nambang,
seseliran trinambang myang Sarageni,

PNRI Balai Pustaka

abra ingkang busana.

Tan winarna solahireng nguni,
genti wau ingkang kawuwusa,
Sang Nata langkung emenge,
ing tyas nanging sinamun,
sapejahe Sang Adipati,
jinaluk mring Walanda,
Sang Nata kaduwung,
ngrasa tan darbe manggala,
ing tyas emeng Ratu Kancana udani,
yen Nata gung sungkawa.

Kangjeng Ratu ature mlasasih,
marma dados wuyunge punapa,
Sri Narendra timbalane,
wruhanira mBok Ratu,
ing patine Sang Adipati,
Surabaya pan mangka,
bau kiwaningsun,
mengko binekta Walanda,
yekti cela panjenenganingsun aji,
praja tanpa manggala.

Yen patuta kadya sun belani,
Kangjeng Ratu wruh semuning Nata,
yen sanget ngemu dukane,
ngrerepa aturipun,
pan kawula nenuwun ugi,
dipun emut paduka,
den angeman sunu,
kang wirayat Eyang Sultan,
ing Mentaram ing benjing bala kumpeni,
milya miseseng Jawa.

Lagya eca ngandika Narpati,
pan kàsaru wau lebetira,

PNRI Balai Pustaka

Ki Patih Cakrajayane,
atur uningeng Prabu,
yen kang paman mangkya ngemasi,
Pangran Natakusuma,
Sang Nata angungun,
Cakrajaya ingandikan,
prapteng ngarsa ngandika Sri Narapati,
paman Natakusuma.

Atmajane gentekna agipih,
lah jenengna Pangran Pringgalaya,
aywa owah salinggihe,
Cakrajaya wotsantun,
sigra medal saking ing puri,
sapraptanireng jaba,
dhinawuhken sampun,
yen Pangran Natakusuma,
atmajane ginentekaken lalinggih,
Pangeran Pringgalaya.

Aparentah Sang Sri Narapati,
Luwong Karta Mantaram kinarya,
bumi gedhe mantuk gedhe,
numbak anyar wong sewu,
kang panumping mantuk panumping,
Geni Tiga Winayang,
ing Siti kaetung,
tunggil warsa Ngenta-enta,
wong keraman semana angadeg baris,
awasta Kimas Dana.

Ngenta-enta wus ageng kang baris,
wong Mantaram pan suyud sadaya,
kang mogok ginitik age,
samana nuli katur,
mring Ki Jayawinata aglis,
anulya linurugan,

PNRI Balai Pustaka

Ngenta-enta rawuh,
sampun cecampuh ing yuda,
ramening prang Jayawinata kalindhih
wadyane kathah pejah.

Demang Jayawinata mangkya glis,
pan lumajeng marang Kartasura,
atur uninga karsane,
Ki Dana kang winuwus,
apan karya punggawa mantri,
akeh patinggi desa,
kang dadya tumenggung,
wus andadi barisira,
Kyai Demang Jayawinata wus prapti,
Nagari Kartasura.

Katur dhunateng Sri Narapati,
yen mantune Gedhe Pacukelan,
mangkya umadeg barise,
Ngenta-enta nggenipun,
langkung duka Sri Narapati,
sagung para dipatya,
njawi kang tinuduh,
anggenipun Ngenta-enta,
sigra budhal kang minangka ing tetindhih,
Pangeran Pringgalaya.

Timbalanira Sri Narapati,
yen Ki Dana kacekel ing yuda,
den gawaa urip bae,
Sang Nata arsa ndulu,
lawan malihipun punagi,
yen prapta Kartasura,
denira anglampus,
kinarya pangewan-ewan,
den rampoka ingedon wong sanagari,
kocapa kang lumampah.

PNRI Balai Pustaka

Pangran Pringgalaya sampun prapti,
Ngenta-enta lan sagung punggawa,
sigra pinapag yudane,
rame denira pupuh,
Kartasura punggawa prapti,
samya ngantep ing yuda,
sadaya anggargut,
samya jrih timbalan nata,
myang Pangeran Pringgalaya angawaki,
wong Keraman keh pejah,

Kimas Dana lumayu anggendring,
binuru dening wong Kartasura,
mring Barabudhur puruge,
ardi sigra kinepung,
pan kacandhak Ki Dana aglis,
binanda wus ginawa,
mring Kartasureku,
wong cilik kang binoyongan,
sigra budhal Pangeran Pringgalayeki,
miwah sagung punggawa.

Sampun prapta ing Kartasureki,
katur mareng Kangjeng Sri Narendra,
yen pun Dana kacekele,
karsanira Sang Prabu,
kinon ngrampok edom tumuli,
marang wong sanegara,
ingundhangken sampun,
denuger waringin kembar,
abdi dalem kaparak lekas rumiyin,
nulya gantya kaparak.

Sawusira gendhong wadya njawi,
kang gumanti ngrampok ing dom sigra,
anulya ingundhangake,
mring wong sanegareku,

PNRI Balai Pustaka

pan kacatur ing tigang ari,
jisimipun kinenthang,
aneng alun-alun,
nulya pinocok kang murda,
wus pinanjer gembunge dipun babedi,
pinetak aneng endra.

Gantya warsa kang ingucap malih,
maratuwanya Kyaimas Dana,
Ki Gedhe Pacukilane,
katur marang Sang Prabu,
yen belani mantunireki,
nedya bangga ing raja,
ngadeg barisipun,
semana wus linampahan,
pra punggawa prapteng Pacukilan nenggih,
Ki Gedhe wus kapedhak.

Apan dora kang matur nerpati,
apan Ki Gedhe tan munasika,
semana arsa memule,
Ki Gedhe dyan pinikut,
marang sagung para dipati,
pinocok ingkang murda,
katur ing Sang Prabu,
myang sutane pinejahan,
tunggil warsa Tumenggung Kartanagari,
linungsuri linggihira.

Mantun denira dadi pepatih,
pan kinarya wadana panekar,
pan kawindu sengkalane,
wama tetiga ratu,
duk pepatih dadya sawiji,
Tumenggung Cakrajaya,
maksih lumastantun,
parentahing Tanah Jawa,

PNRI Balai Pustaka

tunggil warsa Ki Wiracana ing mangkin,
mangun masigid Demak.

Sirapipun kang dipun salini,
Sri Narendra ambektani arta,
apan ta sewu kathahe,
lamine tigang tengsu,
Ki Tumenggung Wiracaneki,
njenengi aneng Demak,
sawusira mantuk,
sapraptane Kartasura,
tan alami Ki Wiracana ngemasi,
angungun Sri Narendra.

Duk uripe Ki Wiracaneki,
abdi dalem gedhong kering-kanan,
Wiracana tetindhihe,
myang wong kaparak iku,
wadanane amung satunggil,
pangeran ing Balitar,
pan tetindhihipun,
pan mangkana cinarita,
Sri Bupati arsa amemantu nenggih,
kang wayah kalih pisan.

Pangran Balitar peputra estri,
akekasih Raden Ajeng Wulan,
pinundhut putra mring rajeng,
wayah putra waruju,
Sri Narendra kalangkung asih,
mangkya Raden Mas Damar,
kang wayah pambayun,
kang putra Pangran Dipatya,
pan pinendhet putra denira kang rayi,
Pangeran Purubaya.

Sri Narendra angandika aris,

PNRI Balai Pustaka

Nimbok Ratu ingsun pan wus tuwa,
ing karsaningsun ing mangke,
Si Rara karsaningsun,
ngong panggihken mupung ing mangkin,
kalawan putuningwang,
iku karsaningsun,
mupung maksih jenengingwang,
Kangjeng Ratu Pakubuwana wotsari,
inggih langkung prayoga.

Tata-tita lingira ing nguni,
Kangjeng Susunan Pakubuwana,
amemantu ing putrane,
wayah ingambil sunu,
daweg umur sadasa warsi,
nama Den Ajeng Wulan,
warna luwih ayu,
angsal kang putra Pangeran,
Purubaya warnane anom apekik,
wasta Raden Mas Damar.

Kala aningkah apan marengi,
ing dinten Senen Wage semana,
ing Mandhasiya Wukune,
Jumadilakiripun,
kawan welas kang punang sasi,
taun Edal lumampah,
sangkalaning taun,
Trus Guna Angrangsang Tunggal,
duk panggihe sumaos para bupati,
oter wong Kartasura.

Pra dipati sentana myang patih,
Dyan Apatih Cakrajaya prapta,
Kapurbayan sagarwane,
sadaya sami tugur,
ageng-alit saos ing kardi,

PNRI Balai Pustaka

nguyu-uyu gamelan,
umyung Galaganjur,
miwah sagegamanira,
warna-warna rinakit asaos kardi,
wonten ing Kapurbayan.

Senen sonten punggawa myang mantri,
sami ngiring kadhaton wus prapta,
panganten wau lampahe,
kang tengara gumrudug,
barondongan senjata muni,
Sang Nata suka ing tyas,
palenggahan sampun,
Sri Narendra angandika,
anakingsun patemon putra myang putri,
munggeng ing pangkoningwang.

Raden Putra pinaksa wotsari,
munggeng wentisira Nata kanan,
Sang Putri wentis keringe,
Sang Nata lingira rum,
babo anakingsun kekalih,
oyoda rondhona,
babo anakingsun,
pan dadiya pangauban,
marang sanak anak-putunira benjing,
tulus sira aduta.

Poma sira den bisa alaki,
miwah sira denira mong garwa,
sarta den elus embune,
putra kalih wotsantun,
sampun lengser neng pangkon Aji,
saksana sigra dhahar,
tengara grumudug,
barung kalawan gamelan,
pan gumerah swarane kang punang janmi,

PNRI Balai Pustaka

lir oreg kang pratala.

Sampune dhahar sami wotsari,
sampun medal saking njro kadhatwan,
horeg wong njro ngiring kabeh,
wadya njawi gumuruh,
abarengan swaraning bedhil,
gamelan sareng munya,
swarane gumuruh,
nulya prapta Kapurbayan,
atengara sanjata gamelan muni,
edrele barondongan.

Lurung-lurung andher kang angiring,
anglir gelap swarane kang janma,
warna-warna jempanane,
joli jampana tandhu,
waos ulam benang myang jinggring,
Purbaya ing rinengga,
pan asri dinulu,
sadaya wus sinugata,
pra bupati santana miwah kang mantri,
dhahar inum-inuman.

Ramya tutug bubar tengah wengi,
byar rahina dhateng Kablitaran,
samekta angiringake,
panganten sampun rawuh,
ing Blitaran tengara muni,
senjata barondongan,
gamelan ambarung,
pra bupati Kartasura,
pepak Kablitaran sampun prapti,
andhatengaken suka.

Dhedhaharan nginum ing salatri,
enjing budhal panganten wus prapta,

PNRI Balai Pustaka

Kapurbayan sawadyane,
datan kawarneng enu,
pan sapeken laminya nenggih,
pagering ingkang prapta,
pakliyengan ngelu,
sapasar wus samya waras,
tan antara Sri Narendra nulya mijil,
undhang mring wadya bala.

Sawarnane kang para bupati,
kinen karya daleme kang putra,
pasowan kidul prenahe,
sawetaning marga gung,
kinen majeng mangilen kori,
gumuruh kang akarya,
ing Kartasureku,
tan antara nulya dadya,
dalem ageng Raden Panganten wus ngalih,
sawadya garwanira.

Sakaprabonira sampun enting,
ingusungan kang saking Purbayan,
mangidul ika daleme,
Kangjeng Ratu winuwus,
marang putra kelangkung asih,
Raden Ayu yen sowan,
marang jro kadhatun,
sabarang panuwunira,
datan lepat Kangjeng Ratu anuruti,
panuwune kang putra.

Sakathahe busana kang adi,
apan saking ing ibu sadaya,
sakalangkung sih mulane,
Sang Nata kang winuwus,
nulya enjing miyos tinangkil,
pepak ingkang sewaka,

PNRI Balai Pustaka

dipati neng ngayun,
Sri Narendra angandika,
anakipun ki panganten sun paringi,
anamaa Pangeran.

Pangeran Arya aluwih becik,
lawan ingsun paringi lelenggah,
mung telungatus cacahe,
pirabara ing besuk,
Jeng Pangeran mudhun wotsari,
anulya wonten undhang,
sabuk ukup kuluk,
pan antara tigang candra,
parasipun Sang Nata tengara muni,
nuju wulan Ramelan.

Anulya datan antara lami,
Jeng Pangeran pinaringan lenggah,
wong pitungatus cacahe,
dadya jangkep wong sewu,
Jeng Pangeran rena kang galih,
bungah wadyeng kariyan,
mangkana winuwus,
pambalike ing Winongan,
Raden Tirtakusuma umadeg baris,
anggitik Pasuruhan.

Kang jumeneng Pasuruhan nguni,
akekasih Tumenggung Jadita,
duk Pasuruhan bedhahe,
punika kang tinandur,
Pasuruhan apan taliti,
mangkana ki Jadita,
sampun kapalayu,
dene bala ing Winongan,
Pasuruhan apan sampun denanciki,
Raden Tirtakusuma.

PNRI Balai Pustaka

Sampun katur dhateng Sri Bupati,
yen pun Tirtakusuma Winongan,
tuhu lamun pambalike,
langkung duka Sang Prabu,
Kyai Kartanagara aglis,
kinen nglurug mangetan,
lan sakancanipun,
sagunge para punggawa,
wong pasisir Bangwetan kang dentindhihi,
ngluruk ngrusak Winongan.

Tan winarna ing marga wus prapti,
ing Winongan rame dennya yuda,
pan tigang candra lamine,
Winongan dennya nggempur,
kuthanira dipun obongi,
rabine wus jinarah,
Tirtakusumeku,
binoyong mring Kartasura,
pan ambekta atmaja jalu satunggil,
Mas Kaji namanira.

Raden Tirtakusuma angungsi,
ngili lumayu kitha Lumajang,
kang ngluruk wus mantuk kabeh,
Ki Jadita Tumenggung,
Pasedhahan dipun pejahi,
tinuwek Kartasura,
aneng alun-alun,
dosane tiwas rumaksa,
ing prajane anulya dipunpejahi,
apanta genti warsa.

Ya ta ingkang kawuwusa malih,
Jayapuspita ing Surabaya,
dennya gumanti kakange,
amung sowan samulud,

PNRI Balai Pustaka

wadya Surabaya kinerig,
cinatur tigang nambang,
saseliranipun,
wadya Srageni sanambang,
kang rong nambang ingaran wong Talangpati,
samya kre gegenderan.

Sikep waosmamas benang jinggring,
myang tumper ingas myang bolang-bolang,
wugu tutup landung ambel,
myang mantrenira agung,
atanapi rayi kekalih,
Apanji Surengrana,
ari kang waruju,
sira Panji Kartayuda,
ari kalih nyewu sikepe ajurit,
binakteng Kartasura.

Duk semana Kangjeng Sri Bupati,
lamun Ki Arya Jayapuspita,
asanega pasebane,
Sang Nata sukeng kalbu,
samya undhang anyelut keris,
kancana lan salaka,
weneh kang Bali Butung,
asri tinatrapan emas,
sira Arya Jayapuspita tan lami,
neng Nagri Kartasura.

Sigra mantuk marang Surawesthi,
sapraptanira ing Surabaya,
tan arsa balia maleh,
rembag sakadangipun,
sedya sami ngulati margi,
mangkana kang utusan,
mantri kang lumaku,
Ki Tumenggung Surabrata,

PNRI Balai Pustaka

kanthinira mantri jro ingkang lumaris,
aran Diramenggala.

Samadya candra neng Surawesthi,
duta nata Kyai Sumabrata,
lan Ki Diramenggalane,
nanging Japuspiteku,
asemados sowan ing benjing,
tansah sinangga krama,
duta kalih mantuk,
praptanireng Kartasura,
wus prapteng njro ing ngabyantareng narpati,
katur sasolahira.

Sri Narendra animbali patih,
kinen duta dhateng ing Samarang,
Surabaya pamogoke,
Ki Patih sigra nuduh,
sampun mesat kekalih mantri,
bekta surat Narendra,
gentia winuwus,
Ki Arya Jayapuspita,
saungkure Ki Sumabrata duta Ji,
anuduh arinira.

Panji Surengrana kinen wiwit,
mantuk saking Nagri Surapringga,
datan kawarna lampahe,
Nagri Lamongan rawuh,
sira panji anulya wiwit,
budhal saking Lamongan,
Garesik tinuju,
saking Giri dennya minggah,
wong Lamongan ing Kadu angrangsang biting,
kawulane tan konggat.

Kawarnaa dutaning narpati,
sampun prapta Nagari Samarang,

PNRI Balai Pustaka

sampun katampen dutane,
marang sira kumendur,
tinupiksa lan den urmati,
kumendur wus siyaga,
anumpak ing laut,
layar marang Surabaya,
sapraptane Surabaya wus apanggih,
lan Arya Japuspita.

Sira kumendur tetanya aris,
marang Ki Arya Jayapuspita,
dene apanjang solahe,
Jayapuspita tambuh,
saking awonipun Apanji,
kumendur pan kewedan,
mangkana pinatut,
biting Garesik binubrah,
nulya mantuk kumendur marang Samawis,
Apanji mintasraya.

Utusan marang Nagari Bali,
ing Garesik wineton sagara,
Dewa Kaloran srayane,
wong Garesik kinukup,
mungsuh prapta ing tengah wengi,
gegeran apuyengan,
kathah kang kacakup,
wadya lit mawur sar-saran,
sabedhahe nagari wau Garesik,
mantuk Dewa Kaloran.

Samados ing wangsulira malih,
Panji Lamongan apan akathah,
abektani rerubane,
kang katur ing Dewagung,
ing Kaloran dutane prapti,
mangkana kang winarna,

PNRI Balai Pustaka

Nagri Surengkewuh,
Dipati Jayapuspita,
apratandha wus angadegaken baris,
ngirub mancanagara.

Panji Kartayuda kang tinuding,
anggeceki pra mancanagara,
lumaksana ing barise,
ngirid prajurit sewu,
Nagri Japan kang den margani,
wong Japan tan kawawa,
mapak aprangipun,
samya anungkul kewala,
Nagri Japan samana wus den margeni,
lajeng mring Wirasaba.

Wadya Wirasaba samya ngili,
bupatine ngumpul marang Daha,
Apanji Kartayudane,
Wirasaba wus rawuh,
bupatine kapanggih sepi,
pan sampun tinaneman,
Kartayuda laju,
ngrabaseng Nagari Daha,
wong nagari pan sampun miyarsa warti,
sanega methuk ing aprang.

Apan lagya yun-ayunan jurit,
kawarnaa Apanji Lamongan,
sampun lumampah dutane,
anggepuk ing Sedayu,
ramening prang kathah kang mati,
kitha Sedayu bedhah,
Panji sigra mangsuk,
minger anggitik ing Jipang,
tan winarna ing marga ing Jipang Prapti,
lajeng campuh ing yuda.

PNRI Balai Pustaka

Sira wadya ing Jipang kalindhih,
wau Tumenggung Surawijaya,
anderojog duk kengsere,
gugup tan polih kiwul,
wong Lamongan gaya wangsul malih,
lajeng ingrabaseng Tuban,
semana wus rawuh,
ing Tuban campuh ing yuda,
wadya Tuban ingamuk sedaya gusis,
kuthane wus kancikan.

Kawarnaa kang ana Kadhiri,
duk samana campuh ing ayuda,
Apanji Kartayudane,
wong Kadhiri anggargut,
wadya Surabaya mangungkih,
ambyuk angamuk rampak,
wong Kadhiri mawur,
sira Panji Kartayuda,
sabalane sampun ngancik ing Kadhiri,
anukup wong Bangwetan.

Ing Kartasura ingkang winarni,
dina Soma Sang Nata sineba,
pinarak ing dhampar gedhe,
jejel wadya supenuh,
demang arya lan tandhamuhi,
ngabehi sinang arya,
kandhuruwan sewu,
myang Apatih Cakrajaya,
munggeng ngarsa abukuh konjem ing siti,
sigra matur ing nata.

Yen nagari dalem Surengwesthi,
mangkya pun Arya Jayapuspita,
tuhu lamun pangadege,
sampun angirup-irup,

PNRI Balai Pustaka

marang sagung mancanagari,
Bangwetan ginecekan,
myang pasisiripun,
ing Sedayu sampun bedhah,
miwah Tuban ing Jipang sampun kalindhih,
Kadhiri wus kancikan.

Asru ngandika Sri Narapati,
heh Apatih Cakrajaya sira,
prasajaa dipun age,
iya marang kumendur,
yen wong Surabaya ambalik,
lan sira sanegaa,
gegamaning pupuh,
sira dhewe lumakua,
metu elor ngirida bala pasisir,
miwah mancanagara.

Iya Tumenggung Kartanagari,
kang sun tuduh iku nindhihana,
metuwa kidul lakune,
lawan sira den gupuh,
amundhuta bala kumpeni,
Ki Patih atur sembah,
ngahdaton Sang Prabu,
Kiya Patih undhang-undhang,
wus amarak mantri kang dhateng Samawis,
wong Kartasura dandan.

Kawarnaa caraka nrepati,
ingkang dhateng Nagari Semarang,
prapta katampen surate,
marang sira kumendur,
tinupiksa dipun urmati,
kumendur akapita,
angundhangi sampun,
bala kumpeni siyaga,

PNRI Balai Pustaka

lan kumendur tur wikan marang Betawi,
wus mesat dutanira.

Tan winarna lampahireng nguni,
Kyai Tumenggung Kartanagara,
andhingini ing budhale,
saking Kartasuresuk,
ngirid wadya mancanagari,
kitha sih Cakrajaya,
kang maksih angantun,
anganthi bala Walanda,
duk samana kundur lan utusan aglis,
ajangji angkatira.

Kyai Patih Cakrajaya aglis,
budhal saking Nagri Kartasura,
miyos Samarang lampahe,
bala umyang gumuruh,
busananya awarni-warni,
tinon lir puspita bra,
asri yen dinulu,
myang sagung para punggawa,
tan winarna neng marga prapteng Samawis,
gantya kang kawuwusa.

Sira Tumenggung Kartanagari,
lampahira apan sampun prapta,
ing Jipang tepis-wiringe,
apan sampun kekuwu,
nganti wadya mancanagari,
akumpul aneng Jipang,
Ki Rangga Madiun,
myang Kasuwang Kamagetan,
ing Balora ing Warung lan Caosragi,
amung ing Garobogan.

Punggawa kalih sami den piji,
tumut lampahira Ki Papatya,

PNRI 6p Balai Pustaka

apan pasisir wedale,
Dyan Suryawinateku,
Raden Sasrawinata nenggih,
kang wayah Panembahan,
kang raka karuhun,
pinaringan ing Mandura,
kang saduman nanging ta datan alami,
anulya tinimbalan.

Pinaringan Garobogan nenggih,
Suryawinata Sasrawinata,
warnanen wau lampahe,
Ki Kartanagareku,
sampun ayun-ayunan jurit,
lan Panji Surengrana,
aneng Majalangu,
Tumenggung Surawijaya,
sampun kumpulan Kyai Kartanagari,
wus ageng barisira.

Kang Tumenggung Surawijayeki,
wus siyaga lan sawadyanira,
myang mancanagara kabeh,
budhal arsa umagut,
Kyai Kartanagara nguni,
kinarya tindhihira,
panji sigra mpthuk,
rame campuh ing ayuda,
wadya mancanagara prangnya mangungkih,
datan nedya mundura.

PNRI Balai Pustaka

V. DURMA[5]

Panji Surengrana pengub ing ayuda

lawan Mangkunagari,
myang wong Kartasura,
buru-binuru samya,
wadya lit kathah kang mati,
sapih kang yuda,
apan ta saput wengi.

Kutha Jipang apan ta sampun kancikan,
marang mancanagari,
Panji mundur sigra,
dhateng Nagri Lamongan,
wonten dasih tur udani,
yen Nagri Tuban,
sampun kancikan malih.

Mring Ki Rangga wong pasisir kang binekta,
Lasem Kudus lan Pathi,
Rembang lan Juwana,
Apanji Surengrana,
mila mundur sawadyeki,
kang kawamaa,
Dewa Kaloran nenggih.

Prapta malih bekta punggawa tetiga,
prapta Nagari Gresik,
dene kehing bala,
pitungatus sadaya,
wastane punggawa katri,
pun Dewa Soka,
lan Dewa Sade linggih.

Dewa Bagus wastane ingkang satunggal,
Panji Surengraneki,
amanggihi sigra,
marang Dewa Pakaloran,
prapta nagri ing Garesik,

PNRI Balai Pustaka

Dyan Surengrana,
samya agunem kawis.

Risampunya rem bagan Panji Lamongan,
arsa banjela malih,
dhateng Nagri Jipang,
sira Dewa Kaloran,
bektani satus wong Bali,
wonten satunggal,
tetiyang ing Garesik.

Pan binakta dhateng Panji Surengrana,
aran Juragan Bali,
ageng manahira,
sugih wong tetebusan,
dedege ageng ainggil,
kyai juragan,
keras ambegireki.

Kaduk wani tan aprang ing lautan,
wus binakta tumuli,
mangsah dhateng Jipang,
rabine ki juragan,
ginadho dhateng Apanji,
kinen ambekta,
marang ing Surawesthi.

Para dewa pan sami kantun sadaya,
aneng Nagri Garesik,
pan Ki Surengrana,
budhal sawadyanira,
ingkang kinarya pangarsi,
Kyai Juragan,
tan kawarna ing margi.

Lampahira sampun prapta Nagri Jipang,
sampun campuh ing jurit,
lan wong Kartasura,

PNRI Balai Pustaka

sagung para punggawa,
pepakan mancanagari,
aneng ing Jipang,
ingkang dadya tetindhih.

Ki Tumenggung Surawijaya ing Jipang,
langkung ramening jurit,
yata Ki Juragan,
Bali sigra umisah,
mudhun saking ing turanggi,
angamuk ngampak,
wong tetebusan ngiring.

Ki Juragan Bali tandange lir yaksa,
kang tinarajang ngisis,
wadyabala Jipang,
kathah longe kang pejah,
miwah wong mancanagari,
kathah kang pejah,
sigra mundur tumuli.

Sakathahe punggawa mancanagara,
myang wong Kartasureki,
kengser yudanira,
wonten kilen kitha,
desa Barongkol den nggoni,
para prawira,
pan sami abebiting.

Kutha Jipang anenggih sampun kancikan,
dhateng Surengraneki,
sigra wonten duta,
prapta atur uninga,
yen Sidayu den anciki,
marang Ki Rangga,
Tuban myang Wong pasisir.

Ingkang kilen ngirid dhateng Ki rangga,

PNRI Balai Pustaka

sigra Juragan Bali,
kinen umangsaha,
mring Sidayu Nagara,
sampun binaktan wong Bali,
seket kehira,
nulya mangkat tumuli.

Ki Juragan Bali lampahe wus prapta,
ing Sidayu Nagari,
campuh dennya yuda,
angamuk Ki Juragan,
Ki Rangga Tuban tan gingsir,
rame kang yuda,
wong pasisir keh mati.

Kyai Rangga wus lumayu marang Tuban,
lawan wadyeng pasisir,
Sidayu wus bedhah,
kancikan Ki Juragan,
sagunge bala pasisir,
ngumpul mring Tuban,
pan sami abebiting.

Ki Juragan Bah angungsi mring Tuban,
sigra angrangsang biting,
nanging nora kangkat,
Kyai Rangga ing Tuban,
darbe tetukon wong Bah,
mung pitungdasa,
sigra kinen miyosi.

Ananggulang yudane Kyai Juragan,
sigra campuh tumuli,
kuwel dennya yuda,
wong tukon pitung dasa,
pangamukira mangungkih,
Kyai Juragan,
panggah nora gumingsir.

PNRI Balai Pustaka

Wong tetukon tandange lir singa lodra,
ingkang katrajang ngisis,
wonge Ki Juragan,
akathah ingkang pejah,
miwah wadyanira panji,
kang tinindhihan,
marang Juragan Bali.

Tiyang Bali seket pan tumpes sadaya,
siji tan ana kari,
sira Ki Juragan,
sigra mundur lon-alon,
pan sampun atur upeksi,
mring Surengrana,
yen asor dennya jurit.

Sira Panji Lamongan langkung bramantya,
sigra budhal mring Tubin,
lan sawadyanira,
sapraptane ing Tuban,
lajeng campuh ing ajurit,
rame kang yuda,
wong Tuban keh ngemasi.

Wus kalindhih yudane Ki Rangga Tuban,
wadyanira keh mati,
kuthane kancikan,
marang Panji Lamongan,
Nagari Jipang winarni,
saungkurira,
Panji Surengraneki.

Ingancikan malih mring Kartanagara,
myang Surawijayeki,
sarta pra dandanan,
dadya mancanagara,
pan samya kinering malih,
wadya ing Jipang,

PNRI Balai Pustaka

barise ageng malih.

Kyai Rangga Tuban ingkang kawarnaa,
aneng Lasem Nagari,
sami pabarisan,
wong Pathi lan ing Rembang,
pepak Kudus Juwaneki,
wus pakumpulan,
aneng Lasem Nagari.

Kawuwusa Ki Apatih Cakrajaya,
maksih wonten Samawis,
anganti Welanda,
kang sangking ing Jakarta,
amung Ki Somacitreki,
kinen ngluruga,
angrebat Nagri Tubin.

Wong pasisir Ki Panenggih kang binekta,
sigra budhal tumuli,
tan kawarneng marga,
wus prapteng Nagri Tuban,
lajeng campuh ing ajurit,
ramening yuda,
gantya rong silih-ungkih.

Pan kinepung wau nagari ing Tuban,
dening bala pasisir,
Sang Panji Lamongan,
pan kekathahen lawan,
wus kengsir sawadyaneki,
mring Paronggahan,
añilar kitheng Tubin.

Wong Bangkilen angebroki kitha Tuban,
yata ingkang winarni,
Kyai Cakrajaya,

PNRI Balai Pustaka

budhal saking Semarang,
angirid bala kumpeni,
pan sabergada,
tanapi tiyang Bugis.

Lan Makasar Ambon Tamate Sambuwa,
Minangkabo wong encik,
anta wis sanambang,
dene pangagengira,
kumendur Gobyo nameki,
lawan Kapitan,
Krasbun andeling jurit.

Sira Amral Baritman kantun Samarang,
lawan bala kumpeni,
nenggih sabragada,
aso aneng Samarang,
Ki Patih Cakrajayeki,
lajeng mring Tuban,
kerig bala pasisir.

Prapteng Tuban Ki Cakrajaya utusan,
mring Ki Kartanagari,
sigra lumaksana,
mring Nagri Surabaya,
Jangrawati ngriwuk margi,
teka lajua,
marang ing Surawesthi.

Pan manira umancal marang ing Tuban,
anjok ing Surawesthi,
apan sampun rembag,
Kyai Kartanagara,
wus budhal sawadyaneki,
miyos ing dharat,
kang tinilar ing wuri.

Ki Tumenggung Surawijaya ing Jipang,

PNRI Balai Pustaka

kinen jaga nagari,
menek Surengrana,
ngiwat-iwut ing wuntat,
Ki Patih Cakrajayeki,
pan sampun mancai,
lawan wadya kumpeni.

Medal laut sampun lajeng lampahira,
ingkang tinilar Tubin,
Arya Kudus lawan,
pepatih ing Jepara,
kang aran Ki Wiramantri,
kang kawarnaa,
Panji Surengraneki.

Duk Ki Patih Cakrajaya aneng Tuban,
lengser Surengraneki,
saking Paronggahan,
Ki Patih sareng mancai,
sira Panji wangsul malih,
mring Paronggahan,
klawan Juragan Bali.

Ki Juragan Bali mikir jroning nala,
kaya paran si Panji,
dennya bandayuda,
mungsuh mring sanegara,
den lurugi ing pepatih,
si Surengrana,
dadya mungsuh Sang Aji.

Ingsun iki dadya milu wong duraka,
pantasane kang ati,
kala ingsun dagang,
layar aneng Lantan,
marmane ingsun sugih,
barkating nata,
ingkang sunpundhi-pundhi.

PNRI Balai Pustaka

Milanipun ingsun sugih mas-salaka,
tan lyan barkat narpati,
sunsuhun ing murda,
yata Kyai Juragan,
nulya api-api sakit,
pan arang mangan,
puasa patigeni.

Arsa pamit yen waras mangsa mantuka,
milane api gering,
antuk pitung dina,
wau denira pasa,
ki juragan lajeng misi,
matur ing Pandya,
yen juragan asakit.

Ki Juragan Bali kinen mantuk sigra,
marang Nagri Garesik,
binotong kewala,
welingira Apandya,
heh poma juragan Bali,
yen sira waras,
nuli baliya maning.

Tan winarna ing warga Kyai Juragan,
sampun prapta Garesik,
nulya m angan sega,
sakite wus waluya,
yata gentiya Winarni,
Ki Cakrajaya,
prapta ing Surawesthi.

Lan Kumendur Gabyo wau rowangira,
samya jujug ing loji,
yata kacarita,
loji ing Surabaya,
kumpeni kang jaga kedhik,
mung kawandasa,

PNRI Balai Pustaka

sami angati-ati.

Pan meh bedhah rinurak wong Surabaya,
nulya Rekyana Patih,
Cakrajaya prapta,
myang sagunging punggawa,
wus pepak neng Surawesthi,
sawadyanira,
tuwin sagung kumpeni.

Ki Tumenggung Kartanagara wus prapta,
Nagari Surawesthi,
baris kidul kitha,
aran desa Sapanjang,
sumedya ngaturi tuhs,
marang Sang Nata,
miwah Rekyana Patih.

Cakrajaya pan samya ngaturi serat,
marang Sri Narapati,
duta lumaksana,
wus prapteng Kartasura,
serat katur ing Narpati,
wus tinupiksa
bebukaning kang tulis.

Suratira Kiyai Kartanagara,
pinariksa mring Aji,
kacaryan Sang Nata,
andangu marang duta,
sapa kang anulis iki,
duta tur sembah,
pukulun kang anulis.

Abdi dalem awasta pun Saratruna,
sutane Saradewi,
lingira Sang Nata,
warahen gustinira,

PNRI Balai Pustaka

carike ngong pundhut mangkin,
den ulihena,
maring Kartasureki.

Kang caraka kekalih sampun tinulak,
wus binektanan tulis,
duta kalih mesat,
yata kang kawarnaa,
kang baris ing Surawesthi,
ayun-ayunan,
pan sami abebiting.

Sakathahe punggawa ing Kartasura,
tuwin bala kumpeni,
kalangkung prayitna,
manyeme tinata,
tanapi wong Surawesthi,
prayitneng baya,
tanana sedya urip.

Kawarnaa kang para dewa tetiga,
kang aneng ing Garesik,
susah manahira,
sira Dewa Kaloran,
sadhatenge lajeng sakit,
nulya angundang,
marang Juragan Bali.

Ki Juragan Bali sampun prapteng ngarsa,
Dewa Kaloran angling,
heh Kyai Juragan,
manira atetanya,
apa wartane ing nangkin,
ing pabarisan,
pan sira lagi prapti.

Ki Juragan Bali alon saurira,
inggih mangke pun panji,

PNRI Balai Pustaka

aneng Paronggahan,
mungsuhe kathah prapta,
myang kang dhateng Surawesthi,
pepatih nata,
Cakrajaya nameki.

Para dewa anjetung tan ana ngucap,
myarsa ingkang pawarti,
nenggih Ki Juragan,
angling Dewa Kaloran,
marmane manira prapti,
ing Tanah Jawa,
sanggupe Si Apanji.

Pakonira Susunan Pakubuwana,
mengko patihe prapti,
yen pakonaneya,
mangsa dilurugana,
pepatihe Sri Bupati,
heh ya Juragan,
manira mangke mulih.

Ki Juragan Bali alon wuwusira,
yen dika arsa mulih,
mring Nungsakambangan,
mahira angsung wikan,
dhumateng Rekyana Patih,
pamrih kawula,
ndika angsala margi.

Yen Ki Patih Cakrajaya boten suka,
dika angsala margi,
pan Nagri Mandura,
Sumenep Pamekasan,
kaparentah mring Ki Patih,
nenggih andika,
tumut dhateng pun Panji,

PNRI Balai Pustaka

Yekti ndika amengsah wong sanagara,
pun Surengranat Panji,
duraka ing nata,
angling Dewa Kaloran,
sakarepmu ingsun iki,
Kyai Juragan,
Bali utsan aglis.

Tur uninga mring Apatih Cakrajaya,
punang utusan prapti,
Nagri Surabaya,
tundhuk lawan apatya,
kang caraka atur tulis,
gya tinupiksa,
dhateng Rekyana Patih.

Ki Apatih Cakrajaya langkung trustha,
myarsa ungeling tulis,
tinulak kang duta,
sarta kyai Juragan,
tinimbalan mring Ki Patih,
sarta ngaterna,
sagung para deweki.

Duta prapta Ki Juragan langkung suka,
sagung para deweki,
sigra kinen budhal,
miwah Kyai Juragan,
angateraken ing margi,
kang para dewa,
ing Pelasa wus prapti.

Para dewa sampun lajeng lampahira,
sira Juragan Bali,
dhateng Surapringga,
sami ungkur-ungkuran,
Ki Juragan aglis prapti,
ing Surabaya,

PNRI Balai Pustaka

seba marang Ki Patih.

Ki Apatih Cakrajaya suka ing tyas,
denira aningali,
maring Ki Juragan,
dene gagah-prakosa,
dedege ageng ainggil,
sugih santana,
Ki Juragan tinari.

Apa wani marang Panji Surengrana,
Ki Juragan tur bekti,
purun anggeceki,
mring Panji Surengrana,
ing pundi nggene pinanggih,
pun Surengrana,
purun agenti keris.

Ki Apatih Cakrajaya angandika,
yayi Tumenggung Tegil,
sira nindhihana,
marang adhi juragan,
bekta punggawa kekalih,
Barebes lawan,
yayi ing Lepentangi.

Ki Tumenggung Tegal ature sandika,
sigra mangkat tumuli,
lawan Ki Juragan,
datan kawarneng marga,
wus prapta Nagri Garesik,
lajeng umangsah,
mring Lamongan Nagari.

Panji Surengrana mangkya lagi prapta,
sawadyanya umiring,
saking Paronggahan,
sapraptane Lamongan,

PNRI Balai Pustaka

nulya Ki Juragan prapti,
sawadyanira,
lawan Tumenggung Tegil.

Dyan kinecek wau Nagari Lamongan,
rame campuhing jurit,
sira Ki Juragan,
mudhun saking turangga,
saha bala ngamuk ngungkih,
lir singalodra,
kang tinarajang gusis.

Wus kalindhih yudane Panji Lamongan,
balane akeh mati,
kengser saking kitha,
lumayu dhateng wana,
kulawargane angiring,
Panji Lamongan,
balane akeh mati.

Ki Tumenggung Surawijaya ing Jipang,
saking kilen anangkebi,
Ki Rangga ing Tuban,
saking elor narajang,
Panji Lamongan tan gingsir,
mempen neng wana,
datan kena pinurih.

Sami mengggah sagunge para punggawa,
sigra mundur tumuli,
Ki Tumenggung tegal,
miwah Kyai Juragan,
mundur saking ing Garesik,
sawadyanira,
ya ta ingkang winarni.

Ki Tumenggung Kartanagara kalawan,
Cakrajaya apatih,
pan sami utusan,

PNRI Balai Pustaka

dhateng ing Kartasura,
sarwi angaturi tulis,
myang Saratruna,
ingaturaken aglis.

Mring Sang Nata sarta ngaturi uninga,
yen Juragan Garesik,
purun labuh keryan,
siar Kangjeng Sri Nata,
anulya mangkat tumuli,
duta wus prapta,
lawan Sri Narapati.

Saratruna wus katur ngarseng Narendra,
langkung suka Sang Aji,
sigra tinim balan,
sira Ki Saratruna,
wus kinarya lurah carik,
ngalihken aran,
Carikbaya nameki.

Sri Narendra ngandika dhateng caraka,
warahen si Apatih,
mengko Si Juragan,
Bah den gempalana,
telungatus wong Garesik,
sun wehi aran,
Ngabehi Tohjayaki.

Ponang duta atur sembah sigra mentar,
tan kawarna ing margi,
prapteng Surabaya,
katur dhateng Ki Patya,
yen katarima turneki,
Dyan Cakrajaya,
langkung trustha ing galih.

Ki Juragan nuli wau tinim balan,

PNRI Balai Pustaka

dhateng ing Surawesthi,
Tumenggung ing Tegal,
Kyai Kartanagara,
Garesik nenggih kang kari,
kinen jagia,
nenggih Nagri Garesik.

Ki Tumenggung Tegal prapta Surabaya,
lawan Juragan Bali,
sampun ingaranan,
Angabehi Tohjaya,
kalangkung suka ing ati,
kang kawarnaa,
Panji Kartayudeki.

Arinipun Ki Arya Jayapuspita,
ing mangkya lagya prapti,
saking Nagri Daha,
datan malebeng kitha,
angrengriwuk aneng jawi,
kehe kang wadya,
rongewu winitawis.

Bala Kartasura kang baris Panjang,
nenggih kang den setani,
wong Kartanagaran,
tan bisa golek pangan,
yen sampuna kanthi biting,
katawis rusak,
wadya ing Kartawani.

Ngiwat-ngiwut sira Panji Kartayuda,
pinarapat kang baris,
bedhug telu prapta,
ngamuk sawadyanira,
bakda subuh andhatengi,
angamuk rampak,
enjing asar pan prapti.

PNRI Balai Pustaka

Sedhih kingkin kang baris aneng Sapanjang,
tan ana kang binukti,
Panji Kartayuda,
ingkang ngadhang ing marga,
yata genti kang winarni,
Ki Cakrajaya,
apirembagan sami.

Lan Kumendur Gobyo wau rowangira,
angling Rekyana Patih,
kumendur anedha,
mangsah ing adilaga,
punapa kang den anteni,
pan sampun lama,
neng Nagri Surawesthi.

Ling Kumendhur Gobyo lah Ki Patih nedha,
sigra Rekyana Patih,
undhang kang punggawa,
sami kinen siyaga,
sakapraboning ajurit,
sagung dipatya,
nembang tengara atri.

Nulya medal wau saking pabitingan,
wong alit samya kardi,
tetingkes lan jagang,
ingkang lumampah ngarsa,
dene tatane kang baris,
kumpeni ngarsa,
dadya dhadhaning jurit.

Tuwin wadya Makasar Bugis Sembawa,
tan tebili lan Walandi,
kang dadya pangawat,
Dipati Jayaningrat,
anindhihi wong pasisir,
ingkang pangawat,

PNRI Balai Pustaka

ingkang pangiwa-kering.

Ingkang tengen kang dadi pangawat kana,
kang minangka tetindhih,
kyai Adipatya,
Citrasoma Japara,
Ki Citrajaya Apatih,
pan aneng tengah,
tunggil lawan kumpeni.

Kadya mendhung barise Rekyana Patya,
amor baris kumpeni,
tan kena winilang,
sakeh papan kabegan,
tanapi bala pasisir,
tan kena ngetang,
tinon lir gunung geni.

Wadya bala apan sampun asiyaga,
ingkang nindhihi baris,
apan arinira,
Arya Jayapuspita,
warnane anom apekik,
pan sanes biyang,
lan Jayapuspiteki.

Kekasihe nggenteni swargi Kang Raka,
ran Jangrana Ngabehi,
kang minangka dhadha,
para kaum sadaya,
pan samya rasukan putih,
para ulama,
pitungatus kehneki.

Para ketip tinon lir kuntul sarawa,
sarwi anyothe cundrik,
pan angagem watang,
tan kena kawoworan,

PNRI Balai Pustaka

sira Ki Pangulu Kakim,
ingkang minangka,
tetindhihe pra cantrik.

Pan Pangulu Tambakali sisihira,
sagung kang para santri,
mantri Surabaya,
kang minangka pangawat,
dene Kyai Adipati,
Jayapuspita,
munggeng wuri atebih.

Sampun budhal saking salebeting kitha,
rebut papaning jurit,
sungsen ing Kapasan,
wau denira mapan,
Kumendur Gobyo glis prapti,
sawadyanira,
mung punggawa pasisir.

Sigra campuh wau denira ayuda,
kumpeni ambedhili,
kaum Surabaya,
sami mendhak sadaya,
aneng ara-ara sami,
kumpeni sigra,
wanti-wanti mbedhili.

Sampun peteng samadyaning adilaga,
dening kukusing bedhil,
kaum Surabaya,
sareng pangamukira,
sigra **Ki Pangulu Kakim,**
ngamuk manengah,
lawan Ki Tambakkali.

Ki Pangulu kalih tandange lir yaksa,
galak amangsa daging,
kukusing sundawa,

PNRI Balai Pustaka

sinusupan kewala,
campuh acruk ingkang jurit,
ruketing yuda,
kapanggih padha wani.

Ki Ngabehi Jangrana sigra angatag,
marang ing para mantri,
demang Wirasraya,
lang gonggang lawenira,
demang Wekeban tan kari,
lan Singarana,
myang Singawalaneki.

Secapura lawan sira Sindubaya,
sami andeling jurit,
samana anulya,
sami kinen nggitika,
lawan kaponakaneki,
Jaka Tangkeban,
anenggih kang wewangi.

Tetilare Ki Adipati Jangrana,
warnanira apekik,
nanging maksih bocah,
nira Jaka Tangkeban,
kinarya tetindhih mantri,
sigra umangsah,
nempah pangawat kering.

Sareng ngamuk para mantri Surabaya,
tandangira ngajrihi,
Ngabehi Jangrana,
sigra wau umangsah,
deniring wong Talangpati,
pangawat kanan,
sanjata sareng muni.

Ramening prang tibane mimis lir udan,

PNRI Balai Pustaka

gumer sambate kanin,
lan putunge watang,
papan pating garopatan,
suweking bandera sari,
miwah daludag,
lelayu anglimuti.

Ing paprangan peteng ndhedhet lelimengan,
riwut lir tengah wengi,
kaum Surabaya,
sura pangamukira,
anempuh bala kumpeni,
uleng-ulengan,
Welanda datan gingsir.

Para ketip tandangira kadi yeksa,
watang wus tanpa kardi,
ngamuk lan curiga,
sami kuthah rudira,
kaum sami baju putih,
kadi sangketat,
abang lamun kaeksi.

Wadya Bugis Makasar samya umangsah,
tulung marang kumpeni,
kaum Surabaya,
liwung pangamukira,
wong Bugis tinempuh wani,
ramening yuda,
keris caruk lan cundrik.

Ting barekuh swarane kang bandayuda,
pedhang-pinedhang genti,
ketib Surabaya,
tandangira lir yaksa,
sewu sedheng mangsa daging,
numbak anigas,
anuduk angakahi.

PNRI Balai Pustaka

Wadya Bugis Makasar gempung suh sirna,
tuwin bala kumpeni,
tumpes sabregada,
wangke lir wewungkiran,
ing paprangan banjir getih,
sarah kumbala,
endhe lir prau kunthing.

Kang turangga lir sela ageng nglegarang,
dhadhap tameng lan tamsir,
tinon kadi mina,
angambang ing samodra,
amor lindhu andhatengi,
angren prabatang,
megung lir ruging ardi.

Kang akasa kelap-kelap kadi belah,
liweran kilat thathit,
lintang sumamburat,
tinon kadi kiamat,
bala kumpeni sirnanting,
sisaning pejah,
lumayu ngungsi biting.

Kang pangawat kiwa ingkang tinarajang,
mring mantri Surawesthi,
tandange lir buta,
sira Jaka Tangkeban,
ingkang kinarya tetindhih,
kuwel kewala,
mungsuh bela pasisir.

Sira Jaka Tangkeban angamuk ngampak,
kang tinarajang ngisis,
Dipati Janingrat,
sumyur sabalanira,
den amuk ing para mantri,
wong Pakalongan,

PNRI Balai Pustaka

samya lumayu wiwrin.

Yata wau Apanji Wiranagara,
wadyabala ing Tegil,
datan antuk papan,
geger madyeng palagan,
tinarajang ngarseng wuri,
myang kering kanan,
wadyabala ing Tegil.

Samya ndheprok tanana ingkang lumajar,
kawratan sihing gusti,
wadyeng Surabaya,
asru panempuhira,
wong ing Tegal den bedhili,
tur tinowakan,
pinaser cekelbiri.

Kacarita Tumenggung Wiranagara,
darbe ari satunggil,
aran Angrayuda,
nangis nungkemi pada,
tuwin ingkang para mantri,
samya karuna,
katura melasasih.

Dhuh Gustiku Dipati Wiranagara,
lumayua tumuli,
rebuta Koripan,
ngungsia pabitingan,
patine kula andhemi,
angger paduka,
tulusa mukti sari.

Sira Panji Wiranagara ing Tegal,
amicara ing galih,
nadyan lumayua,
mangsa wurunga pejah,

PNRI Balai Pustaka

mendah ucape ing bumi,
ingsun lumajar,
benjang nak-putu marni.

Sri Narendra tan arsa ngawulakena,
utamaning bupati,
dhateng adilaga,
angling Wiranagara,
heh sakehe sanak marni,
ngong milya pejah,
mring sira abelani.

Wadyabala ing Tegal kakehan lawan,
kiwul-kiwul tanpa lih,
mantri Surabaya,
langkung sudirengrana,
lagya winongwong Hyang Widhi,
jinajayeng prang,
marma tan olih tandhing.

Ki Tumenggung ing Tegal lir Partatmaja,
duk rinebut ing jurit,
mring sata korawa,
ingkang para santana,
kathahira kawan desi,
tumpes sadaya,
siji tan ana kari.

Kang am bekta bowat lante lan kandhaga,
pejah ngarsaning gusti,
sira sang Apandya,
Wiranagara Tegal,
jajanira kerep kanin,
bating baluncar,
niba nulya ngemasi.

Marang nggone kalih atus ingkang pejah,
parek kalawan Gusti,
wadya Surabaya,

PNRI Balai Pustaka

samya angemu waspa,
miyat kunarpanya Panji,
Wiranagara,
bagus legaweng pati.

Kawarnaa Ki Tumenggung Cakrajaya,
mundur saking ajurit,
kumpeni keh rusak,
kumendur ing Samarang,
tan pisah lawan Ki Patih,
sabalanira,
angungsi marang biting,

Kang pangawat tengen wus sumyur sadaya,
datan amangga pulih,
akeh kang palastra,
kang nggebyur ing jero toya,
lan Ki Tohjaya Ngabehi,
tumut mengawat,
kanan sarowangneki.

Sedyanira Kyai Ngabehi Tohjaya,
sedya nanggulang jurit,
pan kelesing wadya,
ingkang sami lumajar,
dadya akiwul tan polih,
wekasan misah,
wekasan turut kali.

Wus lumebet marang jroning pabitingan,
panggih lawan Ki Patih,
sami ngungunira,
ature Ki Tohjaya,
Kiyai dika tangguhi,
sampuniumajar,
darapon tiyang alit.

Wontena pangungsenira kang lumajar,

PNRI Balai Pustaka

tuwin bala kumpeni,
sasisaning pejah,
dene jasad kawula,
paduka damel pangarji,
Ki Cakrajaya,
langkung trustha kang galih.

Amiyarsa ature Kyai Tohjaya,
nulya bala pasisir,
kang sami lumajar,
wus sami tinimbalan,
kacarita Kyai Patih,
adarbe wadya,
kathahe wolung desi.

Lagya nedheng warnane samya taruna,
rinayat tur ginajih,
nenggih ingaranan,
tetiyang Trunasura,
sami akulambi kuning,
asikep watang,
mamas jininggring-jinggring.

Dene wadya kapatihan ingkang kathah,
aneng pangawat kering,
myang pangawat kanan,
Kiyai Sutayuda,
ingkang minangka tetindhih,
lan Ekatruna,
sami angreksa biting.

Munggeng kering Ki Ngabehi Sutayuda,
tengene katruneki,
wadya Surabaya,
wau anulya prapta,
kang ngelut dhateng Ki Patih,
umyung kang surak,
umung kendhang gong beri.

PNRI Balai Pustaka

Kalaganjur tinembang munya angangkang,
barung lan carabali,
wadya Kartasura,
angres ing manahira,
miyarsa gamelan muni,
Wong Surabaya,
alok sarwi ambedhil.

Nulya ngrangsang bitinge Ki Cakrajaya,
sigra campuh kang jurit,
tiyang Trunasura,
tinempuh barisira,
wong Trunasura tan gingsir,
ramene yuda,
lir udan sinemeni.

Ki Tohjaya pangamuke kadya yeksa,
neng ngarasane Ki Patih,
bala Surabaya,
kang tinarajang bubar,
sira Cakrajaya Patih,
angagem rotan,
nindhihi aneng wuri.

Samangsane mengkap bala Trunasura,
Ki Patih anudingi,
rotan sarya mojar,
heh bocah Trunasura,
padha abaüa maning,
aywaa lumajar,
ingsun anjaluk kardi.

Marang sira sapisan iki kewala,
wong Trunasura bali,
saben arsa mengkap,
Dipati Cakrajaya,
kadya mengkana dennya ngling,
wong Trunasura,

PNRI Balai Pustaka

dadya kukuh ing jurit.

Pra punggawa pasisir mawur sadaya,
samya ngungsi Ki Patih,
bala Surabaya,
asru pambujungira,
kang kacandhak den tumbaki
wong Pangasalan,
kathah longe kang mati.

Ki Tumenggung Puspanagara ing Batang,
maksih kathah kang ngiring,
lumayu lon-lonan,
angungsi Ki Apatya,
sareng celak lan Ki Patih.
wong Trunasura,
wau ingkang nulungi.

Sampun kumpul lan Ki Patih Cakrajaya,
wus binubuhan biting,
Kyai Citrasoma,
myang Dipati Janingrat,
anunggal dadi sawiji,
wong Surabaya,
kang bujung samya prapti.

Anarajang bitinge Ki Ekatruna,
sampun campuh ing jurit,
Kyai Ekatruna,
rame denira yuda,
anenggih katiban mimis.
jajanya bengkah,
niba nulya ngemasi.

Kancanipun pan sami mawur sadaya,
bala ing Surawesthi,
tandange lir buta,
minggah mring pabitingan,

PNRI Balai Pustaka

Ki Patih angatak aglis,
wong Trunasura,
kang kinen anulungi.

Myang kumpeni samya nggunturi sanjata,
nanging kasaput wengi,
mantri Surabaya,
mundur sarwi ambekta,
kunarpanira Apanji,
Wiranagara,
sawadyane kang mati.

Karsanira pinetak ing Surabaya,
sasanake kang lalis,
aywa kenthang-kenthang,
binekta mring njro kitha,
Ki Arya Puspiteki,
mundur mring kitha,
kang wadya samya ngiring.

Prapteng njawi sigra anabuh gamelan,
monggang pinirsa asri,
bala Kartasura,
angres sengkalanira,
lar dadi bocah ing bumi,
kang kawuwusa,
arsa nukup ing jurit.

Surengrana wus budhal sing wana Jipang,
arsa nukup ing jurit,
bala Kartasura,
kang abaris Sapanjang,
lampahira sampun prapti,
ing Surabaya,
sabalanya umiring.

Kawarnaa Tumenggung Surawijaya,
sampun miyarsa warti,

PNRI Balai Pustaka

lamun Surengnata,
bodhol saking ing wana,
sigra nusul sawadyeki,
prapteng Sapanjang,
pasanggrahan tumuli.

Bala Kartasura asrep manahira,
ingkang samya abaris,
aneng ing Sapanjang,
watawsi tigang dina,
wong Surabaya ndhatengi,
rame kang yuda,
wanciing madya ratri.

Ranggalawe saking lor dennya narajang,
Surengrana Apanji,
nempuh saking wetan,
Apanji Kartayuda,
saking kidul andhatengi,
wong Kartasura,
lir gabah den interi.

Ki Tumenggung Surawijaya ing Jipang,
sura pengkuhing jurit,
wadya bala Jipang,
nenggih karoban lawan,
ingurugan dhusun Lembi,
paser myang panah,
binondrongan ing bedhil.

Wadya Jipang akathah ingkang palastra,
wong Bali samya gusis,
Ki Surawijaya,
datan arsa mundura,
binendrongan dening bedhil,
nanging tan pasah,
ingurugan jemparing.

PNRI Balai Pustaka

Maksih geger Tumenggung Surawijaya,
sigra dipun paseri,
kena jajanira,
apan bupek saturna,
ingusap karaos sakit,
kang kawarnaa,
Kyai Kartanagari.

Karsanira atetulung ing ayuda,
sampun dipun ajangi,
mring wong Surabaya,
datan pantuk tulunga,
dennya jurit tengah wengi,
kongsi rahina,
sampun pisah kang jurit.

Pendhak sare Tumenggung Surawijaya,
kacarita ngemasi,
bala Kartasura,
angres manahira,
tengah dalu bubar sami,
akuthetheran,
kathah kantun neng margi.

Nenggih medal ing Garesik lampahira,
lajeng ngilen lumaris,
bala Kartasura,
medal Nagri Semarang,
pan Surengrana Apanji,
bali Nglamongan,
denira anututi.

Enengena sira Panji Surengrana,
gantya ingkang winarni,
Sang Amral Baritman,
wus prapteng Surabaya,
angirid bala kumpeni,
kalih bragada,

PNRI Balai Pustaka

apan sampun apanggih.

Lan Kumendur lan Apatih Cakrajaya,
kumendur sigra warti,
yen asor kang yuda,
kumpeni kathah pejah,
Amral langkung banting topi,
malengkung duka,
ngambil semprong tumuli.

Wau sinemprong nagari ing Surabaya,
Amral ebat ningali,
agoyang kepala,
amundhut pari sigra,
ginantung munggeng ing ngarsi,
Amral Baritman,
kacatur arang bukti,

Karsanira amangan nisil kewala,
miwah yen arsa guling,
dennya sare nungsang,
wus angsal tigang dina,
angucap mring Ki Apatih,
Ki Cakrajaya,
Nagari Surawesthi,

Langkung awrat inggih pangraos kawula,
lami kula ndon jurit,
nagari ing sabrang,
akathah ingkang pejah,
dhateng kawula ing nguni,
angeraos wegah,
nggen kawula ajurit.

Nanging mangke nagari ing Surabaya,
kula ebat ningali,
yen tan nglampahana,
ayahaning narendra,

PNRI Balai Pustaka

sayekti kawula bali,
boten kaduga,
mbedhah ing Surawesthi.

Nanging mangke Ki Patih atur kawula,
sampun alit kang ati,
inggih pinten bara,
wonten pasihaning Hyang,
sarta berkating Narpati,
ing Surabaya,
behdaha dening marni.

Ki Apatih Cakrajaya pirembagan,
lan punggawa pasisir,
prakawising tingkah,
rencang ngulati pangan,
ature para bupati,
ingkang prayoga,
pun abdi Tohjayeki.

Kang dadosa tetindhing'wadya baia,
ngulari beras pari,
Kyai Cakrajaya,
mesem alon lingira,
emane tan duwe kanthi,
adhi Tohjaya,
duwea kanthi siji.

Yekti dadi dandanan luwih prayoga,
kang padha lan si adhi,
Kyai Citrasoma,
matur dhateng apatya,
pun Arya Kudus anenggih,
adarbe wangsa,
Sirnayuda nameki.

Panembahan Makahol kang darbe tedhak,
purunipun nglangkungi,

PNRI Balai Pustaka

yen mirsa sanjata,
kedah ngamuk kewala,
tan beda lawan pun adhi,
pun Sirnayuda,
nulya dipun timbali.

Apan dadya kanthine Kyai Tohjaya,
kinarya senapati,
ing wadya kang nglarag,
sakeh wong Kartasura,
sampun angsal beras pari,
kang kawarnaa,
Pangeran Mandureki.

Tinimbalan marang Nagri Surabaya,
marang Rekyana Patih,
nanging ing Mandura,
lagya amanggih karya,
aprang lan mantunireki,
Arya Dikara,
Pamekasan Nagari

Marganira garwane Arya Dikara,
purik dipun kukuhi,
marang ingkang rama,
Pangeran Cakraningrat,
pan sampun dadi kang jurit,
elong-linongan,
wong Mandura kalindhih.

Dening bala Makasar wadya Mandura,
akathah ingkang balik,
marang Raden Arya,
Dikara duk samana,
Pangran kewran ingkang galih,
dyan arinira,
kinarya senapati.

PNRI Balai Pustaka

Raden Suradiningrat kinen maguta,
ngirid sagung prajurit,
budhal saking kitha,
sapraptanireng rana,
pangeran malik ing kapti,
supe ing kadang,
denira rebat singgih.

Kait lawan Jangkewuh mantri panuwa,
sigra utusan aglis,
marang Surabaya,
katur wewadulira,
yen kang raka tuhu mbalik,
duta wus prapta,
katur Kiyai Patih.

Sampun telas ing purwa tekeng wekasan,
Suradiningrat nenggih,
lamun ingkang raka,
mangkya sedya abangga,
kait lan wong Surawesthi,
yen wonten karsa,
kawula kang nanggupi.

Angreta ing pun kakang Cakraningrat,
dening salahing gusti,
pan inggih kawula,
malang datan ginega,
katha wewadule nguni,
marang Apatya,
tuwin marang kumpeni.

Langkung suka Ki Apatih Cakrajaya,
Amral suka tan sipi,
sampun aputusan,
marang parahu kapal,
kapitan Kartas kang nami,
kinen njothoka,

PNRI Balai Pustaka

muwara Mandoreki.

Lawan wadya ing Sumenep pinrentahan,
milya raden ajurit,
duta wus tinulak,
prapta Nagri Mandura,
katur sasolahing nguni,
Suradiningrat,
langkung trustha ing galih.

Kuneng Pangran Cakraningrat winursita,
sampun ngaturan uning,
lamun arinira,
sedya mungsuh ing raka,
langkung wagugen ing galih,
sigra utusan,
marang Nagari Bali.

Minta tulung denira mungsuh rinira,
wau ingkang winarni,
Dyan Suradiningrat,
barise wus angreda,
wadya Sumenep wus nunggil,
myang Pamekasan,
wus nunggal ingkang baris.

Miwah bala Mandura sumuyut samya,
Pangran kesisan dasih,
bubar barisira,
arsa mareki kitha,
sumahab bala lumaris,
ingkang pangarsa,
kitha sampun rinakit.

Wus kinepung Sang Dipati Cakraningrat,
mempen neng dalem puri,
prajurit kang tengga,
nematus winitara,

PNRI Balai Pustaka

ing saben dina keh mijil,
nusul mring Radyan,
Suradiningrat sami.

Dadya kewran Sang Dipati Cakraningrat,
tinilar ingkang bans,
dadya mupus ing tyas,
pan arsa angungsia,
pangeran marang kumpeni,
kang aneng kapal,
miwah mring Ki Apatih,

Wus siyaga lan sagarwa-putrinira,
nedya numpak jeladri,
wau balanira,
Raden Suradiningrat,
saking jawi ambedhili,
dadya pangeran,
gugup budhal tumuli.

Apan sampun andhingini lampahira,
mring kumpeni weh paksi,
ingkang aneng kapal,
sira kapitan Kartas,
kelangkung suka ing galih,
iya matura,
ingsun ingkang nulungi.

Pan kumpeni besuk ingkang angulihna,
marang Mandura iki,
miwah Ki Apatya,
rembuge wus anengwang,
pan ingsun kinen ngaturi,
mring Surabaya,
duta tinulak aglis.

Sang Dipati Cakraningrat lolosira,
medal butulan wuri,

PNRI Balai Pustaka

kapethuk utusan,
lampahe sigra-sigra,
sampun prapta ing pasisir,
numpak ing kapal,
garwa saputraneki.

Myang kang dasih kang tresna samya binekta,
numpak ing palwa kunthing,
ngunjal marang kapal,
pangeran sampun prapta,
minggah ing kapal tumuli,
Kapitan Kartas,
sigra budhal tumuli.

Wus binekta pangeran minggah ing kapal,
urmatira nglangkungi,
sarya munggeng petak,
wau kang garwa prapta,
kapiten amethuk malih,
neng jawi petak,
kinen aminggah malih.

Cinandhak kang asta denira kapitan,
urmat senjata muni,
sarwi necep jangga,
wus tataning Welanda,
tan abeda jalu estri,
saking geng urmat,
ing Sang Dyan salah kapti.

Pan gumeter anjrit Raden Ayu Sampang,
kang sinambat ing tangis,
amung ingkang raka,
Pangran kagyat miyarsa,
muka bang lir wora-wari,
andik kang netra,
lathi mawi ngawengis.

PNRI Balai Pustaka

Krodha narik keris wau ta kapitan,
ginoco lambung kering,
niba kapisanan,
lajeng pangamukira,
wadya kumpeni ngebyuki,
wus pinarbutan,
den pistul myang kinarbin.

Pan kasompok kumpeni samya amedhang.
nanging Pangran tan bucik
angamuk manengah,
anuduk kang katiban,
pejah tan kongsi ping kalih,
myang putranira,
milya ngamuk mangungkih.

Abusekan gegere sajroning kapal,
kumpeni keh ngemasi,
myang kang nandhang brana,
tandangira Pangeran,
lir singalodra ngajrihi,
kuthah rudira,
gempang wadya kumpeni,

Cinarita kumpeni sakapal telas,
akedhik ingkang kari,
amung gala-gala,
kang masih sami mangsah,
sami ngagem sorod bedhil,
sira Pangeran,
sayah den gebug bedhil.

Lan tinubruk ing kursi pangeran tiba,
lenggah dipun popori,
myang kang para putra,
pejahe pinoporan,
pangeran sampun ngemasi,

PNRI Balai Pustaka

murda tinigas,
binakteng Surengwesthi.

Gembungira linabuh aneng samodra,
kumpeni ingkang kari,
sigra dennya layar,
marang ing Surabaya,
wau ta ingkang winarni,
Rahaden Sura,
diningrat sawadyeki.

Dennya ngelut prapta sapinggiring toya,
wangsul sawadyaneki,
angebroki kitha,
kumpeni sampun prapta,
nagari ing Surawesthi,
sampun apanggya,
Amral lan raden Patih.

Katur solahira duk aneng lautan,
Amral ngungun tan sipi,
tuwin Ki Apatya,
langkung pangungunira,
dene andeling ajurit,
Kapitan Kartas,
pejah myang bala enting.

Ki Apatih Cakrajaya wus utusan,
dhateng ing Kartawani,
tur uning ing Nata,
datan kawarnen marga,
prapta Kartasura enjing,
punang caraka,
cundhuk lawan Narpati.

Sampun katur surat saking Ki Apatya,
kapiteng tyas narpati,
langkung ngungunira,

PNRI Balai Pustaka

punang duta tinulak,
kadhahar turing Narpati,
wus pinatedhan,
angsul-angsul kang tulis.

Miwah ingkang nuwala Suradiningrat,
pinatedhakken aglis,
duta pinatedhan,
nimbali Raden Sura,
diningrat mring Surawesthi,
angriya wadya,
sakapraboning jurit.

Tan winarna caraka prapteng Mandura,
pan sampun den dhawuhi,
wau Raden Sura, -
diningrat sigra-sigra,
sakapraboning ajurit,
gumrah kang wadya,
budhal mring Surawesthi.

Sampun prapta Rahaden Suradiningrat,
nagari Surawesthi,
tundhuk lan Apatya,
miwah Amral Baritman,
myang sagung para bupati,
pasisir ika,
andher ngarsaning patih.

Pinaringken nuwala maring Rahadyan,
Suradiningrat nenggih,
lamun pinatedhan,
nagari ing Mandura,
lawan sinungan wewangi,
gantyani raka,
Cakraningrat Dipati.

Ingestrenan sagunging para dipatya,

PNRI Balai Pustaka

miwah Amral nekseni,
ing karsa Narendra,
pan lajeng adhadharan,
myang rembag masalah jurit,
Amral angucap,
marang Rekyana Patih.

Ki Apatih inggih sumangga ing karsa,
masalahing ajurit,
apan sampun lama,
kendel tan wonten mangsah
wus sedhenge manggut jurit,
apan kawula,
angsal telik ajurit.

Kadi wo ten pitulungira Hyang Suksma,
ari Salasa enjing,
nedha mangsah yuda,
samya ngrabaseng ing prang,
Ki Apatih tan nauri,
inggih sakarsa,
manira atut-wuri.

PNRI Balai Pustaka

IV. PANGKUR 6)

Sampun dadya ingkang rembag,
ingundhangan sakeh bala pasisir,
laminya datan winuwus,
prapta ari Salasa,
enjing nembang tengara bendhe angungkung,
Ki Apatih wus siyaga,
sakapraboning ajurit.

Punggawa pasisir samya,
asanega miwah bala kumpeni,
gumrudug swaraning tambur,
miwah Amral Baritman,
lan Apatya samana sampun angumpul,
pangawat sampun tinata,
kang munggeng ing kanan-kering.

Sira Pangeran Mandura,
wus tinuduh dadya pangawat kering,
ing Tuban Gresik Sidayu,
kang dadya kanthinira,
ana dene wadya pasisir sadarum,
kang raka karaseng galih
jetung atebah
jaja ngandika aris.

24. Wis menenga yayimas aywa karuna
ingsun kang anglabuhi

PNRI Balai Pustaka

yayi marang sira
nanging ta payo lunga
sing Kartasura nagari
sira ngancika
nagara ing Mantawis.

25. Rasaning tyas yen ingsun kalawan sira
yen angancik Matawis
bala Kartasura
kariya datan kathah
punggawa lan para mantri
asru ngandika
Pangeran Purbayeku.

26. Payo bocah Purubayan ambendheya
siyagaa tumuli
sigra atengara
gumrah wong Kapurbayan
wus samya samekteng jurit
kang para lurah
andher ngarsaning gusti.

27. Jeng Pangeran Purbaya ngrasuk busana
miwah kang para rabi
wus samya siyaga
Pangeran sigra budhal
gumerah swaraning dasih
dyan ing pasowan
kidul kang den ampiri.

28. Sira Pangran Balitar sampun utusan
sagung kang para rabi
kinen ambudhalna
saking ing dalemira
wong gulang-gulang tinuding
kang kawarnaa
wong Kapurbayan prapti.

PNRI Balai Pustaka

29. Ing pasowan kidul myang wong Kablitaran
kori kapanggih kunci
wadyeng Kapurbayan
samya madungi lawang
kaparak kang jaga puri
nungkul sadaya
tanana lawan jurit.

30. Pan kasaru praptane baia Walanda
gumrudug ambedhili
sinungsunan gurnat
gutuk api gurnada
lir udan tibaning mimis
wong Kapurbayan
samya lampah aririh.

31. Pangran kalih wau lajeng lampahira
gumrah swaraning janmi
wonten abdinira
Pangeran Purubaya
Ki Mangunoneng panastis
katur Pangeran
Mangunoneng apamit.

32. Adhuh gusti kawula anyuwun lilah
arsa laju mring Pathi
yen wonten pangajap
sarta barkat paduka
ing Pathi kawula gitik
yen sampun bedhah
kawula wangsul nuli.

33. Adhuh gusti angsala rowang ing benjang
Pangeran anuruti
Mangunoneng sigra
ngaler sarowangira
pangeran kalih winarni

PNRI Balai Pustaka

pan sampun prapta
Dersanan rerep sami.

34. Enjing budhal tan winarna lampahira
prapta Nagri Mantawis
pan sawadyanira
prapta Kartawinata
ingkang ngarsa den takoni
ngalihken adan
Nagari Kartasari.

35. Animbali sakathahing wong paradikan
ngulama para kaji
sagunging ambiya
miwah kang para tapa
kinerig mring Kartasari
apan sadaya
samya kinen ngestreni.

36. Ing pangeran denyarsa ngadegken mata
Kiyai Wanagiri
apan sampun prapta
kalawan sobatira
wong Mantaram sampun kerig
ing Kartasekar
sampun ageng kang baris.

37. Kartasari pan sampun angrakit praja
yasanira kang swargi
kadhaton wus pelag
mangkana dina Soma
pangeran kalih tinangkil
pepak sadaya.
penuh wadya kang nangkil.

38. Jeng Pangeran Purbaya wus undhang-undhang
marang sagung kang abdi
padha ngestokena

PNRI Balai Pustaka

kalamun adhimas
sun junjung madeg narpati
aneng Mantaram
bisikaning narpati.

39. Sultan Ibnu Mustapa Pakubuwana
Ngalaga Senapati
iya Abdurahman
Sayid Panatagama
kang rayi jinunjung aglis
kinen alenggah
aneng dhedhampar rukmi.

40. Sigra ngadeg Ki Wanagiti adonga
sagung wadya ngestreni
Pangeran Purbaya
jumeneng panembahan
senapati ing ajurit
wadya Mantaram
sadaya angestreni.

41. Garwakandha wus jinunjung lenggahira
pan kinarya pepatih
sampun sinung aran
Tumenggung Jayabadra
wadyeng Kablitaran ugi
kathah kinula
wisudha para mantri.

42. Wangsadirya pepatih Kapurubayan
sampun jinunjung linggih
tuwin sinung aran
Tumgung Wiranagara
Pangeran Arya anenggih
pan putranira
Kangjeng Srinarapati.

43. Kartasura nanging pinupu kang paman

PNRI Balai Pustaka

Jeng Pangran Purbayeki
kala timur mila
aneng Kapurubayan
wus pinakiamakken nguni
kapanggih kadang
Den Ayu Wulan nenggih.

44. Putranira Kangjeng Pangeran Balitar
Pangeran Arya mangkin
tan arsa kondura
mring Nagri Kartasura
apan tumut mring Mantawis
tresna ing paman
mangka sinung wewangi.

45. Pangran Adipati Anom namanira
wong Kapurbayan sami
akathah kang minggah
Raden Wangsakusuma
pan sampun jinunjung linggih
nama Dipatya
Urawan namaneki.

46. Bangsapatra wasta Dipati Lumarap
Ki Wirayuda mangkin
Subut namanira
Tumenggung Martapura
lan punira manggaleki
pan sutanira
aran Ki Rajaniti.

47. Sinung aran Ki Tumenggung Sindusastra
anake Wanagiri
wus sinungan nama
sira Arya Panangsang
Banendra sinung wewangi
Tumenggung Singa
barong namanireki.

PNRI bp Balai Pustaka

48. Wong Mantaram kang sami jinunjung lenggah
Sasrarudita nenggih
lan Pusparudita
katri Ki Sutajaya
pan sampun samya wewangi
katri punggawa
Ki Sutajaya nenggih.

49. Asesilih Tumenggung Gajahpramoda
Ki Pusparuditeki
tumenggung ranira
nenggih Suradiningrat
Sasrarudita anenggih
Tumenggung Sasra -
diningrat kang wewangi.

50. Prayanangg? Tumenggung Mangunnagara
Gadhingan wus sesilih
ran Malang Sumirang
sira Gandara desa
Ki Arya Tambakbayeki
Mas Wengapatra
Raden Danuprajeki.

51. Secayuda Ki Tumenggung Nirataka
akathah kang winarni
ingkang sami minggah-
mangkana turanira
kiyai ing Wanagiri
apan winengan
linggih aneng ing kursi.

52. Jajar lawan Panembahan Purubaya
Kiyai Wanagiri
kedhep aturira
sarta sinungan aran
Kyai Gedhe Wanadadi
sampun mupakat

PNRI Balai Pustaka

mangkana kang winarni.

53. Panembahan Purubaya aparentah
marang ing para mantri
kang tinuding kesah
samya ngelar jajahan
Ki Mas Gerit kang tinuding
mring Parimana
Kedhu kinen ngriyini.

54. Ki Mas Gerit lan Tumenggung Sindureja
budhal sabala ngiring
mangilen lampahnya
ing Parimana prapta
wong Kedhu suyud awingwrin
Tumenggung Marta-
sura ing tinuding.

55. Angrabaseng marang Nagari Toyamas
budhal saking Mantawis
tan kawarneng marga
wus prapteng Wanakarta
urut ledhok den irupi
nungkul sadaya
sigra budhal kang baris.

56. Saking Wanakarta angelar jajahan
sumahab punang baris
mring Nagri Toyamas
Tumenggung Martasura
datan kawarna ing margi
prapteng Toyamas
lajeng campuh ing jurit.

57. Wong Pamreden Bandar Sigaluh pan milya
mring Ki Martasureki
rame dennya yuda
Tumenggung ing Banyumas

PNRI bp Balai Pustaka

kasoran dennya ajurit
bala keh pejah
kuthane den aciki.

58. Ki Tumenggung Banyumas ngungsi mring Tegal
wau ingkang winarni
wadya Kapurubayan
kang dhateng urut Pajang
ing Dersanan sampun prapti
tindhihing yuda
Lumarap Adipati.

59. Neng Dersanan sira Dipati Lumarap
pan sampun abebiting
kanan-keringira
suyud sakeh wong desa
milya Lumarap Dipati
sampun angrebda
agung kang ponang baris.

60. Duk semana wadya lit ing Kartasura
kathah mara Mantawis
suwung kang nagara
para mantri akathah
minggat pra samya ambalik
dhateng Mantaram
lorodan siyang-ratri.

61. Amung kantun wadya kadipaten lama
maksih tengga narpati
kathah kang kinula-
sudha Sudirayuda
wadya kaparak kang kering
jinunjung lenggah
kanan kang den tindhihi.

62. Sinung aran sira Ki Demang Urawan
sira kang kapakering

PNRI Balai Pustaka

Ki Diramenggala
sampun sinungan nama
Ngabehi Wirajayeki
Kartanagara
sampun sinung sesilih.

63. Pan jumeneng Adipati Mangkupraja
semana wus tinuding
atengga tampingan
Raden Suradiningrat
marang sawetaning ardi
Merapi gennya
Suradiningrat nenggih.

64. Putranira Raden Mas Arya Panular
kinarya senapati
abaris ing Selab
kering wong wetan arga
Demang Mregul den tindhihi
kerig wong desa
sura jinunjung linggih.

65. Saben dina denira prang long-linongan
sawetaning nagari
kang jaga tampingan
miwah sakidulira
wonten sudagar narpati
Ki Prajasuta
sampun jinunjung linggih.

66. Ingaranan Ki Tumenggung Sumabrata
asugih wong ginajih
rosa budhinira
tetindhihe wongira
nenggih cinara kumpeni
Sumadinala
sutanira pribadi.

PNRI bp Balai Pustaka

67. Saben dina anglarag jawining kitha
dening bala kumpeni
akathah kang prapta
saking Nagri Semarang
ambaurekseng narpati
myang wong Makasar
Ambon Sambawa Bugis.

68. Pan atugur sagung prajurit ing sabrang
akalangan kang baris
aneng panangkilan
yata Sang Srinarendra
utusan mring Surawesthi
kang duta mesat
karsane sribupati.

69. Animbali mring Tumenggung Cakrajaya
miwah bala kumpeni
tuwin Tuwan Amral
caraka sampun prapta
ing Nagari Surawesthi
dhawuh kang serat
dhateng rekyana patih.

70. Miwah Amral sami anupiksa serat
kagyat ngungun ing galih
sira Kiya Patih
Tumenggung Cakrajaya
nangis sadaleming ati
sagung dipatya
sadaya den timbali.

71. Prapta andher sagunging para dipatya
samya sinungan paksi
angungun sadaya
ngandika Cakrajaya
baya karsaning Hyang Widhi

PNRI Balai Pustaka

yen bumi rengka
parangger rebut singgih.

72. Jer tiwase si paman Kartanagara
among ing gusti-gusti
yen bisa ngejuma
mangsa ta mengkonoa
sadaya wus den undhangi
para dipatya
miwah para kumpeni.

73. Arsa budhal bantu marang Kartasura
kang tinanggenah baris
tugur Surabaya
kumpeni saprabata
tetindhih Kapitan Besi
dene Dipatya
Tuban lawan Garesik.

74. Ing Lamongan Sedayu lawan Mandura
liya punika kerig
Ngabehi Tohjaya
karsane Kiya Patya
bineteng Kartasureki
nanging Kapitan
Besi lan pra dipati.

75. Samya nedha kantuna Kyai Tohjaya
tugura Surawesthi
marmanya tinilar
dene Ki Cakrajaya
Ki Ngabehi Tohjayeki
tan kawuwusa budhal sagunging bariss.

76. Samya medal ing Semarang karsanira
warnanen ing Semawis
saparelopira
Kumendur Gobyo ika

PNRI Balai Pustaka

komasaris kang gumanti
Dulkub ranira
kasub lamun prajurit.

77. Kuneng ingkang budhal saking Surabaya
Amral lan Kiya Patih
gantya winursita
Pangeran Kudus ika
ing nguni kang den genteni
dening ki arya
kesah saanak-rabi.

78. Saking Kudus akekutha bumi Demak
ingaran Pancawati
alami neng kana
Pangeran Kudus ika
sedya bangga madeg aji
kawula Demak
samya nungkul awingwrin.

79. Marma ajrih dennya ngangge pangabaran
Pangeran Pancawati
mila wadyeng Demak
samya nungkul sadaya
lan dipatinira sepi
neng Surabaya
dadya ngrebda kang baris

80. Duk samana wus ngrabaseng kutha Demak
Pangeran Pancawati
mantri kang atengga
nagari tan kawawa
kitha sampun den anciki
kang kawuwusa
Amral lan Kiya Patih.

81. Lagya lerep aneng Nagari Juwana
wonten wong Madeg prapti

PNRI bp Balai Pustaka

katur tuwan Amral
lamun Nagari Demak
wonten wong umadeg baris
ngirup babahan
Pangeran Pancawati.

82. Nagri Demak anenggih sampun kancikan
barise wus adadi
wadyabala Demak
ingkang sedya anglawan
kasoran dumnya ajurit
kekesing manah
samya susud awingwrin.

83. Duk samana Ki Tumenggung Suranata
lan Padmanagareki
kinen rumiyina
dene Amral Baritman
tanapi rekyana patih
pan sampun budhal
agregut ingkang baris.

84. Dennya lami neng Nagari Surabaya
mangkya meh prapteng nagri
kapranggul ing mengsah
samya geng nepsunira
wong Demak ketbuta sami
datan winarna
ing marga sampun prapti.

85. Pajimatan wong Demak pan sampun prapta
Pangeran Pancawati
wus miyarsa warta
lamun wong Demak prapta
balane wus den undhangi
tata barisnya
samya kinen ngujungi.

PNRI bp Balai Pustaka

86. Ing Pangeran Pancawati pamrihira
luputa dening mimis
waradin sadaya
bala sareng umangsah
neng Kabanyon dennya jurit
wong Demak prapta
lajeng campuh ing jurit.

87. Tetindhihe pan kekalih putranira
Paneran Pancawati
Dyan Suradipura
lawan Suma-
sewu lamun winitawis
kehe kang bala
samya kulambi putih.

88. Dennya parang ararne elong-linongan
wadya ing Pancawati
solahe lir macan
tanana rebut mangsa
wadya ing Demak kalindhih
kathah kang pejah
yata wau winarni.

89. Amral Britman lan Tumenggung Cakrajaya
miwah wadyeng pasisi
lampahe tut wuntat
wurine Suranata
wus prapta Demak Nagari
lajeng umangsah
sagung bala kumpeni.

90. Wadyeng Pancawati wus atur uninga
marang gustinira glis
yen kumpeni prapta
Pangeran angandika
pan iku dudu kumpeni

PNRI Balai Pustaka

babi kang prapta
aja awalang ati.

91. Ing ayuda teka sira terajanga
pasthi piyak kang mimis
wedi marang sira
pan ingsun kang anulak
wau ta nayaka kalih
sigra umangsah
kotbuta tandangneki.

92. Sareng nempuh bala kumpeni atadhah
angedrel wanti-wanti
kukusing sandawa
peteng madyaning rana
wong Panciwati keh mati
Suradipura
sampun anandhang kanin.

93. Myang arine Sumadipura palastra
wong Pancawati ngisis
kumpeni sumahab
sinungsun ing gurnada
giris wong ing Pancawati
ingkang lumajar
samya ngungsi ing gusti.

94. Pangran Pancawati ingaturan wikan
pejah kang putra kalih
myang kang nandhang brana
wadya kathah palastra
sigra Pangran Pancawati
nyandhak talempak
pepulih ing ajurit.

95. Medal saking pakuwon kumpeni prapta
binendrong dening bedhil
kumpeni keh pejah

PNRI bp Balai Pustaka

Pangeran Pancawatya
samya mangamuk mangungkih
nanging kasangsang
ing gurnat gutuk api.

96. Dipun soki ing mimis pan kadi udan
Pangeran Pancawati
wus anandhang brana
baune ingang kiwa
mundur sakiduling kali
dipun rerampa
binekta mring surambi.

97. Amral Britman tumingal kalangkung suka
anulya den tut wuri
myang sagung dipatya
umiring marang Amral
prapteng ngarsaning surambi
Amral tumingal
mring Pangran Pancawati.

98. Gelasaran pinarekan dening Amral
asru denira angling
heh tabe pangeran
lu mau jadi raja
amengku rat Tanah Jawi
elu mengapa
sempal baunya kering.

99. Mari bangun kita angkat jadi raja
Pangeran Pancawati
nangis megap-megap
ngrunuhi brananira
Amral suka denira ngling
anarik pedhang
sun aweh tamba becik.

100. Wus pinedhang pangeran tatas kang jangga

PNRI Balai Pustaka

pan sampun angemasi
Amral mundur sigra
mring gume suranata
miwah sagung pra dipati
amasanggrahan
umiring mring apatih.

101. Tan winarna ing dalu enjingnya budhal
marang Nagri Semawis
tan kawarneng marga
prapta Nagri Semarang
Ki Cakrajaya apatih
kalawan Amral
panggih lan komisaris.

102. Sareng panggih pira-pira ingkang urmat
gantya ingkang winarni
Mangunoneng ika
saking ing Kartasura
anjujug dhusun ing Sani
santananira
wong Pathi sami prapti.

103. Mangunoneng sampun ageng barisira
angrabaseng ing Pathi
arame prangira
wadyalit kathah pejah
ing Pathi sampun kalindhih
nagaranira
pan sampun den anciki.

104. Mangunoneng asupe tembayanira
lan Pangran Purbayeki
wruh ingering praja
pan sampun aputusan
marang Nagari Mantawis
nungkul karsanya

PNRI Balai Pustaka

marang Kartasureki.

105. Wus apanggih lan Tumenggung Cakrajaya
duta saking ing Pathi
myang Amral Baritman
pan sampun tinarima
gantiya ingkang winarni
ing Kartasura
Pangran Arya Mantawis.

106. Pan alolos sagarwa myang putranira
miwah dasih tan kari
sedya madeg nata
aneng Nagri Santenan
lampahira sampun prapti
ing Garobogan
sampun umadeg baris.

107. Duk samana kang jumeneng Garobogan
Arya Mandhalikeki
apan tan kawawa
lajeng nungkul kewala
ing Warung Balora sami
myang ing Sesela
pan sami den irupi.

108. Ing Balora kang samya amapag yuda
dene wus nungkul sami
marang Panembahan
Herucakra gustinya
dadya wong mancanagari
bahak-binahak
yata ingucap malih.

109. Srinarendra wus anglampahaken duta
marang Nagri Mentawis
saha mawi serat
duta prapteng Semarang

PNRI Balai Pustaka

tinampang mring komasaris
serating nata
sampun den tupiksani.

110. Ingurmatan bebukaning kang nawala
dene Rekyana Patih
Cakrajaya salah
winastan tingalira
marang kangjeng Sribupati
akarya mengsah
nenggih pangeran kalih.

111. Winastanan Kya Patih Cakrajaya
duk aneng Surawesthi
amangun wacana
mring kekalih Pangeran
Balitar Purbaya nenggih
marma angrebda
ngrebat mangamuk puri.

112. Dadya mangkya Kiya Patih Cakrajaya
ginedhong aneng loji
timbalaning nata
Ki Patih Cakrajaya
wus pasrah kang pati-urip
marang narendra
datan sawaleng kapti.

113. Lawan malih kang mungel serat narendra
Amral kang den timbali
marang Kartasura
ingutus magut yuda
marang kang madeg Mantawis
sarta ngirida
sagung bala kumpeni.

114. Miwah surat kang saking Gurnadur Jendral
Amral kinon lumaris

PNRI bp Balai Pustaka

pan sampun siyaga
miwah kumpeni Islam
Ambon Sembawa lan Bugis
Bali Makasar
samya samekteng jurit.

115. Sira Amral semana arsa panggiha
pan sampun amarani
marang prenahira
Ki Patih Cakrajaya
Amral langkung ngres ing galih
atetabeyan
Amral waspanya mijil.

116. Sarwi ngucap Kiya Patih Cakrajaya
sampun susah kang galih
dene pakenira
binendon tanpa dosa
teka bisa anglakoni
yen pakenira
temen-temen ing galih.

117. Nora cidra marang kangjeng srinarendra
pasthi mangkya basuki
ing benjing manira
yen prapta Kartasura
panggih lan jeng sribupati
angaturena
ala-beciking patih.

118. Dennya ngucap sarwi angusapi waspa
ageng kang tresna ugi
ing pangrasanira
rencange baya pejah
duk aneng ing Surawesthi
Ki Cakrajaya
alus sareh ing budi.

PNRI Balai Pustaka

119. Kiya Patih Cakrajaya saurira
inggih tarima kasih
anging wekasingwang
Amral mring pakenira
aywa ge matur ing gusti
bok srinarendra
kabranan salah kapti.

120. Bok manawi den arani anyenyambat
marang ing dika ugi
destun tan ningala
sang nata tan akilap
kirang piyandeling gusti
wedi palastra
dudu patraping abdi.

121..Amral Britman pan aris denira ngucap
alah inggih Ki Patih
mangsa bodho ingwang
besuk aduga-duga
sayekti amrih kang becik
arerangkulan
Amral pan sampun mijil.

122. Saking gedhong tan winarna solahira
budhal saking Semawis
Amral saha bala
wong sabrang warna-warna
datan kawarna ing margi
ing Kartasura
semana sampun prapti.

123. Pan kapethuk Adipati Mangkupraja
ing Toyadana enjing
sampun ingaturan
lumebet ing nagara
kapanggih lan sribupati

PNRI Balai Pustaka

wus sinegahan
sagung bala kumpeni.

124. Amakuwon bangsal pangapit kang wetan
sakeh bala kumpeni
kang kalih bregada
kubeng pakuwonira
nahenta ingkang winarni
ingkang kekutha
Mantaram Kartasari.

125. Sultan panembahan samana putusan
dhateng ing Sokawati
kang raka ngaturan
Pangeran Herucakra
mring Nagari Kartasari
suwawi rembag
amomong dhateng ari.

126. Nanging sira Panembahan Herucakra
langkung kewran ing galih
arsa anunggala
marang ing Kartasekar
angrasa kelar pribadi
wus sugih wadya
dadya anyangga krami.

127. Dutanira kang rayi sampun tinulak
sapisan kaping kalih
kaping tri wus tita
kang rayi kaku ing tyas
Panembahan Purbayeki
sigra utusan
marang Japan Nagari.

128. Duta prapta ing Japan sampun apanggya
lawan sang adipati
dhawuhing nawala

PNRI Balai Pustaka

pan sampun tinupiksa
kadriya tembunging tulis
Jayapuspita
ngungun kewran ing galih.

129. Dene sira Panembahan Herucakra
sedya ngadeg pribadi
lingnya pan mangkana
paman ingsun bebakal
wasiyate rama swargi
mancanagara
pasthi ingsun kukuhi.

130. Dene ingsun dikon seba mring Mantaram
pan saleganing ati
pan padha narendra
kapindho iki tuwan
Jayapuspita ngaturi
nunggila karsa
lan Sultan Kartasari.

131. Nanging sira Panembahan Herucakra
datan arsa anunggil
ngraos wus kawawa
dadya Jayapuspita
kaku tyase sang dipati
rembag sadaya
pra kadang Surawesthi.

132. Leheng anut mring Panembahan Purbaya
Jayapuspita nuding
marang arinira
saha mawi nawala
mring Kartayuda wus panggih
serating raka
tinampan tinupiksa.

133. Wus kadhadha Dipati Sasranagara

PNRI bp Balai Pustaka

sigra ngundhangi dasih
myang para dipatya
mancanagara rembag
anglirikaken tumuli
mring Panembahan
Herucakra ing mangkin.

134. Pan ing dalu Dipati Sasranagara
myang wong mancanagari
bolos saha bala
kebut saking padonan
Panembahan Sokawati
ngaturan wikan
yen bala Surawesthi.

135. Budhal lawan sagung kang mancanagara
kapiteng tyas tan sipi
enjang kawarnaa
sira Sang Adipatya
Sasranagara wus tebih
bendhe tinembang
munggeng jawining biting.

136. Geger umyung surak jawi pabitingan
sagung prajurit Bali
wus samya lumajar
nunggil wong Surabaya
miwah wong mancanagara
umyung kang surak
pan samya ambedhili.

137. Langkung gugup Panembahan Herucakra
sigra nyandhak jemparing
medal aneng lawang
pabitingan alenggah
kang wadya siyaga sami
lan para garwa
binedhahaken biting.

PNRI bp Balai Pustaka

138. Kuthetheran wadya Surabaya mrepak
pra garwa pothar-pathir
sira panembahan
ngawe-awe gandhewa
Sasranagara den eling
sakarepira
ingsun teka nuruti.

139. Sang Dipati Sasranagara miyarsa
mudhun saking turanggi
sigra ngembat watang
wadya lit samya piyak
prapteng ngarsa angabekti
Sasranagara
sugal denira angling.

140. Apan darmi angger kawula punika
makaten anglampahi
apan kang parentah
rayinta Kartasekar
Panembahan Purbayeki
lamun paduka
bangga kinen nyampuni.

141. Sarwi nyelak Dipati Sasranagara
ngembat watang kumitir
sira Wiradirja
lawan Surajanggala
para mantri Sukawati
samya nanggulang
rame denira jurit.

142. Panembahan sampun anitih turangga
prajurit Surawesthi
sareng anarajang
lawan mancanagara
angebyuki kanan kering

PNRI Balai Pustaka

mundur lon-lonan
wus tebih lawan biting.

143. Sampun mawur wong Sokawati sarsaran
wus pisah lawan gusti
wadya Surabaya
nulak mring pabitingan
sigra wau ki dipati
mring pabitingan
anjarah para selir.

144. Pan pepitu selir wonten pasanggrahan
amung garwa kang padmi
milya panembahan
wus lepas lampahira
amung wadya kawandasi
maksih tut wuntat
sampun prapteng Semanggi.

145. Kuneng Sasranagara kang winursita
pakuwon den enggoni
sagung selirira
kang kantun pasanggrahan
jinajah den jejamahi
dupi antara
nenggih mung tigang latri.

146. Kontholira abuh sabobok Palembang
myang palananganeki
sapupu metungnya
bedhah mara-sakawan
anangis raina-wengi
dhuh Panembahan
tobat kawula gusti.

147. Dhateng pundi gusti palajengan dika
kawula atut wuri
nuwun pangapura

PNRI Balai Pustaka

siyang-dalu karuna
kacarita pitung bengi
Sasranagara
pan sampun angemasi.

148. Samya bubar barise wong Surabaya
bekta jisime gusti
kuneng kawarnaa
Pangeran Herucakra
wus lami aneng Semanggi
sira Ki Demang
Kenceng atur upeksi.

149. Marang Kangjeng Srinarendra Kartasura
pan sampun den utusi
sarta kinintunan
busana lawan arta
panembahan den timbali
mring Kartasura
nanging kewran ing galih.

150. Asengadi angentosi garwanira
mawur dereng kapanggih
miwah ingkang wadya
kang samya ingantosan
dadya duka sribupati
sinangga krama
kinen anggusah aglis.

151. Demàng Kenceng wus pepak santananira
wong urut Sala prapti
jejeneng wus prapta
saking ing Kartasura
sigra bendhenga tinitir
sira Pangeran
Herucakra miyarsi.

152. Kagegeran ing manah sampun lumajar

PNRI Balai Pustaka

wong Sala anututi
myang jejenengira
saking ing Kartasura
panembahan sampun tebih
wangsul sadaya
kang samya anututi.

153. Pan kasaput ing dalu sang panembahan
rerep ing dhusun Genting
ing dalu kawarnaa
tinukup ing wong desa
aneng desa ing Gegenting
telas kang brana
kang garwa nandhang kanin.

154. Wus lumayu Panembahan marang wana
turangganira keni
adharat kewala
lawan kang para garwa
myang putra samya untiring
arereyongan
nasak tengah wanadri.

155. Ngidul-ngilen lampahe anjog Tembayat
aso garwa myang siwi
kendel wismanira
Pangeran Wangsadriya
utusan dhateng Mentawis
atur uninga
mring Pangran Purbayeki.

156. Lamun ingkang raka rawuh ing Tembayat
risak tan mawi abdi
amung garwanira
lawan kang para putra
duk samana pitung latri
aneng Tembayat

PNRI Balai Pustaka

pan sampun den utusi.

157. Pan kapethuk ing tandhu lawan turangga
datan kawarna margi
wus prapteng Mantaram
panggih lan Panembahan
Purbaya awas ningali
arerangkulan
samya karuna kalih.

158. Miwah Sultan Balitar sampun apanggya
kinulawisudha glis
wus sinungan bala
busana lawan arta
kinarya gegajih dasih
sampun akarya
prajurit kalih biting.

159. Samya budhal abdinira Herucakra
alami neng Mantawis
kinen angluruga
kang jajahan
tampingan wetan tinuding
pan sampun budhal
saking ing Kartasari.

160. Prapteng Nguter anarabaken wong desa
genti winuwus malih
sira Mral Baritman
kang sampun asiyaga
punggawa Kartasureki
sami sanega
sakapraboning jurit.

161. Sedya nglanggar mring Mantaram Kartasekar
budhal saking nagari
kang angirid lampah
Dipati Mangkupraja

PNRI Balai Pustaka

myang Amral wadyeng kumpeni
prajurit sabarang
akathah warni-warni.

162. Sinengkalan Catur Papat Rasa Tunggal
gumyah swaraning janmi
yata kawuwusa
punggawa ing Mantaram
kang dadya cucuking jurit
bans Dresanan
lajeng denira baris.

163. Wus myarsa sira Dipati Lumarab
yen mengsah ageng prapti
sampun asiyaga
sakehing wadyabala
Mangkupraja Adipati
sawadyanira
ing Delanggu wus prapti.

164. Pangarsane pan sampun ayun-ayunan
wau ingkang abaris
Lumarab utusan
marang ing Kartasekar
tur wikan yen mengsah mijil
saking nagara
tetindhihing prajurit.

165. Amral Britman lan Dipati Mangkupraja
dene wadya kumpeni
pan tigang bragada
dene kumpeni Islam
Lutnan Jembaran prajurit
gung ingkang wadya
sewu yen winitawis.

166. Panembahan sigra denira utusan
ambantoni prajurit

PNRI Balai Pustaka

lan kinen mundura
aywa kasompok ing prang
mring Kalepu kang abecik
abetitingan
lawan ampingan kali.

167. Duk semana Tumenggung Wiranagara
tinuduh ambantoni
budhal saha bala
saking ing Kartasekar
datan kawarna ing margi
prapta Dalimas
sampun atata baris.

168. Wus bebiting Tumenggung Gajah Pramada
sagung wadyeng Mantawis
Ki Tumenggung Sura-
diningrat lawan Sasra-
diningrat kinen bebiting
sadasa nambang
budhal punggawa mantri.

169. Prapteng Sanasewu pan sampun akarya
wau punggawa katri
karya tingkep jagang
ing Jati dennya pasang
binanjang tandhes ing wukir
sana sanambang
karya pakuwon aglis.

170. Saosane Sultan lawan Panembahan
dennyarsa methuk jurit
pan wus gangsal wulan
ngadhaton Kartasekar
denira karya prajurit
sampun akathah
dinadar siyang-latri.

PNRI bp Balai Pustaka

171. Kawarnaa sira Dipati Lumarab
sampun campuh kang jurit
lan wong Kartasura
rame denira yuda
miwah kang bala kumpeni
aneng Dresanan
samya rog silih ungkih.

172. Sang Dipati Lumarab mundur lon-lonan
sawadya Klepu prapti
wadya Kartasura
angebregi Dresanan
miwah kang wadya kumpeni
sampun atata
wau denira baris.

173. Ki Dipati Lumarab sawadyanira
pan sampun abebiting
yata kawarnaa Dipati Mangkupraja
lan sagung para dipati
budhal anglarag
sagung bala kumpeni.

174. Nenggih pitung kapitan ingkang binekta
tuwin Makasar Bugis
pan pitung kapitan
bidhal saking Dresanan
umyung swarane kang dasih
pan sampun prapta
Kalepu sampun jurit.

175. Wong Mantaram lan wadya ing Kartasura
ramya tempuh ing jurit
gumrah kang sanjata
sira Tumenggung Wira-
nagara wadyanireki
saking ing kanan

PNRI Balai Pustaka

sawadya golong pipis.

176. Sigra wadyeng kumpeni sareng narajang
angedrel wanti-wanti
kukusing sandawa
peteng lir ampak-ampak
wadya Mantaram angisis
tan wonten tahan
binendrong dening bedhil.

177. Ki Tumenggung Wiranagara lumajar
ngungsi bitingireki
Dipati Lumarab
neng luhur pabitingan
prajurite tigang biting
pinangku ngarsa
samya wong sureng pati.

178. Bekel desa kathah kinulawisudha
rinoban dana krami
myang kinadang-kadang
sagunging wong arahan
patinggine den larangi
lamun buktiya
neng pondhoke pribadi.

179. Pan rinayat ing saben ari atunggal
kabeh denira bukti
myang wutahing brana
marma sagung arahan
kathah anglabuhi pati
males sihira
Lumarab Adipati.

180. Pan berbudi marma pengkuh yudanira
sira Ki Adipati
Lumarab angatag
sagunging bala tantra

PNRI Balai Pustaka

pinagutaken ing jurit
Ki Adipatya
Mangkupraja glis prapti.

181. Sahabala kumpeni sareng narajang
binendrong dening bedhil
Dipati Lumarab
panggah denira yuda
wadyanira keh ngemasi
nanging Dipatya
Lumarab datan gingsir.

182. Ingaturan mundur dening wadyanira
daweg mundur kiyai
kekathahen lawan
kadi boten kuwawa
Dipati Lumarab angling
ingsun tan nedya
nguncati ing ajurit.

183. Apan ingsun terah bandak-bandarakan
mengko jinunjung linggih
kinarya dipatya
ing gusti panembahan
apa ingkang sun walesi
yen dudu iya
wutahing getih mami.

184. Wau wadya kumpeni sareng narajang
tuwin Makasar Bugis
miwah ki dipatya
ing gusti panembahan
aneregaken kang dasih
Lutnan Jembaran
samya angrangsang biting.

185. Saking wetan bitinge sampun nginggahan
samya bendrongi bedhil

PNRI bp Balai Pustaka

Ki Tumenggung Wira-
nagara wus lumajar
amung sira Ki Dipati
Lumarab tadhah
wadya samya ngaturi

186. Adhuh Ki Dipatya suwawi lumajar
angungsi dhateng gusti
kangjeng panembahan
nadyan ngantepa yuda
ing benjing ngarsaning gusti
Ki Adipatya
Lumarab asru angling.

187. Sanak-sanak sapa kang wedi palastra
lumayuwa den aglis
ingsun durung sedyà
tinggal mungsuh adegan
yen sunbobot mungsuh iki
pan durung timbang
lan sihe gusti mami.

188. Apan ingsun dhihin aran Bangsapatra
mengko aran Dipati
Lumarab kinarya
gedheg manggalaning prang
eman sihing gusti mami
karya punggawa
lumayu tinggal biting.

189. Wus kinepung sira Dipati Lumarab
binendrong den bedhili
wongira keh pejah
Dipati Mangkupraja
saking kilen anangkebi
Lutnan Jembaran
saking wetan nangkebi.

PNRI Balai Pustaka

190. Saking kidul sira kang para dipatya
kang saking lor kumpeni
sigra Ki Dipatya
Lumarab nyandhak watang
kang kilen tinempuk wani
Ki Adipatya
Mangkupraja nadhahi.

191. Pan salawe wonge Dipati Lumarab
sakarine kang mati
sareng ngamuk rampak
ingurugan sanjata
wadya kumpeni nusuli
saking ing wuntat
kumrutug ambedhili.

192. Tan tinolih yra Dipati Lumarab
mung ngarsa kang den ungkih
kadya singalodra
mundur kang tinarajang
wong Mangkupraja keh mati
Ki Adipatya
Lumarab kadi yeksi.

193. Ngiwat-ngiwut pangamuke Ki Dipatya
Lumarab kadiyeksi
wonge Ki Dipatya
Lumarab akeh pejah
Ki Dipati nandhang kanin
tatu kang jaja
iesah pangamukneki.

194. Dyan Dipati Mangkupraja anarajang
sawadya angebyuki
sira Ki Dipatya
Lumarab rinebutan
angganira akrep kanin
kulit tan pasah
dyan pinopor ing bedhii

PNRI Balai Pustaka

kulit tan pasah
dyan pinopor ing bedhil.

195. Ki Dipatya Lumarab sampun palastra
murda pinocok aglis
binekteng nagara
katur marang sang nata
pinanjer waringin kalih
kang kalangan pan
kinethok ki dipatya.

196. Kalanganan katur mring Amral Baritman
suka ing tyas tan sipi
ngundang anjingira
sigra asu pinakan
kelanangane dipati
raning cemara
pun Jakup raning nguni.

197. Dadya mangke asu aran pun Lumarab
tate binekteng jurit
duk prang Surabaya
pun Jakup tan kena sah
mangkana Ki Adipati
Amangkupraja
lan Amral rembag pikir.

198. Lajeng campuhira Amral mring Mantaram
sami ngundhangi dasih
sagung pra dipati
tuwin prajurit sabrang
datan kawarna ing latri
enjange budhal
gumer kang wadya katri.

199. Kawuwusa Tumenggung-Wiranagara
ingkang lumayu jurit
prapta Kartasekar

PNRI Balai Pustaka

tundhuk lan panembahan
katur yen kawon ajurit
pan Adipatya
Lumarab angemasi.

200. Dene mangkya mengsah lajeng lampahira
lintang ageng kang baris
sira panembahan
langkung pangungunira
dene andele ngemasi
wus ingundhangan
sagung wadyeng Mantawis.

201. Miwah Sultan Balitar ngundhangi wadya
sanega ing ajurit
sawusnya siyaga
sakapraboning yuda
ing alun-alun abaris
sagung punggawa
saos ing pancaniti.

202. Panembahan sampun angrasuk busana
bajo baludru wilis
kancing inten mulya
mubyar munggeng ing jaja
juwalanira ngeneni
aserawungan
dhesthar konje tulya sri.

203. Kinakitir buntare tulya mas abra
tirah sinilih-asih
ing mas kethap-kethap
harja kekuluk jangkang
paningset tanca serati
dhuwung nyuriga
Ki Kalang munggeng ngarsi.

204. Myang turangganira sampun kinapanan

PNRI bp Balai Pustaka

mubyar busananya sri
aran Ki Sukantha
kuda agem wus medal
Ki Kalang Purubayeki
sawadyanira
samya budhal ngriyini.

205. Panembahan miyos aneng pagelaran
kucem sagung dipati
miyat kang ujwala
nira Jeng Panembahan
lir satriya Pringgadani
gagah prakosa
rerawis angajrihi.

206. Dyan tengara budhal saking Kapurbayan
umreg ingkang wadya ji
busananning bala
kadya wukir kusuma
yen tinon awarni-warni
panganjuring prang
Tumenggung Sinduijeki.

207. Lawan abdinira Kangjeng Panembahan
Ariya Tiron nenggih
kang saking ing rama
sampun jinunjung lenggah
Tumenggung silih wewangi
Kartanagara
dadya cucuking jurit.

208. Panembahan sampun anitih turangga
budhal sagunging baris
tan kawarneng marga
ing Sanasewu prapta
panembahan tata baris
sabala kuswa

PNRI Balai Pustaka

amasanggrahan sami.

209. Kawarnaa ing wuri Pangran Balitar
antara tigang ratri
bidhal saha bala
saking ing Kartasekar
gegaman lir gunung geni
awarna-warna
lir ombaking jaladri.

210. Panganjuring prang Ki Tumenggung Jayabrata
anggregut punang dasih
kang nambungi wuntat
Singabarong punika
lan sagunging para mantri
ing wurinira
ngulama para kaji.

211. Pan sadaya sami sedya sabilollah
pra ketib lawan modin
tetindhihing lampah
Pangulu Kartasura
milya ing pangeran kalih
Kyai Tangkilan
anedya mati sabil.

212. Kangjeng Sultan asri ing busananira
bajo baludru kuning
akekancing retna
mancur akethap-kethap
sekar konje mas kinitir
adhesthar Arab
mangking curiga asri.

213. Apaningset cindhe puspita sinarah
datan anitih wajik
pan tandhu lelawak
wau titihanira

PNRI Balai Pustaka

ingajab kang magersari
datan kawarna
ing marga sampun prapti.

214. Sanasewu wus panggih lawan kang raka
amasanggrahan aglis
yata kawarnaa
kumpeni sampun prapta
ing Tangkisan tata baris
Amral Baritman
atanya mring Ki Patih.

215. Kadipundi Ki Patih karsa andika
ngajeng punika baris
sinten winatara
Ki Patih saurira
punika pangeran kalih
kula miyarsa
tindak ngawaki jurit.

216. Amral Britman sigra dennya nata bala
sewu bala kumpeni
kang pinangkweng ngarsa
dene kumpeni Islam
kang pangawat kanan-kering
Ki Adipatya
Mangkupraja ing wuri.

217. Panembahan Purbaya ngaturan wikan
lamun bala kumpeni
wus prapteng Tangkisan
sigra anata wadya
Pangeran Arya tinuding
munggeng ing dhadha
lan sagung pradipati.

218. Panembahan Purbaya munggeng ing kanan
Sultan Balitar kering

PNRI Balai Pustaka

asnang kang wadya
kumpeni sigra prapta
nanging gelar amiranti
ngobongi desa
anglandeng mungsuh wuri.

219. Lampahira medal tengah padhusunan
sagung bala kumpeni
kang medal Bebanar
amung para dipatya
dadya tungkul wong Mantawis
datan anyana
yen mungsuh karya gendhing.

220. Wus katingal gegaman ing Kartasura
datan mawi kumpeni
wadya ing Mantaram
datan pati anggita
dene mungsuh sami Jawi
mantri Mantaram
sigra methuk ing jurit.

221. Sampun campuh wau denira ayuda
rame rok silih-ungkih
yata kawamaa
ingkang lumampah wuntat
sagunging bala kumpeni
anyandi lampah
datan wonten swareki.

222. Menggok ngalor dhusun suwung minarganan
urut salering Taji
menggok ngilen sigra
nujweng barising Sultan
sigra tinempuh tumuli
wong Kasultanan
sami kapiteng ati.

PNRI Balai Pustaka

223. Tan anyana yen mungsuh kumpeni prapta
kagum sagunging mantri
wadyeng Kablitaran
lajeng anempuh yuda
Walanda dipun bedhili
ing kalantaka
kumpeni datan gingsir.

224. Tinarajang barise wong Kasultanan
apan ingidak wani
kawarnaa sultan
wus tata barisira
sagunging kang para kaji
miwah ngulama
pinagutaken jurit.

225. Sarta kang tengara umyung sareng celak
kumpeni abedhili
kang para ngulama
samya ngamuk mring ngarsa
sampun karsaning Hyang Widhi
tumpes sadaya
kaum kathah kang mati.

226. Prapunggawa Kablitaran tuna dungkap
kaclakuthak ing jurit
suda manahira
binendrong ing sanjata
akathah longe kang mati
Sultan Balitar
kesisan ing ajurit.

227. Wong kumpeni saya sru pangungkihira
Sultan panggah tan gingsir
akiwuling yuda
nanging meksa kasoran
pamayunge kena mimis

PNRI Balai Pustaka

songsonge rebah
ingkang bekta ngemasi.

228. Kangjeng Sultan tinub ing para nayaka
sami atawan tangis
ngaturan kundura
sigra mundur Jeng Sultan
ingiring kang para mantri
Pangeran Arya
sedya tulung ing jurit.

229. Lajeng ngaler mgiring wong Kapurbayan
Walandi tempur malih
tempuh lampahira
lajeng campuh ing yuda
ararne bedhil-binedhil
Pangeran Arya
sigra nginger turanggi.

230. Anututi gegaman ing Kablitaran
pangeran asru angling
heh wong Kasultanan
padha sira baliya
ingsun tetulung ing jurit
sedhenge uga
padha ngamuk kumpeni

231. Tan sumaur punggawa ing Kasultanan
palayune agendring
Jeng Pangeran Arya
asru angundhamana
pagene nora na bali
paman Balitar
wong pantes dikebiri.

232. Ngendi ana wong arep jumeneng nata
apa asile ugi
angrebut nagara

PNRI bp Balai Pustaka

ora mati aperang
amungsuh lawan kumpeni
akarya pokal
nora ngantasi kardi.

233. Milanipun kangjeng paman Panembahan
lunga tilar nagari
anglabuhi paman
mengko tilar gelanggang
Pangeran Arya wus bali
nempuh ing yuda
aneregaken dasih.

234. Jeng Pangeran binendrongan ing sanjata
mimi kadi garimis
sira jeng pangeran
datan arsa mundura
Panembahan aningali
lamun kang putra
kinarubut ing jurit.

235. Atetulung Panembahan Purubaya
sumahab ingkang abdi
wadya Kapurbayan
langkung sudireng rana
kumpeni datan gumingsir
rame kang yuda
tan ana ngucap ajrih.

236. Wong Purbayan tinindhihan gustinira
samya angantep jurit
angamuk manengah
singa kaparak bubar
kumpeni kathah ngemasi
wadya Mantaram
kathah kang nandhang kanin.

237. Sanalika kumpeni mundur satata

PNRI Balai Pustaka

masang mariyemneki
wadya Kapurbayan
den urugi sanjata
kathah kang kena ing mimis
para nayaka
gumyur lumayu wingwrin.

238. Long-linongan kunarpa sungsun atumpang
punggawa ing Mantawis
binendrong sanjata
datan manggapuliha
Panembahan Purbayeki
kesisan bala
sigra mundur tumuli.

239. Wong kumpeni angelut saparanira
kendel neng Kali Anjir
Sultan Panembahan
Kartasari wus prapta
apan mung sipeng sawengi
enjinge budhal
ing Kedhu kang den jogi.

240. Adipati Mangkupraja enjing prapta
kitha ing Kartasari
kalawan Walanda
wau Ratu Mangkurat
lawan Ki Pangulu nenggih
ingkang kacandhak
aneng ing Kartasari.

241. Ki Pangulu semana wus tinangsulan
ginantung den bedhili
nanging nora pasah
dangu kinarya lesan
Ki Pangulu nora busik
Amral lingirá

PNRI bp Balai Pustaka

si Pangulu den aglis.

242. Lebokena aneng jroning prabayeksa
wus ingobong tumuli
Ki Pangulu lina
Dipati Mangkupraja
lerem rerembagan sami
lan Tuwan Amral
dipati anom sami.

PNRI Balai Pustaka

II. Sinom

1. Adipati Mangkupraja
kacarita tigang ratri
lan kumpeni Tuwan Amral
neng Mantaram Kartasari
apirembagan sami
Mangkupraja aris muwus
dhumateng Tuwan Amral
lah tuwan daweg angungsir
saparane Panembahan Purubaya.

2. Tuwan Amral saurira
pan manira boya wani
angungsira panembahan
tan ana timbalan aji
kawula kinen nguni
bedhah nagareng Mantarum
ing mangke sampun bedhah
sayekti manira mulih
tur uninga mring gusti jeng srinarendra.

3. Karana mungsuh andika
dede tiyang Surawesthi
Panembahan Purubaya
kapan kadange sang aji
tur tunggal yayah-bibi
marmane wedi wakingsun
benjang yen prapteng praja
amarak karseng narpati
lamun ingsun kinen wangsul mring Mantaram.

4. Angungsi mring panembahan
sayekti manira bali
Ki Dipati Mangkupraja
datan sawula ing kapti
tyasira langkung ajrih

PNRI Balai Pustaka

lamun suwala ing kalbu
nulya sami adandan
Amral lawan Ki Dipati
Mangkupraja mantuk marang Kartasura.

5. Yata ingkang kawarnaa
Panembahan Purbayeki
lan kang rayi Kangjeng Sultan
aneng Kedhu dennya baris
wadya Kartasureki
pan sampun sami atugur
Tumenggung Mangkuyuda
lan kang rayi Ki Tumenggung Nitiyuda.

6. Ginitik ing Panembahan
kawon Ki Natayudeki
tatu pupune kang kiwa
mundur wong Kedhu abaris
neng gunung Gajah nenggih
anulya wau ingelud
marang ing Panembahan
Mangkuyuda kawon malih
nulya baris ing Teraji sawadyanya.

7. Barisira Panembahan
lajeng marang Liman ardi
gya Tumenggung Mangkuyuda
lan Natayuda kang rayi
urunan mantri kalih
kinen asraha panungkul
nahan Ki Suradenta
lawan Ki Sumajayeki
datan lama Panembahan mirsa warta.

8. Yen kumpeni sampun budhal
marang ing Kartasureki
Panembahan sigra budhal

PNRI Balai Pustaka

wangsul mring Mantaram malih
sigra ngadhaton aglis
wetan Peken Ageng wau
aran desa Mrerasan
bala ing Kartasureki
kathah ingkang katelanjur lampahira.

9. Sami narubaken desa
Sabrangprana den andhangi
pinejahan neng Pamresan
Amral kang winuwus malih
lawan para dipati
Mangkupraja sampun rawuh
Nagari Kartasura
Amral Tumenggung jro puri
sampun tundhuk lawan kangjeng srinarendra.

10. Tuwan Amral atur warta
katur sasolah ing jurit
srinarendra langkung trustha
Tuwan Amral matur aris
rayi paduka gusti
lumajeng dhateng ing Kedhu
sabedhahe Mantaram
nanging tan kawula ungsir
milanipun kawula ajrih bereka.

11. Dereng angsal pangandika
parentahdalem narpati
yen ngungsira rayi nata
lawan malih atur mami
yen tulus sribupati
ngarsakaken karya ulun
nadyan tumekeng pejah
tan gumingsir ing ajurit
nanging wonten pukulun panuwun kula.

12. Abdidalem Cakrajaya

PNRI Balai Pustaka

kawula suwun narpati
wontena apunten tuwan
tulus saha dados kanthi
kula sabaya pati
yen wonten ing awonipun
kawula kang nanggulang
sareng mirsa sribupati
emeng tyase legeg datan angandika.

13. Nuju Ki Demang Urawan
kang wonten ngarsanireki
sigra matur awotsekar
milane pun Amral gusti
purun nanggel pun patih
saking resik-resikipun
inggih pun Cakrajaya
dorane kang matur nguni
mring sang nata ature wong tan raharja.

14. Milane gusti pun Amral
purun matur ing narpati
ing nguni tan kena pisah
sanalika lan apatih
sampun sae kapati
apan tunggil sabiyantu
tyase datan sumelang
sang nata sareng miyarsi
ing ature sira Ki Demang Urawan.

15. Lega galihe sang nata
angandika sribupati
lah Amral karsanira
ing mengko ingsun turuti
si Cakrajaya Patih
sun apura dosanipun
Amral matur ngrerepa
yen mekaten sribupati

PNRI Balai Pustaka

lilahdalem gusti kang kawula tedha.

16. Kawula kesah sakedhap
dhateng Negari Semawis
pun Tumenggung Cakrajaya
kula uculi pribadi
kawula wangsul nuli
lan Cakrajaya pukulun
angandika sang nata
iya Amral aja lami
mring Samarang den age nuli baliya.

17. Tuwan Amral sampun medal
arsa budhal mring Mantawis
kacatur wong Cakrajayan
ing nguni wus den timbali
dhateng Kartasureki
pinundhut dhateng sang prabu
mangke wus ingapura
Tumenggung Cakrajayeki
wadyanira pinaringaken sadaya.

18. Binekta mring Tuwan Amral
budhal dhateng ing Samawis
sigegen ingkang lumampah
yata wau kang winarni
ingkang aneng Mantawis
Panembahan Purbayeku
lan arinira Sultan
jenenge wus tetep malih
wong Mantaram sami tetep manahira.

19. Sigra panembahan budhal
saha wadya pan umiring
lan punggawa Kasultanan
wus abanjelaken baris
sigra sami bebiting

PNRI bp Balai Pustaka

aneng desa ing Marebung
wadyabala Mantaram
samya masang baluwarti
pra punggawa sami angelar jajahan.

20. Tumenggung Wiranagara
lan Arya Danupayeki
barise sampun mangetan
Negara Kartasureki
sampun kinepung malih
rusak tepis wiringipun
tetiyang Kartasura
pan samya prihatin malih
myang sang nata kalangkung dennya sungkawa.

21. Wonten santana sang nata
garwa saking ibu sori
aran Raden Santareja
sampun jinunjung kang linggih
kinarya senapati
sampun sinungan jejuluk
anenggih wastanira
Pangeran Amangkubumi
sampun kinen anglurug sawadyanira.

22. Budhal saking Kartasura
Pangeran Amangkubumi
neng Kamlathen barisira
sigra wong Mantaram prapti
rame denira jurit
rame rog asilih cucuh
langkung sudiranira
Pangeran Amangkubumi
wong Mantaram akeh longe ingkang pejah.

23. Saya ageng barisira
Pangeran Amangkubumi

PNRI bp Balai Pustaka

angumpulaken arahan
kacarita duk ing nguni
anandur sekar gambir
kala maksih alitipun
apan manggih sanjata
mariyem anakan siji
pan asisik dinulu kadi taksaka.

24. Kang sanjata ingaranan
pun Tundhungmungsuh mantesi
punika kinarya yuda
mangkya benggang wong Mentawis
wadya Kartasureki
samya asrep manahipun
saged ngulari tedha
lelakon satengah ari
tebihira wadyabala ing Mantaram.

25. Yata wau kawarnaa
sang nata arsa nimbali
marang Ngabehi Tohjaya
arsa uninga ing warni
lan Nagari Garesik
kang tigangatus pinundhut
pinaringken sigra
marang ki tumenggung malih
duta mesat wus prapta ing Surabaya.

26. Kocapa ing Surabaya
saben dina olah jurit
aprang wonten ing Sapanjang
Ki Ngabehi Tohjayeki
ingkang ginulang jurit
dadya gedhig manggaleku
rame kang bandayuda
aburu-binuru sami
pan kasaru praptaning carakeng nata.

PNRI Balai Pustaka

27. Saking Nagri Kartasura
animbali Ki Ngabehi
Tohjaya sigra umangkat
angles manehe kang kari
sapungkure kang kari
Tohjaya alit kang kalbu
kang katun pabarisan
anulya munclur tumuli
sami mapan dhateng kitha Surabaya.

28. Bala kumpeni wus tata
mariyemira rinakit
Kapitan Besi namanya
pangagengipun kumpeni
kathi wong Madureki
watawis gegaman sewu
kangjaga Surabaya
Ki Tohjaya kang winarni
sampun prapta ing Nagari Kartasura.

29. Lajeng ngandikan mring pura
prapta ing ngarseng narpati
sang nata kalangkung suka
mulat Tohjaya Ngabehi
dedegnya geng ainggil
dhasare anama pengkuh
gagah tur ambeg sura
angandika sribupati
heh Tohjaya pira kehe baturira.

30. Ki Tohjaya atur sembah
abdi paduka narpati
kathahipun wolungdasa
kang sepalih tiyang Jawi
tiyang wangsul sepalih
langkung suka Sang Aprabu
anulya pinatedhan

PNRI Balai Pustaka

sabuk wastra myang kulambi
lan sanjata seket kathahe sadaya.

31. Kawan etong obatira
angandika sribupati
Tohyaja tunggunen ingwang
sira bocah ngong pribadi
goningsun amemanggih
kang liningan awotsantun
langkung denira ngrerepa
wus pinondhokaken aglis
kadipaten Ki Ngabehi sawadyanya.

32. Nengena ing Kartasura
agantya ingucap malih
Ariya Jayapuspita
ingkang winursiteng kawi
sapejahe kang rayi
Apanji Kartayudeku
langkung dennya sungkawa
nulya wau ingkang rayi
Adipati Natapura tinimbalan.

33. Lagya baris neng Sepanjang
Dipati Natapureki
tinimbalan mring kang raka
lajeng kinen nglurug aglis
dhateng Kartasureki
bekta wadya pitungatus
sami wong pepilihan
Dipati Natapureki
langkung duka sapejahe arinira.

34. Pejahe Sasranagara
kang dadi runtiking galih
sigra budhal saking Japan
ngirid wong mancanagari

PNRI Balai Pustaka

wus prapteng Sukawati
lampahira lajeng ngidul
anjog ing Picis sigra
lampahe Surengraneki
desa Ngaren wau ta kang pabarisan.

35. Anulya wau putusan
tur uningeng mring Mantawis
mring Panembahan Purbaya
langkung suka ingkang galih
sigra den tarimani
Apanji Surengraneku
kang kinarya ganjaran
mas ayu ing Tiksnasari
langkung suka Kiya Panji Surengrana.

36. Kalangkung ageng tyasira
Dipati Natapureki
dhasar gecul alit mila
wadyane wus den undhangi
kinen bebahak sami
desa tepis wiringipun
Nagari Kartasura
kang bang wetan den bahaki
enengena sira Panji Surengrana.

37. Amral Britman kawarnaa
sampun prapta ing Mantawis
Ki Tumenggung Cakrajaya
nulya inguculan aglis
saking gedhong Peresing
langkung suka manahipun
sigra-sigra adandan
tumbas tiyang agegajih
tuwin sagung para bupati sadaya.

38. Ngaturi prajurit samya
dhumateng rekyana patih

PNRI bp Balai Pustaka

sinambataken kewala
pan samya miyarsa warti
yen wong Kartasureki
sumyur akedhik kang kantun
mila Ki Cakrajaya
pradandan aneng Mantawis
wus ngalumpuk ingkang prajurit sanambang.

39. Binusanan abra sinang
tuwin punggawa pasisir
wus pepak aneng Samarang
kang bang wetan dereng prapti
Pangran Arya Mantawis
nenggih kang dadya pakewuh
wus aneng ing Santenan
nedya jumeneng narpati
Sunan Kuning wauta wewanginira.

40. Sakathahing para putra
angelar jajahan sami
Rahaden Suryataruna
miwah Raden Singasari
Dyan Jayapuspiteki
miwah ingkang para mantu
gecek mancanagara
ing Japara Kudus sami
lan ing Demak kang milya ing Kartasura.

41. Iiyane saking punika
sanese dipun alimi
Ki Tumenggung ing Santenan
wus sinung ujar wewadi
dhumateng Kyai Patih
myang Amral wus sinung ebuk
Mangunoneng Santenan
kinen angipuka aglis
dhateng sira Pangeran Arya Mantaram.

PNRI Balai Pustaka

42. Kuneng Amral sampun mangkat
saking Nagari Samawis
myang Ki Patih Cakrajaya
miwah bupati pasisir
sapangiwa tan kari
kang tengen amung pun Kudus
Demak awan Japara
datan kawarna ing margi
sampun prapta nagari ing Kartasura.

43. Dadya tontonan samarga
gegamanira Ki Patih
kala waktu sapunika
punggawa Kartasureki
sami kedhik kang ngiring
kang kathah mung telungpuluh
Tumenggung Cakrajaya
sareng prapta ing nagari
lawan Amral sareng tumameng jro pura.

44. Sareng prapteng ngarsa nata
Ki Cakrajaya anangis
sarwi anungkemi pada
sesambat kadya pawestri
sang nata kang wus lalis
ingkang sinambat ing wuwus
Kangjeng Srinaranata
kalangkung oneng ing galih
esmu waspa mulat mring Ki Cakrajaya.

45. Tuwan Amral langkung suka
ing tyas miyat mring Ki Patih
wus carem lawan Sang Nata
Tuwan Amral matur aris
wonten punapa gusti
abdidalem pun tumenggung
sampeyan pejahana

PNRI Balai Pustaka

datan salaya ing kapti
lawan malih pukulun atur kawula.

46. Sampun paduka anggega
ature wong kang tan yukti
pun Tumenggung Cakrajaya
lamun awona sayekti
kula atur upaksi
dhateng Gusti Jeng Sang Prabu
lingira srinarendra
Amral bener sira ugi
lah wakane samengko sira mondhoka.

47. Ing Kadipaten kewala
dene omahmu pribadi
sun watara uwis rusak
dene suwunge wus lami
Ki Patih matur aris
anuwun duka sang prabu
yen wonten lilah nata
mantuk mring pagriyan lami
dedimene abdidalem Kartasura.

48. Sami tetepa kang manah
puruna mantuk wismeki
kang tebih ing dalem pura
wismane ajrih ngenggeni
nagari sribupati
sampun katingalan suwung
Amral alon aturnya
leres ature Ki Patih
wus linilan Ki Tumenggung Cakrajaya.

49. Mantuk marang wismanira
sigra medal saking puri
lawan sira Tuwan Amral
kacarita duk ing nguni

PNRI bp Balai Pustaka

wadya Kartasureki
sami tetap manahipun
mantuk ing wismanira
ingkang ngili sampun prapti
sampun kathah tetiyang ing Kartasura.

50. Ing dina Soma winarna
Tumenggung Cakrajayeki
nenggih pinaringan nama
kekasih Ki Adipati
Danureja Apatih
sembada lan dedegipun
priyayi Kartasura
amung Kangjeng Pangeran Arya Panular.

51. Kawanatus andelira
pan sami wanter ing jurit
milane den ela-ela
mring Amral lan sribupati
dadya putranireki
pinundhut dhateng sang prabu
Raden Suryadiningrat
wus kinarya senapati
linalopa busanadi ing kamulyan.

52. Tuwin sira srinarendra
kalangkung dennya minta sih
mring Pangeran Arya Panular
dadya eca ing panggalih
apirembagan sami
arsa banjel dhateng Marbung
Tumenggung Mangkuyuda
katur yen kasoran jurit
binantonan priyayi pasisir tiga.

53. Nenggih Ki Tumenggung Malang
Barebes lawan Tetegil

PNRI Balai Pustaka

Ki Arya Mandurareja
ingkang kinarya tetindhih
sigra budhal tumuli
kang sedya bantu mring Kedhu
Kyai Jayasudirga
kinen mring Pagelen aglis
lan Kiyai Kandhuruwan Wilatikta.

54. Dyan Dipati Danureja
wus budhal saking nagari
lan kumpeni Tuwan Amral
lan Mangkupraja Dipati
wong pasisir tan kari
Dipati Citrasomeku
Dipati Jayaningrat
tan pisah lawan kang rayi
miwah Raden Suryadiningrat wus budhal.

55. Medal sawetaning arga
Marapi sarwi angirid
sagunging wadyeng arahan
anjog ing Soca abaris
aneng Selab ajurit
kaplayu punggawa kidul
miwah kang miyos wetan
prang neng Ngluyu Jatisari
lawan wong ing Surabaya mangsah yuda.

56. Tuwan Amral sampun prapta
ing Tambelan lan Ki Patih
mantri kang dados pangarsa
sampun campuh ing ajurit
angrok asilih ungkih
miwah kang marang ing Kedhu
Pagelen campuh ing prang
kengser wadya ing Mantawis
balanira Jeng Pangeran Purubaya.

PNRI Balai Pustaka

57. Ingkang aneng ing Banyumas
Tumenggung Martasureki
wus kawon denira yuda
ngumpul dhateng ing Mantawis
kang aneng Kedhu nenggih
Ki Tumenggung Sindurjeku
wus kawon yudanira
kang aneng Pagelen nenggih
wus angungsi lumayu dhateng Mantaram.

58. Tumenggung Jayasudirga
ing Bagelen wus den ciki
sira Ki Arya Mandura
ing Kedhu wus den anciki
tuwan Amral winarni
sampun prapta ing Marebung
lagya ayun-ayunan
kumpeni mrepak kang baris
masang ulur baluwartine malatar.

59. Tarung mariyem kewala
wadyabaia ing Mantawis
pan samya akarya jagang
amung panembahan kalih
Pangeran Arya nenggih
prang samya akarya panggung
lamun jenengi yuda
minggah luhur panggung sami
tuwin sira Ki Tumenggung layabrata.

60. Inggih minggah ing panggungan
lamun anjenengi jurit
Kandhuruwan winursita
kang aneng Pagelen nenggih
ngumpulaken wewasi
ajar kalawan peputhut
samya kinen anjangka

PNRI Balai Pustaka

lampahe pangeran kalih
atanapi wekasaning pendamelan.

61. Karsane Ki Kandhuruwan
yen ana ajar wewasi
ajangka Pangeran Arya
tuluse madeg narpati
kadya ambalik kapti
saking byating tresnanipun
nanging sagunging ajar
tanana methek basuki
pan sadaya samya batang bar lalahan.

62. Nanging benjing ingkang wayah
Panembahan Purbayeki
pasthi yen jumeneng nata
kadhatone sribupati
Ngadipala ing benjing
sangsaya wiwahanipun
luhur ingkang wekasan
langkung sesamining aji
Kandhuruwan nulya wau aputusan

63. Lumampah adhedhemitan
ing Marebung sampun prapti
katur dhateng panembahan
duta sampun den timbali
caraka atur tulis
aglis tinupiksa wau
bebukaning nawala
kamipurun ingkang abdi
atur wikan pun Tumenggung Kandhuruwan.

64. Saking pangeman kawula
dhumateng paduka gusti
menawi kapareng tiwas
gen paduka mangun jurit

PNRI bp Balai Pustaka

ing pangulatan mami
rayi paduka pukulun
tan tulus madeg nata
lebar lalahan ing benjing
nadyan Nagri Jawi sujuda sadaya.

65. Darbeya prajurit yutan
rayi paduka anenggih
datan tulus madeg nata
sampun karsaning Hyang Widhi
Pangran Balitar nenggih
tan linilan madeg ratu
benjang wayah paduka
pasthi umadeg narpati
sawingkingta ing benjang madeg narendra.

66. Ngadhaton ing Ngadipala
wayah paduka ing benjing
wiwitane melasarsa
denira madeg narpati
wekasane nglangkungi
jumeneng ratu pinunjul
sesamine narendra
sawidak warsa kang lami
wayah tuwan genipun umadeg nata.

67. Panembahan Purubaya
langkung kampita ing ati
Tumenggung Wiranagara
sigra wau den timbali
sampun prapta ing ngarsi
Wiranagara Tumenggung
kapriye karsanira
rasakena layang iki
atur sembah Tumenggung Wiranagara.

68. Mangsa boronga paduka
boten saged anampeni

PNRI Balai Pustaka

pened ature punika
Kandhuruwan mengsah gusti
bilih ngiris-irisi
dhateng paduka pukulun
yen kula tampenana
awon inggih duk rumiyin
Kandhuruwan langkung sihe mring paduka.

69. Mila ewed manah kula
sumangga ing karsa gusti
panembahan angandika
iya Wiranagarareki
apa alane iki
sira ngupayaa nujum
wong minger maring amai
undangen mring ngarsa mami
sun pandhinge lan ature Kandhuruwan.

70. Nuju Ki Wiranagara
pasanakan lan Patinggi
Palar sigra tinimbalan
wus prapta ngarsaning gusti
Panembahan lingnya ris
Patinggi Palar sun mundhut
ing pati-uripira
mara matura sayekti
Ki Patinggi ature anuwun duka.

71. lingira Wiranagara
heh uwakane Patinggi
den age sira matura
aywa anganggo akelir
lah aywa wedi-wedi
balikan sira tan matur
yekti bilahi sira
alon matur Ki Patinggi
abdidalem nah angger atur tetekan.

PNRI Balai Pustaka

72. Saking pamiyarsa kula
rayinta tan dadi aji
tan linilan ing Hyang Suksma
gusti ing watawis mami
Nagri Kartasureki
kantuna saubing payung
sayekti boten bedhah
saking ing paduka gusti
myang arinta datan bedhah Kartasura.

73. Kados sawingking paduka
wayah sampeyan ing benjing
pasthi jumeneng narendra
wonten sakilen benawi
Semanggi winitawis
sangsaya karatonipun
kawitane musakat
wekasane dadya luwih
angandika Panembahan Purubaya.

74. Lah apa dandananira
sira duwe kawruh iki
Ki Patinggi ngambil layang
wus katur dhateng ing gusti
wastane ingkang tulis
anenggih Suratullujum
sira Jeng Panembahan
kemba dennya arsa jurit
wong kumpeni wus pepak neng pabarisan.

75. Tuwan Amral masanggrahan
ing Pasar Malinjo nenggih
lan Dipati Danureja
Dipati Mangkuprajeki
neng eler dennya baris-
kalih Ki Citrasomeki
lan Dipati Janingrat

PNRI Balai Pustaka

Tumenggung Demak abaris
nanging kidul wus dangu abebedhilan.

76. Ing saben ari ayuda
wong Mantaram yen den rampit
kumpeni pan katadhahan
papan pakewuh nglangkungi
pan datan kena pinrih
wadya kumpeni wus mundur
kawon pangrampitira
sinurak saking jro biting
wong kumpeni akathah anandhang brana.

77. Ki Tumenggung Jayabrata
aneng panggung aningali
anggugug ing guyunira
ningali bala kumpeni
dene lumayu wingwrin
mila gumuyu anggugug
tiyang ing Kartasura
akathah ingkang miyarsi
guyunira Ki Tumenggung Jayabrata.

78. Sami angalem sadaya
datan kawarna wus lami
bitingira panembahan
kinepung dening kumpeni
watawis wolung sasi
mangkena wau winuwus
sira Jeng Panembahan
arsa kondur mring Mantawis
ingkang putra kinen tengga pabitingan.

79. Anenggih Pangeran Arya
Panembahan budhal aglis
aneng Nagri Ngeksiganda
minta gilir mring kang rayi
Kangjeng Sultan ing mangkin

PNRI Balai Pustaka

datan kawarna ing ngenu
Kartasari wus prapta
kapanggih lawan kang rayi
Kangjeng Sultan sampun sami pirembagan.

80. Arsa gilira mring raka
sami siyaga ing jurit
punggawa ing Kasultanan
samekta sikep ing jurit
busana warni-warni
kuneng genti kang winuwus
sira Pangeran Arya
maksih kantun tengga biting
pra punggawa Kartasura mirsa warta.

81. Tu win sira Tuwan Amral
sampun ingaturan uning
yen panembahan wus budhal
marang Nagari Mentawis
glis ginitik kang baris
bala kumpeni agregut
angrampit bebitingan
Pangeran Arya wus uning
wadyanira wus siyaga amalatar.

82. Sigra campuh ing ayuda
Pangeran Arya nindhihi
lan Tumenggung Jayabrata
munggeng pepanggungan sami
langkung ramening jurit
wadya kumpeni agregut
myang wong Bugis Makasar
wus arsa minggah bebiting
katingal saking luhuring pepanggungan.

83. Yen bitinge meh kunggahan
marang ing bala kumpeni

PNRI Balai Pustaka

Pangeran Dipati tedhak
saking pepanggungan nuli
arsa ngawaki jurit
anregaken wadyanipun
tuwin Ki Jayabrata
sareng mengsah ing ajurit
wong kumpeni sampun mundur alorodan.

84. Akathah ingkang palastra
tumpesan bala kumpeni
punggawa ing Kartasura
miwah dipati pasisir
sami mundur tumuli
wong Mantaram samya dulu
yen mungsuhe lumajar
sinurak saking jro biting
wong kumpeni kang mati wus kinethokan.

85. Sigra utamangganira
winoting turangga sami
ingaturken mring kang rama
Sultan Panembahan aglis
wau kang rama kalih
kalangkung ing sukanipun
angalem mring kang putra
Pangran Arya wonten jurit
atanapi kang wadya bala Mantaram.

86. Samya ngalem Pangran Arya
cacake keri pribadi
angsal sirahe Walanda
tuhu yen prawireng jurit
genti ingkang winarni
Ki Danureja winuwus
lawan Ki Mangkupraja
prapteng pasanggrahan sami
pirembagan lawan sagunging punggawa.

PNRI Balai Pustaka

87. Mojar Kyai Danureja
pikir iki kang prayogi
sagunging para nayaka
rehning mungsuhe neng margi
wonten sawetan Picis
Dipati Natapureki
balanipun akathah
samya ngreridhu ing margi
wadya Surabaya tur sami prakuswa.

88. Batur kanca Kartasura
tuwin kanca ing pasisir
kang aneng ing pabarisan
datan kena wira-wiri
dhateng Kartasureki
tinumpes aneng Delanggu
marang wong Surabaya
balane Surengraneki
tepis wiring Kartasura padha rusak.

89. Tepis wiringing bang wetan
padha lebur den bahaki
mring balane Natapura
raina wengi rinampit
matur para dipati
lamun sembada ing kayun
pun Ngabehi Tohjaya
kasuwun marang sang aji
winedalna saking Nagri Kartasura.

90. Anggitika dhateng mengsah
pun Surengrana Apanji
kang nama pun Natapura
dimen sampun bebingungi
dene para bupati
kang samya majeng ing pupuh
tinarombol ing wuntat

PNRI Balai Pustaka

dhateng pun Surengraneki
sampun rembag Ki Dipati Danurjeki.

91. Ki Arya Kudus dinuta
sigra mesat tan akari
datan kawarna ing marga
wus tundhuk lawan Sang Aji
ing Kudus Sang Dipati
katur ing saaturipun
Dipati Danureja
pangandikanya Sang Aji
heh kariya Kudus mengko si Tohjaya.

92. Lagya atunggu maringwang
ingsun durung duwe becik
iya marang si Tohjaya
nuli sun aduwa jurit
priye pangrasa mami
ing mengko lagi ngong pulut
atine si Tohjaya
ewa semono ing mangkin
ngong tarine bocahingsun si Tohjaya.

93. Nulya wau ingandikan
Ki Tohjaya sampun prapti
ing ngarsa saha wotsekar
angandikan sribupati
Tohjaya ingsun tari
ing mengko sira jinaluk
marang si Danureja
lan Amral lawan si Patih
Mangkupraja kang anjaluk marang sira.

94. Sira apa wani yuda
lawan si Surengraneki
nembah matur Ki Tohjaya
yen wonten timbalan aji
rangkepa sewu sisih

PNRI Balai Pustaka

kang kadya Surengraneku,
kawula dereng ulap
purun agentiya keris
abdidalem sanak kula kawandasa.

95. Abdidalem tetebusan
inggih wonten kawandesi
sareng pejah lan kawula
yen wonten karseng narpati
pun Surengrana gusti
apan licik watekipun
lamun abandayuda
ajeng angsal lumuh keni
datan purun gitik-ginitik ing rana.

96. Yekti owel damel kula
yen dipun oncati gusti
pun Apanji Surengrana
sanes lan kadange ugi
pun Jayapuspiteki
pun Kartayuda rumuhun
lamun abandayuda
sayekti gitik-ginitik
Surengrana dibyane nyetan kewala.

97. Suka gumujeng narendra
mirsa ature Ngabehi
Tohjaya nata ngandika
ya bener aturmu ugi
lawan ingsun kuwatir
yen pisaha ing lakumu
lawan para dipatya
heh Arya Kudus den aglis
lah warahen si Dipati Danureja.

98. Tanapi si Mangkupraja
lan Amral warahen benjing
anjaluka mring Tohjaya

PNRI Balai Pustaka

den kanthiya rina-wengi
iku kekasih mami
yen nemen panjalukipun
aja den wehi pisah
lan sabature ing benjing
den kareksa pangane neng pabitingan.

99. Iku durung duwe pangan
durung ngong ganjar nagari
Ki Tohjaya pinaringan
waos sulaming narpati
sopal kancana rukmi
lawan artakalihatus
Ki Tohjaya tur sembah
wus kinen mangkat tumuli
lan Ki Arya Kudus binektan nawala.

100. Serat dhateng Tuwan Amral
tuwin dhateag Ki Dipati
Danuija lan Mangkupraja
datan kawarna ing margi
Marebung sampun prapti
ngabehi lan Arya Kudus
Ki Dipati Danuija
lan Mangkupraja Dipati
lagya gunem lawan pakuwone Amral.

101. Kasaru Ki Arya prapti
lan sarwi amundhi tulis
sinungaken dhateng Amral
kang surat tinupiksa glis
Amral amaos tulis
sira Amral alon muwus
Ki Ngabehi Tohjaya
dhapet besar untung mangkin
kang sinuhun langkung asih marang sira

102. Tuwin Dipati Danuija

PNRI Balai Pustaka

kalangkung suka ing galih
mirsa Ngabehi Tohjaya
kinasihan ing narpati
pinaring tumbak keris
lan malih kalebeng ngebuk
nahen Ki Danureja
ing Tembayat kang winarni
maksih bangga maksih milya panembahan.

103. Sigra kinen anggitika
marang Tohjaya Ngabehi
lan Raden Manggawijaya
ingkang minangka tetindhih
ing Tembayat wus prapti
arame denira pupuh
sagung para pangeran
sami ngawaki ajurit
dadya kukuh yudane tiyang Tembayat.

104. Sira Ngabehi Tohjaya
mudhun saking ing turanggi
angamuk sawadyanira
wong Tembayat sirna gusis
sami ngungsi ing wuri
lan rowang karoban mungsuh
amasang kalantaka
jejenenge sultan nenggih
akekasih sira Raden Danupaya.

105. Sedya ngamuk lan Pangeran
Sumedhi Wangsadriyeki
nulya Ngabehi Tohjaya
mangsah ngrana den bedhili
kalantaka tan gingsir
sigra jinangkahan gupuh
ginitikaken sira
marang mungsuhira aglis

PNRI Balai Pustaka

mring kang masangkena dhase kapisanan.

106. Lajeng mawur wong Tembayat
samya ngungsi dhateng masjid
den lut marang Ki Tohjaya
myang sagung para dipati
mulat marang Ngabehi
Tohjaya asoroh amuk
ciptane pra dipati
yen tiwasa Ki Ngabehi
nora bareng lawan kang para dipatya.

107. Yekti duka srinarendra
punika tiyang kekasih
sigra kang para dipatya
sami ngawaki ajurit
kapethuk aneng margi
Ki Tohjaya sampun wangsul
sarwi ajimbrak-jimbrak
gawok ingkang aningali
Dyan Tumenggung Natawijaya ngandika.

108. Adhi Ngabehi Tohjaya
sampunta kapaii-pati
wruhanta mengsah andika
mungsuh nagri wetan iki
kadya nagri ing Giri
apan trah wali satuhu
Ki Ngabehi Tohjaya
cangkelak anuli bali
prapteng latar Ki Ngabehi sigra nebda.

109. Wali ping satus sembahnya
Raden Natawijaya ngling
sarwi gumuyu alatah
punapa arane adhi
dika nembah masgid

PNRI Balai Pustaka

ingkang tinanya umatur
raden wau kang mengsah
samya ngungsi dhateng masjid
yen kawula wau sedya mejahana.

110. Sayekti pejah sadaya
kawula gitiki bedhil
Pangeranipun Tembayat
manawi katut kagitik
mila ngong sembah aglis
wali-wali ping satus
sakeh para dipatya
prasamya gumuyu belik
miyat marang solahe Kyai Tohjaya.

111. Mengsah Tembayat wus sirna
kang kari anungkul sami
sagung kang para dipatya
wangsul mring Marebung malih
lan Amral wus kapanggih
tuwin Ki Mangkuprajeku
miwah Ki Danureja
kalangkung suka ing galih
amiyarsa ature para dipatya.

112. Dene Tembayat wus bedhah
Marebung ingangseg aglis
awatara sapambalang
tebihe kalawan biting
rame bedhil-binedhil
wadyabala ing Mantaram
samya malebeng luwang
nengena ingkang winarni
kawarnaa Dipati Jayapuspita

113. Dipatya ing Surabaya
sanget anandhang kekeling
ingkang rayi tinimbalan

PNRI Balai Pustaka

Dipati Martapureki
sigra budhal tumuli
wong Surabaya tan kantun
saking Ngare wus mangkat
kang baris Ngluyu umiring
tan kawarna ing marga wus prapteng, Japan.

114. Apanggih lawan kang raka
pan datan antara lami
Jayapuspita palastra
sapejahira ing nguni
wong Bali bubar mulih
kantun Ki Natapureki
kang sami ginendholan
marang wadya Surengwesthi
sakarine keneng kawarnaa Sultan.

115. Bubar saking Pameresan
karsanira anggiliri
Panembahan Purubaya
angateraken ing margi
sampun akintun tulis
nenggih dhateng putranipun
sira Pangeran Arya
kinen bubarna kang baris
sampun bubar sakehing bala Mantaram.

116. Biting Marebung tinilar
kesahe madyaning wengi
kang mungsuh datan uninga
yata kawarnaa enjing
Sultan kapapag margi
aneng desa Kebonagung
milya kidul lampahnya
mangetan sawadyaneki
sigra rerep aneng ing desa Manyaran.

117. Yata wadya Kartasura

PNRI Balai Pustaka

prasamya angintip biting
katupiksa mengsahira
suwung tan ana kaeksi
sigra atur upaksi
dhateng Ki Danurejekü
tuwin mring Tuwan Amral
langkung trustha ingkang galih
wus tinitik palayunira mangetan.

118. Anulya angungsi sira
Sultan Panembahan aglis
budhal saking Pamanyaran
datan kawarna ing margi
Magetan sampun prapti
gya rerep sawadyanipun
sira Amral Baritman
anusul lawan Ki Patih
Danureja myang Dipati Mangkupraja.

119. Kacandhak neng Pamagetan
sigra pinukul tumuli
Panembahan Herucakra
wus nunggal dadi sawiji
duk aneng Nglaroh nenggih
semana denira ngumpul
Sultan lan Panembahan
wus kawon denira jurit
saking Nagri Magetan ngungsi mangetan.

120. Semana datan winarna
prapteng Madiyun Nagari
samya rerep aneng kitha
Madiyun lan Pranaragi
Amral ingkang winarni
lagya paguneman wau
lawan Ki Danureja
tuwin Ki Mangkuprajeki

PNRI Balai Pustaka

rembag mundur dhateng Nagri Kartasura.

121. Wonten dening kang tinilar
Dyan Arya Pringgaiayeki
lan Raden Natawijaya
kang samya nindhihi baris
myang punggawa pasisir
anging Ki Citrasomeku
kang binijig binekta
dhateng ing Kartasureki
lan kekasihdalem Ngabehi Tohjaya.

122. Amral Baritman wus budhal
kang kari samya abaris
tuwin Amral sampun prapta
Nagari Kartasureki
panggih lan sribupati
langkung suka Sang Aprabu
Ki Ngabehi Tohjaya
sampun ginanjar nagari
ing Lamongan patedhanireng narendra.

123. Tinundhung umantuk sigra
kinen adandan prajurit
yata wau Tuwan Amral
dadosaken rembag nguni
Danureja Dipati
kinen aputusan gupuh
mring nagri ing Santenan
Ki Adipati ing Pathi
kinen ngipuk mring Pangran Arya Mantaram.

124. Pangran kinen ngaturana
dhateng Santenan Nagari
matura pakone Amral
dhateng Pangeran ing benjing
gennya jinunjung aji

PNRI Balai Pustaka

tetepa karatonipun
manguna prajanjiyan
manuta waluring swargi
ingkang raka Kangjeng Sinuhun Mangkurat.

125. Prajanjiyan neng Japara
Amral nuhun opah Nagri
Demak lawan ing Japara
kalawan ing Surawesthi
Pangran Arya Mantawis
langkung malak galihipun
miyarsa aturira
Ki Mangunoneng ing Pathi
Jeng Pangeran tan wruh yen kena paekan.

126. Pangran budhal mring Japara
saha balakuswa ngiring
sira Dipati Santenan
budhal mring Japara ngiring
sira Mral budhal aglis
saking ing Kartasureku
dene ingkang binekta
Dipati Citrasomeki
tan kawarna ing marga prapteng Samarang.

127. Lajeng layar mring Japara
ambekta bala kumpeni
lan Dipati Citrasoma
Pangeran Arya Mantawis
Japara sampun prapti
sareng Amral prapta gupuh
panggih lawan Pangeran
kumpeni urmat nglangkungi
Kangjeng Pangran apan sampun sinegahan.

128. Sampune eca kang driya
ingaturan dhateng loji

PNRI Balai Pustaka

sengadi jinunjung raja
Pangran tan lenggana kapti
ing jro wus den rakiti
Pangeran cinepeng gupuh
saputra-mantunira
wong wolu kang den pejahi
lan kang rama aneng pasisir Japara.

129. Sinengkalan sedanira
Winisaya ing Jaladri
Rasa Tunggal sigra budhal
Amral mring Kartasureki
garwanira kang lalis
binekta mring Amral sampuri
dene kang para putra
kang datan tumekeng lalis
ingkang alit binekta mring Kartasura.

130. Miwah selir lan parekan
sadaya tana kang kari
sampun prapta Kartasura
katur ing jeng sribupati
langkung suka Sang Aji
amiyarsa aturipun
narima marang Amral
sigra Amral ngrembag ngungsir
marang Sultan tuwin dhateng Panembahan.

131. Saparane tinututan
Sang Nata utusan aglis
nimbali Dipati Sampang
lawan Tohjaya Ngabehi
myang punggawa pasisir
bang wetan kinerig sampun
kinen saos gegaman
anjaga dhusun ing Ngawi
anggitika dhateng Madiyun Nagara.

PNRI Balai Pustaka

132. Anenggih Amral Baritman
arsa medal Jagaragi
lawan bala Kartasura
tanapi Ki Patih kalih
dene kang sami baris
Kamagetan mangkat sampun
kinen miyos Gegelang
Nagari Madiyun nenggih
pan kinepung dening bupati bang wetan.

133. Samya siyaga kerigan
kala perang Surawesthi
barisira sampun bubar
milanya kerigan malih
Pangeran Madureki
kang dadya pangirid laku
samana sampun budhal
datan kawama ing margi
pra punggawa bang wetan wus prapta Jipang.

134. Anulya sami utusan
atur uninga Ki Patih
Danureja Mangkupraja
yen Pangeran Mandureki
myang kang para bupati
prapteng Nagri Jipang sampun
Danureja Mangkupraja
tuwin Amral wus udani
sawusira pirembagan sigra budhal.

135. Saking Nagri Kartasura
gumuruh swaraning janmi
kadi ombaking samodra
gegaman awarni-warni
tuwin bala kumpeni
nenggih sewu kathahipun
kang binekta mring Amral

PNRI Balai Pustaka

nanging sira Ki Dipati
Danureja pinundhut dhateng Sang Nata.

136. Kinen tenggaa nagara
dene tetindhihing baris
Rahaden Suradiningrat
putra Panularan nenggih
kang dadya senapati
Dipati Mangkuprajeku
Raden Natawijaya
lan Raden Pringgalayeki
kalahira maksih aneng pabarisan.

137. Lawan pasisir pangiwa
wus ingutusan prajangji
angkate sareng geceka
Nagari Madiyun nenggih
gantya ingkang winarni
Dipati Natapureku
budhal saking ing Japan
sedya ngumpul ingkang baris
lawan Sultan tuwin dhateng Panembahan.

138. Lawan putra ing Mandura
Rahaden Jimat nameki
kang binekta marang Dewa
Ketug mring Nagri Manguwi
mangkya wus minggat saking
Manguwi sawadyanipun
milane nuli kesah
Ki Ketug cidra ing jangji
yen den ajak bedhah mring Nagri Mandura.

139. Ki Dewa Ketug samaya
Dyan Jimat kaku kang galih
milanira milu kesah
saking Nagari Manguwi
ing mangke sedya nunggil

PNRI Balai Pustaka

Panembahan Purbayeku
lampahnya sampun prapta
Nagari Madiyun nenggih
akaliyan Adipati Natapura.

140. Tundhuk lawan Panembahan
myang Sultan trustha ing galih
tuwin sira Raden Jimat
kalangkung suka ing ati
myang kang para dipati
mancanagara angumpul
Dipati Natapura
sampun sinedhahan kardi
dadya pramugari saliring prakara.

141. Tansah tinantun mring Sultan
miwah Panembahan nenggih
tan liyan sira Martapura
kang tansah tinari-tari
Raden Jimat anenggih
pan ginanjar estri ayu
Sultan lan Panembahan
pan sampun ageng kang galih
apanggiha aneng dhusun ing Kekajang.

142. Tuwin barisira Amral
Baritman pan sampun prapti
lan Dipati Mangkupraja
kang saking kidul dhatengi
sampun sami apanggih
sigra Ki Natapureku
sampun atur uninga
dhateng Panembahan nenggih
lamun mengsah saking ler-kidul wus prapta.

143. Ngalempakna barisira
Amral Baritman ing mangkin

PNRI Balai Pustaka

dinulu tanpa wilangan
pirang pandeleng kang baris
ngebeki wana tepi
tepis iringing Madiyun
agung ingkang gegaman
aturipun Adipati
Natapura leheng sami medalana.

144. Boten kasompak ing yuda
yata sagunging bupati
pan sami kelu sadaya
Panembahan budhal saking
kitha Madiyun aglis
sigra umagut prang pupuh
aneng dhusun Pagakan
sigra tata punang baris
aneng ara-ara adhendheng asinang.

145. Panembahan masanggrahan
kuneng kawarnaa enjing
Amral Baritman wus budhal
Mangkupraja Adipati
Pangeran Sampang tuwin
para punggawa anggregut
wadyabala sumahab
sampun atata kang baris
dhadhanira kumpeni yudakenaka.

PNRI Balai Pustaka

III. Pangkur

1. Lan Dipati Kartasura
   Mangkupraja pangawat wong pasisir
   kang tengen lan keringipun
   kang kanan dadi kiwa
   sigra budhal gegaman lir ardi santun
   pan gumuruh swaranira
   anglir ombaking jaladri.

2. Kangjeng Sultan wus siyaga
   Panembahan Purbaya datan tebih
   kang dadi pangawakipun
   ing kering lawan kanan
   apan mancanagara pinalih sampun
   Ki Dipati Natapura
   nindhihi pangawat kering.

3. Ingiring wong Surabaya
   tengenira Raden Jimat nindhihi
   wong Mandura ana satus
   sami prayitneng yuda
   Panembahan Herucakra kanthinipun
   neng kanan sawadyanira
   gya prapta bala kumpeni.

4. Wus samya wawas-winawas
   mungsuh rowang prasamya anengahi
   atengara sigra nempuh
   rame bedhil wong surak
   Adipati Natapura mangsah gupuh
   angawet sawadyanira
   anempuh bala pasisir.

5. Sumyur ingkang tinarajang
   wong pasisir datan amanggapulih
   apan kathah ingkang lampus
   sigra Rahaden Jimat

PNRI bp Balai Pustaka

sawadyane wong Mandura sigra nempuh
langkung sudireng ayuda
ruket rok asilih-ungkih.

6. Ana kang watang-winatang
kang saweneh ana kang genti keris
kumpeni sigra tetulung
asru pangedrelira
swaraning kang snejata lir gunung rubuh
Panembahan Herucakra
apanggah datan gumingsir.

7. Wau wadya ing Mandura
sabalane Pangeran Mandureki
sadaya samya andulu
dhateng Rahaden Jimat
samya wingwrin malayu kalangkung takut
katur Pangran Cakraningrat
yen ari magut ing jurit.

8. Kang raka kalangkung duka
mengsah ngrana anregaken kang dasih
anudingi ngandika sru
heh bocah ing Mandura
lah cekelen bae iku ta si kacung
aja na kang wedi sira
wong Mandura langkung ajrih.

9. Samangsane perak lawan
wong Mandura Raden Jimat tinolih
dadya rame yudanipun
yata Kyai Tohjaya
mangsah ngarsa den iring ing wadyanipun
sagung wadya ing Lamongan
nempuh wong mancanagari.

10. Ingkang tinarajang bubar
pan lumayu ngungsi wurining gusti

PNRI Balai Pustaka

Panembahan Purbayeku
ngungsir wadya Lamongan
Adipati Natapura sigra nempuh
baris pasisir tinrajang
wong Surabaya mangungkih.

11. Ngisis kathah kang palastra
wong pasisir kathah kang nandhang kanin
giris pra sami lumayu
ngungsi wuri Walanda
kadi rareyotan lowe solahipun
Panembahan Purubaya
pengkuh dennya magut jurit.

12. Geger madyaning ranangga
wong kumpeni akathah kang ngemasi
Amral kewran ing tyasipun
micareng jroning driya
Panembahan Purbaya dheprok ing pupuh
sigra wau Tuwan Amral
amepak para kumpeni.

13. Sampun ngalumpuk sadaya
sakathahe wau para upesir
mariyem sigra pinundhut
pinasang munggeng ngarsa
dyan sinumet saking kadohan gumuruh
sarta kang para punggawa
kinen ngumpul dadi siji.

14. Binubrah pangawatira
kanan-kering wus ngumpul dadi siji
Tuwan Amral watiripun
Panembahan Purbaya
menek ngamuk ing yuda sapa kang magut
mila aglis ingurugan
gurnada lan gutuk api.

PNRI Balai Pustaka

15. Anenggih tengen lan kiwa
kang pangawat punggawa mancanagri
sami lorodan lumayu
datan manggapuliha
duk samana apan kasaput ing dalu
mundur Kangjeng Panembahan
wadya kumpeni ingungsir.

16. Pan alon ing lampahira
wong kumpeni kadya angiring-iring
Panembahan rerep sampun
sadalu aneng kitha
pan adandan gumerah busekan umung
anenggih swaraning janma
sadalu akontrang-kantring.

17. Sedya ginggang saking praja
ingkang wadya samya pating bathithit
weneh ana dandan pikul
Sultan lan Panembahan
ingkang para pawestri swara gumuruh
sadalu tanana nendra
yata kawarnaa enjing.

18. Saking Madiyun wus budhal
pan angetan wadya kumpeni ngungsir
lampahira sampun rawuh
talatah Pranaraga
pan arerep sadalu Kaweran dhusun
kumpeni pan datan tebah
neng marga sakedhap jurit.

19. Jeng Sultan kagengeng lawan
pan karoban kawon denira jurit
lajeng ngetan lampahipun
Kadhiri sampun prapta
wadyabala Kartasura mandheg tugur
yata genti kawarnaa

PNRI Balai Pustaka

putranira Surapati.

20. Apan miyarsa pawarta
Panembahan aneng Nagri Kadhiri
putra katiga amethuk
kang sepuh aranira
Raden Surapati panenggak jejuluk
Rahaden Suradilaga
pamekas Tirtanateki.

21. Sampun sami pinanggihan
Panembahan Purbaya trustheng galih
ginanjar busana luhung
katrinya langkung suka
pan kinulawisudha jinunjung lungguh
kuneng malih kawarnaa
langkung kang bala kumpeni.

22. Lan dedamel Kartasura
sampun prapta aneng kilen benawi
palabuhan pondhokipun
lan sagung pra dipatya
pan alami antara samadya tengsu
denira yun-yunan yuda
sira Mral Baritman nuding.

23. Marang Ngabehi Lamongan
kinen nabrang mangetan sawadyeki
medal ing ngandhap puniku
kinanthenan Walanda
Kapten Konar lan Kapten Benggol nameku
lawan Panbayi Kapitan
Kapitan Buhung lan malih.

24. Kapalane wong Makasar
lawan Lutnan Jembaran Lurah Bali
nulya budhal tan asantun
apan nabrang ing ngandhap

PNRI Balai Pustaka

sasampuning nabarang ngandhap lajeng ngidul
Penembahan kagegeran
Dipati Natapureki.

25. Kang tinuduh nadhahana
lawan Tirtanata kang dadya kanthi
arane Suranateku
Amral miyarsa warta
yen wis kalong baris ing Daha anglurug
sigra nabrang pra punggawa
pra dipatya lan kumpeni.

26. Lajeng campuh ing ayuda
ramening prang ruket rok silih ungkih
wadya Kapurbayan pengkuh
kang dadya tindhihira
Surapati lan Suradilaga iku
kalangkung dennya sudira
arame denira jurit.

27. Sampun karsane Hyang Suksma
Panembahan Sultan apes ing jurit
kasoran sasolahipun
Rahadyan Surapatya
sampun kawon yudanira kapelayu
Ki Dipati Natapura
kawon denira ajurit.

28. Bedhah Negari Mamenang
Panembahan ngaturan Surapati
anjog Malang lampahipun
Kadhiri wus kancikan
dhateng bala kumpeni akarya sampun
loji marang Nagri Daha
Amral marang Surawesthi.

29. Medal ing Japan Nagara
sami nungkul punggawa mancanagri

PNRI Balai Pustaka

sowan mring Mangkuprajeku
ing Madiyun Nagara
Pangerane pacak baris nora nungkul
katur mring Sang Adipatya
Mangkupraja sigra nuding.

30. Tumenggung Mataun Jipang
ingkang kinen nglurug sampun lumaris
ing Madiyun sampun rawuh
apan campuh ing yuda
pan karoban lawan wadya ing Madiyun
kuthanira sampun bedhah
Pangran Madiyun winarni.

31. Apan ta kesisa bala
wus kacandhak apan ta den taleni
Pangeran binekta sampun
marang ing Kartasura
datan lami samana denira nglampus
linawe aneng kunjaran
yata kawarnaa malih.

32. Sultan budhal saking Malang
saha wadya tedhak marang Kadhiri
apan ta arsa rinebut
lampahe sampun prapta
aneng dhusun Pojigpongan sigra pinethuk
dening bala Kartasura
sumahab wadya kumpeni.

33. Rame yuda neng Pongpongan
Kangjeng Sultan apan karoban tandhing
sampun kawon yudanipun
ngungsir wong Kartasura
myang kumpeni Jeng Sultan munggah ing Gunung
Ngantag anjog Nagri Malang
kang ngelud wangsul tumuli.

PNRI Balai Pustaka

34. Marang Kadhiri Nagara
pasanggrahan Amral ingkang winarni
Surabaya sampun rawuh
rembag angelud Sultan
sampun budhal saking Kadhiri gumuruh
angrurah kutha ing Malang
sangkalanira winarni.

35. Duk budhal saking nagara
Rasa Warna pamane Buda Nabi
Eje nuju ingkang taun
tan kawarna ing marga
lampahira wadya Kartasura rawuh
dhusun Lebak pasanggrahan
nulya wewelak kang prapti.

36. Wadya lit pan sami lara
mutah ngising apan lajeng ngemasi
sadintene pejah satus
tuwan Amral gya budhal
marang Malang prapta nagri lajeng campuh
tan adangu dennya yuda
wus bedhah Malang Nagari.

37. Mungsuh lumayu sarsaran
wadya Kartasura samya nututi
Kyai Sinduija Tumenggung
kacandhak pinejahan
murdanira pinocok pisah lan gembung
Panembahan Purubaya
kengser mangetan den ungsi.

38. Jeng Sultan ngidul lampahnya
ngungsi Dhungkul sawadyanya pribadi
wadya Kartasura mundur
tuwin bala Walanda
sira Pangran Mandura ingkang tinuduh

PNRI Balai Pustaka

kantun neng Malang Nagara
Dipati Mangkuprajeki.

39. Gerah pan lajeng pralena
para mantri apan kathah kang sakit
Dyan Suryadiningrat lampus
tiyang alit tumpesan
pan gegering mutah ngising ingkang ngamuk
sarta larang ingkang pangan
tuwan Amral mapag aglis.

40. Lumampah medal lautan
pra punggawa tuwin kang para mantri
medal dharat lampahipun
yata Pangran Purbaya
lajeng dhateng Lumajang sawadyanipun
Panembahan Herucakra
miwah Raden Surapati.

41. Lan Raden Suradilaga
Adipatya Natapura tan kari
Tirtanata Jimat tumut

Kangjeng Sultan wau ta ingkang winuwus
miyarsa lamun Walanda
wus bubar denira baris.

42. Kangjeng Sultan sigra tedhak
sawadyanya wangsul mring Malang malih
Kaligangsa pondhokipun
datan lami nandhang grab,
apan sanget Sultan lajeng sedanipun
kang garwa sami karuna
bubar sagung para mantri.

43. Kang saweneh nusul marang
Panembahan dening pra garwa sami
ana ingkang tumut mantuk

PNRI Balai Pustaka

ngiring layoning Sultan
yata wau Ki Jayabrata Tumenggung
sampun alit ingkang manali
pan sedya anungkul mangkin.

44. Sarwi ngaturken bandhosa
marang Nata Narendra Kartawani
kang layon binekta sampun
genti kang kawarnaa
pra punggawa Kartasura ingkang nglurug
sami prapta Kartasura
miwah layoning Dipati.

45. Mangkupraja layonira
Raden Suryadiningrat sareng prapti
kang tangis umyung gumuruh
anulya Kartasura
samya tawan tangis denira amethuk
para estri Mangkupraja
alara-lara anangis.

46. Kang nglurug prapta sadaya
sampun katur mring Jeng Srinarapati
Sang Nata kalangkung ngungun
yata wau parentali
kang pepatih dadi siji iya mantuk
Adipati Danureja
Mangkupraja putraneki.

47. Maksih mudha pan kinarya
wedanane panekar sinung wangi
Kartanagara Tumenggung
apan atunggil warsa
lan Dipati Semarang denira lampu
kacatur tan darbe putra
amung pulunan ingambil.

48. Putra katur mring Sang Nata

PNRI Balai Pustaka

Jeng Sinuhun kala tedhak Semawis,
malah pinaring jejuluk
Ngabehi Martayuda
sapejahe ingkang rama sedya ngrebut
mring nagara ing Semarang
wus bilang dhateng kumpeni.

49. Tuwan komasaris nama
Dulkub jaga nagari ing Samawis
Martayuda minta lungguh
kang rama nuwun lilah
kadipaten tinedha tan angsung weruh
mring Narendra Kartasura
katur marang Kiya Patih.

50. Polahira Martayuda
anggegampang nagari ing Samawis
Ki Dipati Danurja wus
utusan mring Samarang
animbali Martayuda duta rawuh
aneng Nagara Samarang
Ki Martayuda wus kerid.

51. Marang Nagri Kartasura
pan angangge-angge cara bupati
anggening rama rumuhun
Kartasura wus prapta
Ki Ngabehi Kapatihan pondhokanipun
Ki Dipati Danureja
utusan dhateng Samawis.

52. Sarya wau kintun serat
kang caraka prapta Nagri Semawis
serat sinungaken sampun
komisaris wus tampa
dyan binuka ijoan sinuksmeng kalbu
kang kariyin tabeningwang
katura mring komisaris.

PNRI bp Balai Pustaka

53. Raping kalihe sudara
aprakawis Martayuda Ngabehi
pakcnira teka purun
iya karya punggawa
aneng Nagri Samarang Gusti Sang Prabu
dereng adarbe timbalan
mring Martayuda Ngabehi.

54. Lamun genteni ing rama
wruhanira sudara Ki Dipati
Semarang jagani iku
gawene mring Walanda
yen awona ing karya sira sung weruh
inggih dhateng ing manira
sun aturaken Sang Aji.

55. Pakenira boya wenang
ngelongana utawa yen muwuhi
lungguhe dipati iku
boten angganjar niksa
apan dede gawene kumpeni iku
angelongi muwuhana
atas karsane narpati.

56. Sabarang datan winenang
gedhe-cilik jer prakara nagari
pakcnira nora milu
komasaris miyarsa
tan kena ngling anjetung kalangkung ngungun
mirsa ungeling nawala
den ucap dening Ki Dipatih.

57. Anulya ngaturi serat
dhateng Raden Danureja Dipati
anedha apuranipun
mring Ki Patih Danurja
pan sinareng kalawan kintunanipun
si Komisaris Samarang

PNRI bp Balai Pustaka

amet galihe Ki Patih.

58. Dimen aywa kongsi corah
kang bicara marang Nagari Batawi
wondene prakawisipun
Ngabehi Martayuda
pan kasiku samangke maksih neng ngriku
wonten Nagri Kartasura
prasasat wus den rawiti.

59. Mangke Raden Adipatya
sakarsane amba datan ngawruhi
duta umesat glis rawuh
Nagari Kartasura
tundhuk lawan Dyan Patih surat wus katur
tinampan wus tinupiksa
langkung sukanireng galih.

60. Mirsa ungeling nawala
saking Tuwan Komisaris Semawis
kalangkung kucem ing kalbu
sigra denira sowan
Raden Danureja prapteng pura matur
dhumateng Srinaradipa
sasolah-solahireki.

61. Langkung suka Srinarendra
heh wakane mangsa bodho sireki
ya si Martayuda iku
katrapa siku mringwang
age sira lekasana kena ngukum
mung aja kongsi palastra
karana jeng rama swargi.

62. Uwis ajangji ing kuna
lawan Suradimanggala Semawis
saturune apan luput
yen katrap dosa pejah

PNRI Balai Pustaka

dadi lara yen dosa lara puniku
sayektine diapura
lawan maninge apatih.

63. Sapa ingkang gumantiya
ing Semarang ingkang dadi bupati
lah mangsa bodho sireku
Raden Patih tur sembah
yen suwawi kalawan karsa pukulun
abdidalem Gemulakan
kados boten neniwasi.

64 Tinanggenah ing Samarang
lan piturut pun Setrajaya gusti
Sang Nata ngandika arum
iya mangsa bodhoa
kyana patih medal pagelaran rawuh
Ki Ngabehi Martayuda
dhuwunge uvvus ingambil.

65. Den presi neng Kapatihan
sigra matah punggawa mring Samawis
masrahken Martayudeku
mring Komasaris Samarang
kinen budhal saking Semarang den gupuh
sigra wau lumaksana
sarwi bekta Ki Ngabehi.

66. Martayuda neng Semarang
wus tinampen mring Tuwan Komisaris
wus linajengaken wau
binucal mring Jakarta
lan saanak-rabi Komisaris Dulkub
sampun angangsuli serat
duta nata mesat aglis.

67. Wus prapta ing Kartasura
sigra mapag marang rekyana patih

PNRI Balai Pustaka

ngaturken serat wewangsul
ingkang saking Semarang
gya tinampen binekta sowan Sang Prabu
Sang Nata kalangkung suka
tuwin Rahaden Patih.

68. Kalawan kekintunira
serat saking Danureja Dipati
kang serat sinuksmeng kalbu
amangsuli carita
pan Pangeran Ngabehi duk jenengipun
kang rama Srinaranata
duk arsa mapat Sang Aji.

69. Pan kesah anjog ing Tegal
pan kumpeni kang tinudhuh nututi
Pangeran kacandhak sampun
binekta niring Jakarta
duk jumeneng kang rayi Pangeran wau
kinen bucal dhateng Ekap
mangkya kumpeni tur tulis.

70. Katur marang Srinarendra
nuwun ingon kang raka Pangran Behi
ingkang pinisakit wau
Dipati Danureja
pan ingutus dhateng wau Sang Aprabu
marang Nagara Samarang
apan kathah kang prakawis.

71. Pinancas Nagri Samarang
lawan jangji ing kina wus netepi
apan ta ing sahen taun
patih nampani arta
pambayare kumpeni denira nempur
sewu koyan sahen warsa
kang numpani Ki Dipati.

PNRI Balai Pustaka

72. Binage para punggawa
sadayane bupati ing pasisir
marma Ki Danurejeku
pan saben-saben warsa
mring Semarang kumpeni yen cidreng wuwus
bokmanawa anggegampang
bayare panempur nenggih.

73. Manawa bandha semaya
ing sakehe punggawa ing pasisir
cinatheta sadayeku
sarta asraha beras
miwah pan aja kaliru ingetung
nwusnya winekas-wekas
dhumateng srinarapati.

PNRI Balai Pustaka

IV. Sinom

1. Ki Dipati sigra budhal
datan kawarna ing margi
sampun prapta ing Samarang
panggih lawan komisaris
Ki Gemulak Ngabehi
sampun wonten lungguhipun
jumeneng Adipatya
Setrawijaya Semawis
dene prakara ingonipun Pangeran.

2. Kumpeni panuwunira
kawanatus reyal nenggih
Kiya Patih Danureja
kalihatus den sanggemi
ing saben-saben warsi
yen kumpeni datan purun
angreksa mring Pangeran
den ulihena mring Jawi
pan manira dhewe kang sanggup angreksa.

3. Dadya putus kang bicara
kalihatus saben warsi
kuneng ganti winursita
Pangeran Dipasaneki
lolos saking nagari
angancik desa Lawanu
arsa jumeneng nata
sigra cinekel tumuli
marang sira Ngabelli Gagakpranala.

4. Winadhahan susuk sigra
katur mring Kartasureki
nulya wau kinunjara
aneng gedhong tengen nenggih
tan lami den pejahi

PNRI bp Balai Pustaka

Pangeran Dipasaneku
linawe sedanira
yata wau kang winarni
ingkang layon Jeng Sultan Balitar prapta.

5. Wus katur marang Sang Nata
karsanira Sribupati
bandhosane ari sigra
linajengken mring Magiri
dene ingkang umiring
Tumenggung Jayabrateku
kalih atmajanira
sigra sami den suduki
aneng waringin kembar kalihe wus pejah.

6. Sang Nata nulya putusan
dhateng Negari Semawis
nenggih maringi uninga
mring patih myang komasaris
langkung suka ing galih
nulya dadosaken rembug
pan sedya angungsira
Panembahan Purbayeki
sampun rembug Ki Dipati sigra budhal.

7. Saking Nagri Kartasura
Jeng Sinuhun ambektani
punggawa mancanagara
tuwin bupati pasisir
kang panengen tan kari
miwah ingkang sami tugur
ing Daha kinen mangkat
sira Kapitan Penbayi
budhalira pan sami anut mangetan.

8. Kalih wong mancanagara
komisaris budhal aglis
miyos Jipang lampahira

PNRI Balai Pustaka

anjog Nagri Surawesthi
tuwin bala pasisir
kinen pradandanan gupuh
inganti Surabaya
amung Dipati Semawis
datan pisah lawan komisarisira.

9. Sampunira prandandanan
sagung punggawa pasisir
Sumenep lawan Madura
sapanengen datan kari
sigra budhal tumuli
mring Surabaya wus kebut
Ki Ngabehi Tohjaya
ingkang kinarya pangarsi
ing Lamongan tandange lir singalodra.

10. Ambekta prajurit dhomas
sami andeling ajurit
datan kawarna ing marga
Nagari Gembang wus prapti
amasanggrahan sami
myang kang medal Daha rawuh
sagung mancanagara
tanapi bala kumpeni
sareng prapta akekuwu Pasuruhan.

11. Yata wau kawarnaa
Panembahan Purbayeki
kang lagya sanget sungkawa
sawadyanira prihatin
neng Lumajang Nagari
dene kang lumakseng pungkur
bok ana mungsuh prapta
nututi bala kumpeni
kang ajaga Rahaden Suradilaga.

12. Pan samya rumekseng baya

PNRI Balai Pustaka

bekta rongatus prajurit
baris sakilening kitha
dhusun Sarebeg nameki
lawan Natapureki
urun prajurit rongatus
wonten dening kang raka
sira Dyan Suradipati
neng Lumajang nunggil lawan Panembahan.

13. Panembahan Herucakra
Dipati Natapureki
anunggil aneng Lumajang
Panembahan gunem kawis
lan sagunging prajurit
karyane amundhut bantu
dhateng Nusakambangan
caraka umesat aglis
prapta Bah kang duta sinangga krama.

14. Raja Bah asemaya
sagah arsa angaturi
kang prajurit tigang nambang
lagya amilihi dasih
Pnembahan Purbayeki
wus kathah peparingipun
mring raja Bah sira
awarni kancana rukmi
tanpa wekas asanggup-sanggup kewala.

15. Kuneng gantya winursita
kawarnaa komisaris
lagya sani prembagan
lan sagung para dipati
nedya bujuka maring
Pnembahan Purbayeki
ngupaya kang lumampah
dereng wonten kang prayogi

PNRI Balai Pustaka

kang dinuta dhateng Lumajang Nagara.

16. Ki Citrasoma lingira
ari Tohjaya Ngabehi
kadipundi karsadika
sinten mangke kang prayogi
bekta surat puniki
lawan sinten kang jinujug
ingkang dadi jaruman
yen prapteng Lumajang benjing
anauri sira Ngabehi Tohjaya.

17. Ing sapamirsa kawula
boten wonten kang prayogi
anjawi Suradilaga
kalawan pun Surapati
kalih tinari-tari
mring panembahan puniku
kadhahar saaturnya
lan maksih sugih prajurit
milanipun Panembahan Purubaya.

18. Dhumateng Nagri Lumajang
aturipun Surapati
tuwin pun Suradilaga
Komisaris Dulkub angling
iya kyai sayekti
manira luwih panuju
kang minangka jaruman
nanging sinten kang prayogi
bekta surat katura mring Surapatya.

19. Tuwin dhateng Panembahan
layang manira puniki
kamot saliring prakara
sarta timbalan narpati
heh sagung pra dipati

PNRI Balai Pustaka

nanya mring mantrinipun
ingkang wani prakara
anglampahi serat mami
pra punggawa anari mring mantrinira.

20. Nanging tanana sanggupa
sagung mantrining bupati
Dulkub kaku manahira
lah kadipundi puniki
ingkang ingsun lakoni
apan dudu karsaningsun
dhewe ayahan nata
ingkang manira lampahi
milanipun teka mekaten kewala.

21. Sabecik-becikaneha
prang kasap luwih abecik
inggih lampah dhedhemitan
inggih Tohjaya Ngabehi
ma rebel waspaneki
amicareng jroning kalbu
sagung para punggawa
mangkene bae tokneki
sun miyarsa panggawehaning narendra.

22. Kang luwih awrat punika
punggawa ingkang ngawaki
katempuh boting nagari
pan andel-andeling aji
sanadyan rare cilik
yen wani nempuh pakewuh
karya bandha dhemitan
patut kinarya bupati
pra punggawa pan samya kendel kewala.

23. Yata wau sinemonan
ujare Tohjaya iki

PNRI Balai Pustaka

asal wong cilik ing kina
mengko ginanjar nagari
pan kinarya bupati
imbal wacana lan prabu
tur tadhah pangandika
apa wewalesireki
yen tan wani nempuh ing byating prakara.

24. Apan mengkono tyasira
sagunging para bupati
pan sarwi kendel kewala
sigra Tohjaya Ngabehi
medhun saking ing kursi
manira tuwan kang sanggup
anglampahaken serat
kula lampahi pribadi
boya kudu ambekta para punggawa.

25. Komisaris Dulkub suka
astane sigra kinanthi
sira Ngabehi Tohjaya
binekta mring kantor aglis
sarwi den bebisiki
aywa susah ing atimu
adate nora nana
duta tumeka ing pati
prapteng kana sapa kang sira jujuga.

26. Angucap sira Tohjaya
pun Suradilaga nenggih
kawula jujug neng ngrika
kajenge suka upeksi
dhateng pun Surapati
lamun dhangan manahipun
tuwan pun Surapatya
panembahan anuruti
Surapati kadhahar saaturira.

PNRI Balai Pustaka

27. Komisaris Dulkub mojar
iya bener Ki Ngabehi
ya iki pakirimingwang
mring Pnembahan Purbayeki
miwah pun Surapati
miwah Suradilageku
sigra wau tinampan
ingkang serat lan kekirim
heh Ngabehi yen gepok kekirimingwang.

28. Panembahan teka gampang
iya gelem ngong aturi
sigra mesat Ki Tohjaya
bekta punakawan kalih
lan Dipati Samawis
pinundhutan mantri wau
angaturi satunggal
Demang Kaligawe nenggih
kang tinuduh lan Dipati Citrasoma.

29. Nenggih bektani kebayan
ing mantri lan sikep siji
ingkang amikul rembatan
dadya kanen Ki Ngabehi
wus lepas lampah neki
datan kawarna ing ngenu
wus prapteng pabarisan
ing Sarebeg punang baris
sampun katur mring Raden Suradilaga.

30. Kalangkung pangungunira
dene selamet ing margi
pakirim sampun tinampan
ingkang saking komisaris
langkung awarni-warni
mring Suradilaga iku
tuwin mring Surapatya

PNRI Balai Pustaka

pangangge awarni-warni
Raden Suradilaga alon lingira.

31. Adhi Ngabehi Tohjaya
paduka kantun neng ngriki
kawula sowan ing kakang
Surapati atur tulis
dene andika adhi
arsa kula bekta laju
bilih dede kang karsa
sigra mesat tan akari
saking desa Sarebes alelancaran.

32. Sira Ngabehi Tohjaya
den reksa marang wong Bali
baiane Suradilaga
brengose sakepel sisih
solahe lir raseksi
pating jalimprak dinulu
mantrine wong Japara
kanthine Ki Angabehi
ajrih miyat katisen padha sakala.

33. Angling Demang Kapiwara
lah daweg minggat ing wengi
rasane pan boten eca
dika kinatunn neng ngriki
Suradilaga nenggih
alami denira rawuh
tiyange kang atengga
neng ngriki pating kalesik
datan eca raose lah daweg minggat.

34. Nyentak Ngabehi Tohjaya
dudu anake wong becik
kinongkon durung karuwan
angajak minggat ing wengi
Ki Kabayan nauri

PNRI Balai Pustaka

daweg minggat den agupuh
tiyang kang sami tengga
guneme amemedeni
winitawis pakone Suradilaga.

35. Angucap ping pat ping lima
Ki Ngabehi tan nauri
lingira mantri Japara
kawula minggat pribadi
angucap Ki Ngabehi
sira minggata den gupuh
heh Demang Pariwarna
aja anyukeri kuping
lebur-luluh ingsun lakoni priyangga.

36. Pan ingsun dudu wong ala
kaya sira jejemberi
lingira Ki Parewana-
inggih leres Ki Ngabehi
kula baturing mantri
dika punggawaning ratu
tur ginanjar nagara
sedhenge tohana pati
awak kula aneng Nagari Japara.

37. Amung ngetutaken pangan
sakepel mring Ki Dipati
Citrasoma ing Japara
dede gawe kula inggih
nglampahi baya pati
Ki Tohjaya langkung bendu
mantri Japara sira
apan arsa den taboki
nulya bolos kantun mantri ing Semarang.

38. Lingira Kyai Tohjaya
lah kaya ngapa sireki
baya arsa milu minggat

PNRI Balai Pustaka

Demang Kaligawe nenggih
boten tumut wakmami
anging wonten aturipun
kiyai marang dika
sampun dika rani mantri
lahn akunen tetiyang sikep kewala.

39. Yata wau kawarnaa
sira Radyan Surapati
asdhatenge arinira
bekta serate kumpeni
miwah ingkang pakirim
serat tinupiksa gupuh
dene kang ngebang-ebang
sira Raden Surapati
nekakaken marang Kangjeng Panembahan.

40. Mugi tututa kewala
Panembahan Purbayeki
sira ginanjar nagara
marang Kangjeng Sribupati
ngendi sira karsani
lan kumpeni aweh untung
ing saben-saben warsa
kalihewu reyal nenggih
lan dosane kang rama lebur sadaya.

41. Dosa ingkang kalampahan
lan aja seba sireki
marang Nagri Kartasura
angeca-ecaa benjing
neng nagrine pribadi
pan wus karsane Hyang Agung
Rahadyan Surapatya
asupe ingkang weweling
ipat-ipat kemoloken ebang-ebang.

42. Kumpeni kalangkung dibya

PNRI Balai Pustaka

yen karya ujar tan yekti
Surapati arsa seba
mring Pnembahan Purbayeki
matur yen tampi tulis
saking raka Sang Aprabu
myang Dulkub katur surat
kula kinen mituturi
mring paduka ngaturan mantuk mring praja.

43. Pan paduka boten dosa
mring raka miwah kumpeni
katuting rayi sampeyan
Jeng Sultan kang sampun lalis
raka paduka aji
lan kumpeni langkung ngungun
mangke gusti paduka
kinen mantuk mring nagari
adhahara gusti sabin kalih leksa.

44. Yen sampeyan boten lega
mantuk mring Kartasureki
kumpeni kang tumanggunga
aranta paduka gusti
kalebet buk kumpeni
rebat karaton pukulun
lingira Panembahan
sapa dutane kang prapti
Surapati matur inggih pun Tohjaya.

45. Bupatine ing Lamongan
mangkya kinantun neng jawi
angandika Panembahan
yen mangkono Surapati
katemuwa pribadi
lawan komisaris Dulkub
lawan sira jangjiya
ingsun gelem dikon mulih

PNRI bp Balai Pustaka

sarupine bocahingsun ingkang dosa.

46. Kabeh dipun apuraa
miwah si Natapureki
myang kakangmas Herucakra
lan si Cakranagareki
tanapi sira tuwin
sakadang-kadangireku
yen tan den apuraa
kabeh ngong tan gelem mulih
sunpalaur lebur-luluh aneng wana.

47. Atur sembah Surapatya
inggih kawula ngriyini
yen makaten karsa tuwan
sigra mesat Surapati
ing Sarebes wus prapti
panggih lawan Toha
tutur sasolahira
sira Radyan Surapati
langkung suka manahe Kyai Tohjaya.

48. Sokur raden yen mangkana
lah nedha pangkat tumuh
nulya wau sareng mangkat
amung Radyan Surapati
Suradilaga kari
tanapi Tirtanateku
lawan sawadyanira
neng Sarebes dennya baris
Surapati lawan Ngabehi Tohjaya.

49. Nagari Gembong wus prapta
panggih lawan komisaris
langkung suka ing wardaya
kurmatira anglangkungi
Tohjaya den takoni
maring komisaris Dulkub

PNRI Balai Pustaka

wilujeng sarowangnya
nanging mantri Jepareki
ingkang minggat komisaris langkung duka.

50. Marang Kyai Citrasoma
wus dinendha sewu nenggih
dene langkung tiwasira
denira dadi bupati
nora duwe bebicik
gawe mantri wong kapaung
sigra mangun bicara
dene Raden Surapati
kang tinedha nagari ing Pasedhahan.

51. Lawan amedananana
sawetane ardi Wilis
kumpeni nanggupi sigra
dene Radyan Surapati
nenggih sanggup ngaturi
Panembahan Purbayeku
mangkya lagi kadhahar
saature Surapati
wusnya dadya rembug nulya Ki Tohjaya.

52. Ingkang duwe pagaweyan
tinuduh baliya maning
lumampah sawadyanira
sarta surating kumpeni
myang Radyan Surapati
angaturi serat wau
marang Jeng Panembahan
tuwin dhateng ingkang rayi
Tirtanata tanapi Suradilaga.

53. Sigra mangkat Ki Tohjaya
tuwin punggawa pasisir
pinundhutan sikep samya
yitnane Ki Ngabehi

PNRI Balai Pustaka

Pnembahan Purbayeki
bilih lega galihipun
yen kongsi kapondhongan
dadya karya susah benjing
milanipun Ki Ngabehi saos tundhan.

54. Ki Tohjaya sampun budhal
datan kawarna ing margi
desa Sarebeg wus prapta
Suradilaga kapanggih
ngabehi atur tulis
serat tinupiksa gupuh
sampune maos serat
Raden Suradilageki
alon mojar daweg adhi sami seba.

55. Kalihira sareng mangkat
tansah rembagan samargi
lingira Kyai Tohjaya
Kang Suradilaga mangkin
saatur-atur mami
lamun andika tinantun
inggih angeplekana
dimen Panembahan iki
angguguwa saatur-atur kawula.

56. Dedimene Jagad Jawa
age karetaa anuli
kalih prapta ing Lumajang
katur wonten duta prapti
ingandikan tumuli
mring Panembahan Purbayeku
Raden Suradilaga
kang ngirid wus prapteng ngarsi
atur sembah angaturaken nawala.

57. Saking komisarisira
miwah saking Surapati

PNRI bp Balai Pustaka

kang surat wus tinupiksa
Panembahan sukeng galih
mirsa ungeling tulis
alon wijiling pamuwus
sira ran si Tohjaya
kang tinanyan atur bekti
inggih Gusti Panembahan angandika.

58. Ingsun wruh aran kewala
durung uninga ing warni
emut duk kalane rama
sira ingkang den kirimi
aran mring rama swargi
ingsun atanya satuhu
sira anake sapa
dene rupamu prayogi
heh Tohjaya lan abecik karyanira.

59. Wani yen ingaben yuda
ing dhemit wani nglampahi
nora nampik barang karya
lah tutura den sayekti
Tohjaya atur bekti
anaking awon satuhu
ngandika panembahan
sira ingkang amiwiti
dadi wijil becik ing saturunira.

60. Langkung asih Panembahan
marang sira Ki Ngabehi
dhinahar saaturira
Suradilaga nginggihi
tuwin kang punang tulis
Dulkub manis tembungipun
myang turing Surapatya
kang kawrat sajroning tulis
kathah-kathah sakalangkung manisira.

PNRI Balai Pustaka

61. Miwah ingkang ngebang-ebang
kumpeni muni ing tulis
sampun karsane Hyang Suksma
Panembahan tyase gampil
ngandika mring Ngabehi
Tohjaya nuruti tengsun
saatur-aturira
nanging ingsun lagi sakit
kayaparan Ki Tohjaya aturira.

62. Milane gusti kawula
bekta tandhu lawan joli
inggih miyarsa pawarta
yen paduka ragi sakit
Panembahan ngling aris
iya besuk Rebo ingsun
mangkat teka Lumajang
sigra Tohjaya Ngabehi
gya utusan mring Dulkub atur uninga.

63. Caraka sampun umangkat
datan kawarna ing margi
prapta ing Gembong Nagara
tundhuk lawan komisaris
katur sasolahneki
langkung suka Tuwan Dulkub
ngatag para punggawa
tetiga lawan kumpeni
tigangatus kinen sami amethuka.

64. Sira Dipati Semarang
lan arya ing Kudus nenggih
katiga arya ing Tuban
kang kinen amethuk sami
panggagenging kumpeni
Mayor Leder wastanipun
miwah Kapatan Konar

PNRI Balai Pustaka

lawan Kapitan Panbayi
lan Kapitan Panggol mangke namanira.

65. Sigra pareng dennya budhal
wong Jawa lawan kumpeni
tigang dina lampahira
kendel neng wana Basuki
Panembahan winarni
wus budhal sawadyanipun
saking Nagri Lumajang
gumuruh swaraning dasih
awatasis kantun satus abdinira.

66. Kalebet lan Panembahan
Herucakra lan Dipati
Natapura sawadyanya
lan balane Surapati
Pangran Cakranegara
Mandura sawadyanipun
lawan Suradilaga
tanapi Tirtanagari
mung satunggal sadhereke kari pura.

67. Raden Berahim kang nama
kari neng Dhungkul lagya gring
dene Ngabehi Tohjaya
tan kena pisah samargi
lan Panembahan nenggih
sakelangkung asihipun
lampahira wus prapta
aneng ing wana Basuki
sampun panggih lawan kumpeni kang mapag.

68. Nanging sira Panembahan
Purbaya prayitneng westhi
rerepot kang munggeng ngarsa
dene kang nindhihi dasih
nenggih putranireki

PNRI Balai Pustaka

Raden Mas Umbaran wau
selir lan para garwa
sami lumampah ing wuri
rerep kalih dalu enjing nulya budhal.

69. Saking Basuki gumerah
sigra Dipati Semawis
utusan ngaturi wikan
marang Tuwan Komisaris
Dulkub suka ing galih
angatag kumpeni gupuh
watawis sabragada
kinen methuka kang baris
nenggih aneng alun-alun Pasedhahan.

70. Komisaris datan mapag
maksih neng Gembong Nagari
amung Radyan Surapatya
angirid bala kumpeni
Pnembahan Purbayeki
wus rawuh sawadyanipun
ing Nagri Pasedhahan
kendel apasowan jawi
saha bala barise kubeng atata.

71. Dene kumpeni barisnya
aneng sangajenging masjid
Pasuruhan tinon aglar
Panembahan Purbayeki
esmu duka ing galih
dene Komasaris Dulkub
datan ana katingal
nimbali Dyan Surapati
aturira angrojongi ing sakarsa.

72. Sigra Ngabehi Tohjaya
wau ingkang den timbali
tinuduh kinen ngantepa

PNRI Balai Pustaka

marang wau komisaris
dene norana prapti
iya apa awakingsun
langkung angeca-eca
asida ngajakan becik
apan ora lah karuwane kewala.

73. Pagene norana prapta
ing Pasuruhan Nagari
enak neng Gembong kewala
Ki Tohjaya atur bekti
sigra anitih wajik
gurawalan lampahipun
prapta ing Gembong sira
panggih lawan komisaris
wus winarah sadukanira pangeran.

74. Dulkub geter manahira
trangginas nitih turanggi
anander lan upasira
katiga lan Ki Ngabehi
sagung para bupati
pasisir sareng anusul
tuwin Pangeran Sampang
ander lawan pra dipati
komisaris wus prapta ing Pasedhahan.

75. Sedya ge-age tabeyan
Panembahan den tingali
kinepung baris akapang
nulya menggok komisaris
mring barising kumpeni
sangarsane masjid wau
nenggih majeng mangetan
Panembahan ingkang baris
majeng ngilen sawadyanira akapang.

76. Komasaris Dulkub sira

PNRI Balai Pustaka

angariti para bupati
tuwin Pangeran Mandura
kalawan para dipati
Dulkub wus majeng aglis
para punggawa tan kantun
sowan mring Panembahan
sareng celak tinggal keris
baris piyak Panembahan sigra nyalak.

77. Nulya sami tatabean
Panembahan den arasi
dhateng komisaris ika
ganti kang para bupati
ngujung marang ing ngarsi
Pangran Mandura rumuhun
sakeh para bupatya
sadaya sami anangis
lir wanodya sesambat nata kang swarga.

78. Adipati Citrasoma
miwah Dipati Semawis
anangis kalara-lara
lir wong kapegatan estri
tinilar angemasi
mangsanya lagya sih-lulut
ri sampune mangkana
Panembahan den aturi
dhateng ing loji Gembong lan jangji sumpah.

79. Dulkub lawan Panembahan
rembag sami den aturi
tumanduka mring Semarang
lajeng mring Kartasureki
kasaru duta prapti
utusane Jeng Sang Prabu
mundhut Pangeran Jimat
timbalanira narpati

PNRI Balai Pustaka

Raden Jimat kinen medalaken dharat.

80. liyane saking punika
medala ing laut sami
anjoga Nagri Samarang
sigra mesat tan asari
Pangeran Jimat nenggih
binekta mring duta prabu
komisaris wus mancal
Panembahan Purbayeki
tuwin sira Panembahan Herucakra.

81. Myang Dipati Natapura
miwah Raden Surapati
tanapi Suradilaga
sinengkalan angkaneki
Sarira Jalanidhi
Karasa Rupanireku
sagung para dipatya
sadaya alit kang galih
Panembahan sampun kena ingupaya.

82. Tan winarna ing lautan
sampun prapta ing Semawis
Panembahan Purbaya
kalawan sawadyaneki
langkung binojakrami
dhateng Komisaris Dulkub
yata kang kawarnaa
wonten duta lagya prapti
saking jendral pan arsa adhandhanggula.

PNRI Balai Pustaka

V. Dhandhanggula

1. Duta prapta saking ing Betawi
ngaturi Panembahan Purbaya
Sengadi Jendral jenenge
apan arsa katemu
Panembahan Purbaya singgih
duta kang saking praja
Kartasura rawuh
mundhut Pangeran Dipatya
miwah wau ingkang saking ing Betawi
sampun ungkur-ungkuran.

2. Sampun mancai saking ing Samawis
panembahan lan sawadyanira
pra garwa lara tangise
bupati samya ngungun
ngraos lamun kena ing sandi-
upayaning Walanda
maleca ing wuwus
yen lamun derah ngamuka
kang punggawa wus tan agegaman sami
yata kang kawarnaa.

3. Sira Kangjeng Pangeran Dipati
Anem prapta Nagri Kartasura
lajeng tumameng purane
tundhuk lan rama prabu
langkung onengira narpati
nanging Pangran Dipatya
tan nimbangi kayun
maksih tresna dhateng paman
datan lami putrà pinaringan sabin
sewu lelenggahira.

4. Jumeneng Pangeran Adipati
Mangkunagara ing Kartasura

PNRI Balai Pustaka

yata kawarnaa mangke
kang lumampah ing laut
sampun prapta Nagri Batawi
Panembahan Purbaya
lan sabalanipun
Panembahan Herucakra
wus binucal dhateng Pulo Kap anenggih
punika putra tuwa.

5. Dipun arani amemarahi
dene Adipati Natapura
tanapi Surapatine
myang Suradilageku
miwah Jaka Tangkeban nenggih
sampun sami binucal
dhateng Selong wau
panembahan Purubaya
aneng beteng Ngalang-alang ing Betawi
saputra garwanira.

6. Pangeran Jimat ingkang winarni
prapteng Kartasura kinunjara
pan upas sasantanane
lan Sewanagareku
kinunjara neng gedhong nenggih
sira Pangean Jimat
pejah ngedhat wau
aneng jro kunjara upas
Raden Sewanagara wus den luwari
sinungken Pangran Sampang.

7. Binekta mantuk mring Mandureki
kuneng sadhareke Surapatya
Raden Barahim wastane
kang kari aneng Dhumpul
amiyarsa yen kadangneki
binujug ing Walanda

PNRI Balai Pustaka

langkung dukanipun
mudhun saking Dhumpul sigra
padhusunan Pasuruhan den bahaki
pawestri binoyongan.

8. Sampun ageng wau ingkang baris
sampun nungkul bala Pasuruhan
katur ing sang mengku angreh
ing mancanagareku
kang tinuduh kinen nglurugi
sampun prapta ing Malang
rame dennya campuh
Mas Brahim karoban lawan
wus lumajeng angungsi dhateng wanadri
dhusun wus ingobangan.

9. Nulya mundur wong mancanagari
ngaturaken tiwas mring narendra
Berahim tan kacakupe
nuju ing sasi Mulud
saungkure kang sami ngungsi
Raden Berahim tedhak
lan sabalanipun
anglarag marang ing Daha
ingkang darbe Kadhiri nora ngawaki
Ki Demang Ranuwita.

10. Arsa anglawan ing ajurit
Ranuwita ngrasa tan kuwat
dadya asesegah bae
wus katur wartenipun
marang sira rekyana patih
kalangkung merangira
dene Sang Aprabu
lagya ngujung mring Mantaram
pangrasane Ki Patih tiwas nglangkungi
dennya rumekseng praja.

PNRI Balai Pustaka

11. Ki Dipati sigra mepak dasih
atanapi kang para santana
pan sami tinantun kabeh
sapa ta ingkang sanggup
manggut yudanira Berahim
sagung wong Danurejan
sadaya tan purun
Ki Adipati ngandika
Sutayuda lah paraning karya iki
sakehe sanakira.

12. Padha wedi marang si Berahim
kari sira apa wani yuda
anggeceki Berahime
Ki Sutayuda matur
inggih purun manggut ing jurit
marang Nagari Daha
kawon-nemangipun
langkung karsaning Hyang Suksma
pan kawula inggih tan saged amasthi
ingkang kawula tedha.

13. Sakathahe wong mancanagari
kenginga kawula aben yuda
Ki Patih hentya karsane
alon wijiling wuwus
karsanira ingsun rojongi
age sira dandana
kang kinon wotsantun
anulya wau sanega
Ki Dipati utusan marang Mantawis
nenggih atur uniga.

14. Nulya wonten wong Kadhiri prapti
yen Ki Brahim katur sampun lunga
mantuk marang Malang maleh
mung mondhok pitung dalu

PNRI Balai Pustaka

nenggih aneng Nagri Kadhiri
kawarnaa Sang Nata
apan sampun kondur
rerep aneng Kartasekar
ingalihken aran Madeganda nenggih
kasaru duta prapta.

15. Utusane Rekyana Patih
tur uninga yen Nagari Daha
kadhatengan mengsah mangke
Sang Nata sigra kondur
katur lamun Demang Kadhiri
datan nanggulang yuda
Ranuwita nutut
pan Brahim pan pitung dina
nulya kesah Ki Demang wus den timbali
prapta ing Kartasura.

16.. Dyan pinocod Ki Demang Kadhiri
kang tinandur Ki Asmaradana
watara sawarsa mangke
peparentah Sang Prabu
sagung wadya mancanagari
sami kinen dhatenga
mring Malang anglurug
punggawa pasisir sira
kang tinuduh Kyai Tumenggung Garesik
lan Dipati Lamongan.

17. Ki Tumenggung Surabaya luwin
ing Sedayu medal Pasuruhan
wong mancanagara mangke
samya medal Selawur
Raden Brahim amethuk jurit
aneng dhusun Cepaga-
maling namanipun
arame denira yuda

PNRI Balai Pustaka

wadyabala pasisir kathah ngemasi
sigra Kyai Tohjaya.

18. Apan medhun saking ing turanggi
mangsah ngrana lan sawadyanira
kalangkung rame yudane
Brahim sigra lumayu
marang wana sami ingungsir
Brahim dhatan kapedhak
lan sawadyanipun
sagunging para punggawa
sami mundur dhateng ing Kartasureki
anenggih sinengkalan.

19. Lawang Sakawan Karenggeng Sasi
wulan Jumadilakir kang warsa
Wawu pareng prapta mangke
Kartasura wus matur
samya tiwas nglampahi kardi
sareng lan aturira
Mangunoneng wau
pejah anake gumantya
kang sepalih nenggih sepalihe malih
arine Kyai Rangga.

20. Kaliwungu wau ingkang dadi
aran Ki Demang Suramanggala
tunggal warsa lan dhatenge
kraman ing tengah dalu
aran tiyang Nusa Tembini
Pacikeran wus prapta
kang kemit wus pangguh
nulya wau tinokanan
saking Nusa Tembini yun madeg aji
ngadhaton Kartasura.

21. Dene wadana ingkang akemit
nuju Tumenggung Mangunnagara

PNRI bp Balai Pustaka

ingaturan wikan age
wus medal tan asantun
mring pasowang gedhong kepanggih
anulya ingaturan
wong karaman wau
dhatenga ing kapatihan
sigra pangguh lawan sira Ki Dipati
basa gusthi atanggap.

22. Den carani pinapak kinanthi
linenggahaken ing prangwadana
sarwi matur salamine
kula angayun-ayun
mring sampeyan lah benjing-enjing
paduka madeg nata
neng Kartasureku
kula kang anjengenana
mangke tanggel kang wayah sampun awengi
angling Ki Danureja.

23. Sutayuda ngundhangana sami
baturira mangke badhe nata
sajati wus prapteng kene
myang saosa sesuguh
myang gegaman pepegen sami
padha sira saosa
marang ing gustimu
Ki Sutayuda tur sembah
wong Danurjan wus pepak aneng ing jawi
tuwin wong Trunasura.

24. Ki Sutayuda wikan ing wadi
marepeki lan wong Trunasura
ingajangan ijen-ijen
nulya samya tinubruk
bakal raja marang Ngabehi
Sutayuda priyangga

PNRI bp Balai Pustaka

semana kang nubruk
rowangipun tigangdasa
tiyang Trunasura kang sami nyekeli
sami lara karuna.

25. Enjang binekta sowan narpati
kang pepitu sami pinejahan
"kang kathah den uculake
samya wong gunung kidul
kuneng kacarita Sang Aji
akathah putranira
kang estri wewolu
ingkang jalu kalihdasa
ingkang sampun diwasa amung kekalih
kang satunggal wus nama.

26. Pangeran Arya Mangkunagari
garwa kawitan ingkang peputra
Den Mas Ambiya arine
kang miyos sing jeng ratu
kacarita amung kekalih
pambajengipun priya
warnane abagus
nama Dyan Mas Prabayeksa
maksih timur sampun sinungan kekasih
Pangeran Adipatya.

27. Ginadhang-gadhang gumantya aji
mring kang ibu Ratu Geng kang asma
dene karsane Sang Rajeng
anging putra kang sepuh
Pangran Arya Mangkunagari
gumantya dadya nata
karsane sang prabu
Ratu Geng kedah kang putra
Pangran Dipati Anom gumantya aji
Sang Nata dereng karsa.

PNRI Balai Pustaka

28. Kang pirembag maksih apradongdi
Pangran Dipati rayi wanodya
mangkana ing caritane
dene ratu kang sepuh
ri sampunya peputra kalih
kinebon mring Sang Nata
kang rayi pinundhut
anama Ratu Kancana
pan jumeneng Ratu Kadipaten nenggih
ngarangulu kang raka.

29. Wus patutan sakawan winarni
samya priya dene para putra
miyos saking ampeyane
kawarnaa Sang Prabu
nandhang gerah Srinarapati
dene para dipatya
nayaka nung-anung
pepatih lan pra santana
samya tugur ing alun-alun miranti
samya amakajangan.

30. Semana Pangran Mangkunagari
putra satunggal jalu patutan
Den Ayu Wulan padmine
Den Mas Umar nameku
sang dyan nulya awawrat malih
wus jangkep ing semaya
babar miyos jalu
Akad manis tanggal ping pat
wulan Arwah Tunggile taun Jimakir
Warigagung wukunya.

31. Pangran Arya Amengkunegari
pamit kondur lan para nayaka
sarta atur pasumbange
jalu-estri pan rawuh

PNRI Balai Pustaka

kyana patih kariyin prapti
Kangjeng Pangeran Arya
suka galihipun
putrane kathah kang batang
pan wineca dadya prajurit ing benjing
sapa kang menangana.

32. Kang ibu-rama kalangkung asih
ingkang putra wus sinungan nama
Den Mas Sayid kekasihe
dene kang punggawa gung
saben dalu asaos kemit
antara limang dina
kang putra wus puput
pra bupati myang satriya
samya wangsul dhateng alun-alun sami
santana magelaran.

33. Yata sänget gerahe Narpati
datan samar karsane Hyang Suksma
yen wus tekeng ing jangjine
Sang Nata saya nglayung
para garwa pepak neng ngarsi
Kiya Patih Danurja
tinimbalan gupuh
prapteng ngarsa den pitungkas
heh Danureja ingsun wus prapta ing jangji
putrengong Ki Dipatya.

34. Sira junjunga dadi narpati
gumantiya marang jenengingwang
yen sarta Allah karsane
yen putrangong kang sepuh
tan rinilan marang Hyang Widhi
Ki Dipati arinya
Ki Buminateku
anadene Ki Dipatya

PNRI Balai Pustaka

papat iku singaa salah sawiji
liyane sun tan lila.

35. Kiya Patih Danurja wotsan
Srinarendra malih angandika
yen wekasingsun apateh
poma sira den gupuh
akirima layang tumuli
marang ing Batawiyah
mring Jendral Gurnadur
Ki Dipati matur sandika
punang carik tinimbalan sampun prapti
nulya akarya serat.

36. Liring karsa Sang Nata wus dadi
antawacana kawrat ing serat
punggawa kalih lampahe
kuneng datan winuwus
duta ingkang dhateng Betawi
genti ingkang canta
para garwa wau
tanapi kang para putra
para selir angayab ing Sribupati
semana Srinarendra.

37. Gerahira nata anglayadi
jroning pura swaraning gumerah
pra putra-garwa tangise
angandika Sang Prabu
marang Ratu Ageng kang weling
bok ratu lah maringna
kang wasiyat dhuwung
mring sutengsun Ki Ariya
Kangjeng Ratu sangsaya asru anangis
dhuwung wus tinampanan.

38. Kangjeng Ratu api tan miyarsi
pan sinamur genipun karuna

PNRI Balai Pustaka

sarta sarwi sesambate
sarwi angasta dhuwung
Pangran Arya ingucap mangkin
dhuh pangran sutaningwang
titip awakingsun
katri ari-arinira
jalu-estri Pangran Arya datan angling
kumembeng waspanipun.

39. Lir jinahit salebeting galih
pan dilalah karsane Hyang Suksma
tambuh raosing galihe
anglir kang Mahameru
ing ratmiyat bareng nungkebi
kaprabon tan kaetang
limut jroning kalbu
Kangjeng Pajigeran Ariya
wus pinasthi nuring rat datan dhatengi
mapan Srinaranata.

40. Ingkang putra pra garwa lan selir
prameswari kang sami karuna
wurahan sajro purane
tangís umyung gumuruh
tanpa runggyan sajroning prui
pra samya mawurahan
sajroning kadhatun
layon sampun siniraman
garwa-putra datan kena den sayuti
layon sampun kinapan.

41. Sareng mapade Srinarapati
Setu Wage tanggal ping pitulas
ing wulan Arwah warsane
kang wuku Julungarum
pan Jimakir kang punang warsi
layon arsa binekta

PNRI bp Balai Pustaka

sangkalaning taun
Sima Tata Rasa Tunggal
sawarnine pangulu ketib lan modin
pepak aneng jro pura.

42. Ingkang wonten salebeting puri
Pangran Arya lan Patih Danurja
sarta lawan kapitane
kiya patih wus nuduh
pra punggawa ketib lan modin
miwah wong Suranata
kang sami tinuduh
ngiring layon mring Mantaram
sinarekken Mantaram aneng Mogiri
datan kawarneng marga.

43. Wus dilalah karsaning Hyang Widhi
Pangran Arya Amangkunagara
pan tansah uyang manahe
wonten jroning kadhatun
arsa mijil ing srimanganti
ngandika mring Danurja
langkung manis arum
wa manira arsa medal
srimanganti sakedhap arsa anangis
kagyad rekyana patya.

44. Kyai Danurja umatur aris
Kangjeng Pangeran Arya ingampah
adhuh gusti nakingong ger
sampun miyos pukulun
sasedane rame narpati
tanlyan saking andika
kang jumeneng ratu
lan putra sepuh priyangga
ing Rat Jawi mung sampeyan anggentosi
amengku sining pura.

PNRI Balai Pustaka

45. Pangran Arya ingampah tan keni
sinayutan ameksa tan kena
Danurja sanget ature
Pangran Arya tanpa yun
maksa mijil ing srimanganti
Ki Danuija tut wuntat
srimanganti rawuh
pinarak amung sakedhap
Kangjeng Pangran ngandika marang Ki Patih
tan sakeca ing driya.

46. Uwa manira arsa umijil
marang bangsal pangapit ing jaba
wuyang sarirangong kiye
puyeng mastakaningsun
kiya patih ngampah ngaturi
Kangjeng Pangeran Arya
maksa dennya metu
sapraptanira ing jaba
Jeng Pangeran praptaning Bangsa Pangrawit
angungun Kiya Patya.

47. Ki Danuija ngandika mring puri
Ratu Ageng kang gedhong binubrah
binaruncah saisine
kang sapratiganipun
rajabrana sajroning puri
sinungken mring kapitan
sarta kang rinembug
tetiga dadya satunggal
Jeng Pangeran Dipati Anom kang kapti
jinunjung madeg nata.

48. Jeng Ratu Ageng ngandika aris
mring Danurja tanapi kapitan
anelas rembag-rembage
Danuija awakingsun

PNRI bp Balai Pustaka

ngong srahaken marang kumpeni
nadyan dadiya padang
myang juru panutu
ya mangsa bodhoa sira
putraningsun ngong pasrahaken kumpeni
jumenenga narendra.

49. Dadya gilig ing rembug wus dadi
gya Kapita Simun karya surat
sarta Danurja surate
marang Jendral Gurnadur
kang palenggah Nagri Batawi
duta sampun umesat
tan kawarneng ngenu
langkung dening dhedhemitan
lampah dalu datan wonten kang udani
kiya patih winarna.

50. Sakelangkung sandeya ing galih
Ki Danuija nulya mapak bala
kinen baris pendhem bae
kori ageng tinutup
wong kumpeni ingkang jagani
sigra rekyana patya
garjita ing kalbu
animbali pra dipatya
pra punggawa Pangran Mandura wus prapti
medal ing bebutulan.

51. Tuwin sagung bupati pasisir
samya tinimbalan dhedhemitan
wadana Kartasurane
pepak aneng kedhatun
pra nayaka sadaya sami
andher neng palenggahan
aneng dalem agung
angucap rekyana patya

PNRI bp Balai Pustaka

sakathahe sanak manira sun tari
kang sepuh myang taruna.

52. Manira jaluk pikere sami
kang sayekti lah mara matura
aywa kekelir sakehe
punggawa matur manuk
datan wonten adarbe pikir
mangsa borong paduka
boten saged matur
mangsa paduka kiranga
saking welinging Sinuhun kang swargi
angling Ki Danureja.

53. Iya bener panarkane sami
lagi mekaten ing karsanira
Pangran Mandura ature
yan sembada ing kayun
leheng putra sepuh kinardi
Kangjeng Pangeran Arya
mengkuwa kadhatun
lamun sampeyan akarya
para putra kang anem jumeneng aji
ing pandugi kawula.

54. Tan wande karya rengkaning bumi
bilih boten tajem ing parentah
wantunipun taksih rare
tan wruh awon lan hayu
lamun darbe karsa narpati
yen tan linampahana
parentahing ratu
kalamun rinojongana
ratu timur tan ajeg karsa narpati
karya rengkaning praja.

55. Ki Jayaningrat nauri aris
Pangran Arya kinaryaa nata

PNRI Balai Pustaka

kirang samekta citrane
lan ibune wong dhusun
saking desa Ngalaroh sayekti
Rahaden Mas Ambiya
inggih radi patut
sanadyan sami ampeyan
ingkang bibi maksih anaking Dipati
Pamalang Sindupraja.

56. Lan malih ragi sepuh sakedhik
suwawi jinunjung dadya nata
sapunika prayogane
Pangeran Dipatyeku
inggih yektos sing ibu sori
tur kinudang ing rama
genteni kaprabun
nanging timur yuswanira
dereng pantes siniwakeng pancaniti
kalangkung timurira.

57. Kiya patih tan rembag ing kapti
manira pikir tanpa dadiya
nulya sami bubar kabeh
kantya amung sadalu
pra dipati wadana sami
pinundhut ecapira
mring Ki Patih sampun
wus katrap munggeng nawala
den rerenteng Ki Patih aneng ing nginggil
cape para wadana.

58. Munggeng ngandhap kang serat kumpeni
sagung niyaka rembag sadaya
kang duta umesat age
marang Batawi sampun
kapracaya marang kumpeni
tuwan Gurnadur Jendral

PNRI bp Balai Pustaka

Kyana Patih sampun
marang sagunging punggawa
Kartasura mundur saya bebingungi
rehe Dipati Sampang.

59. Jayaningrat yen ingsun amikir
amahoni kodrating Hyang Suksma
mapan tan kena ginawe
yen panjenengan ratu
nadyan gedha kalawan cilik
yan pasthi dadi nata
katurunan wahyu
nuring rat yen sampun prapta
pan manira iki mung darma nglampahi
panjenengan narendra.

60. Sawarnine kang para bupati
pra niyaka pan kendel kewala
Pangran Dipati nulya ge
ngaturan mring kadhatun
lagya kendel samya anganti
surat saking Jakarta
tan alami rawuh
Kumendur Ritlup Driyansah
kang ambekta serat saking ing Semawis
prapta ing Kartasura.

61. Pinapak Toyadana kumpeni
Kiya Patih lan para dipatya
miwah kang santana kabeh
sarta sesuguh methuk
kang anyandhak tabe rumiyin
Pangeran Adipatya
prajangjiyanipun
sapa kang nyandhak nawala
putra papat endi kang anyandhak dhingin
iku kang dadi nata.

PNRI Balai Pustaka

62. Datan kawarna solahing nguni
dina Soma Jeng Pangran Dipatya
siniwi ing punggawane
wong pradikan wus kumpul
para tapa ulama kaji
kinerig ngestrenana
ing sang madeg ratu
semana wus ingestrenan
Jeng Pangeran Dipati jumeneng aji
amengku Nuswa Jawa.

63. Jejulukira Srinarapati
Kangjeng Susunan Paku Buwana
Senapati Nglagane
Ngabdurahman satuhu
myang Sayidin Panatagama
angrenggani kadhatyan
Kartasura mengku
samya sumaur kukila
pra punggawa tanapi pradikan sami
maca Donga Nurbuwat.

64. Dyan Ngabehi Tirtawiguna glis
maca surat saking Batawiyah
Gurnadur Jendral jangjine
ri sampune agupuh
Kyana Patih ngaras padaji
abegsa akaruna
sawuse angujug
gantya sagunging punggawa
kumarubut ing Kangjeng Srinarapati
abukuh ngaras pada.

65. Myang sagunging bupati pasisir
mancanagara ngujung sadaya
sigra kumpeni kurmate
mriyem pan gumaludhug

PNRI bp Balai Pustaka

kadya belah ingkang pratiwi
sarta drele sunapan
pindha ruging Meru
sareng ing wulan Mukaram
taun Alip sakalaning punang warsi
Tinata Rasa Tunggal.

66. Wusnya mangkana kondur Narpati
saha Kumendur Ritlup Driyansah
myang Apatih Danurjane
myang sagung punggawa gung
ratu ibu methuk ing kori
sampun atetabeyan
lan tuwan kumendur
lajeng tumameng ing pura
ratu ibu enting sukane tan sipi
putra wus madeg nata.

67. Sakalangkung sesugun Narpati
mring kumendur penuh kang dhaharan
andrawina myang bogane
langkung suka Sang Prabu
kang gamelan munya angrangin
Sang Nata suka-suka
lan tuwan kumendur
sampun mangkana bubar
tuwan kumendur masanggrahan neng loji
Sang Nata wus luwaran.

68. Datan lami Kumendur mit mulih
mring Semarang Patih Danureja
lahta wau putusan ge
Cakrakreti tinuduh
mring Betawi amundhi tulis
Kanjeng Srinaranata
semana kekintun
ruba marang tuwan jendral

PNRI Balai Pustaka

sigra mesat Ki Ngabehi Cakrakreti
agra Ki Danureja.

69. Saungkurira Ki Cakrakreti
Kiya Patih amepeg punggawa
ingaturan mring daleme
sesampunira kumpul
Ki Dipati amuwus aris
sanak-sanak manira
sadaya ngong tantun
sinten mangke kang prayoga
dadya garwanira Kangjeng Sribupati
ature wong punggawa.

70. Mangsa borong aridika puniki
alon matur Kyai Kandhuruwan
kula mirsa wirayate
saking kang alul nujum
Panembahan Purbaya benjing
kang wayah madeg nata
myang kadhatonipun
ing Garemet Kadipala
yen sembada lan karsa paduka aji
kang putra Panembahan.

71. Sinaosaken ing Sribupati
bilih kapanggih ingkang wirayat
saking estri karatone
Pnembahan Purbayeku
mapan gangsal kang putra nenggih
estri ingkang tetiga
kekalih kang jalu
wasta Raden Mas Umbaran
kang taruna Raden Mas Ketug nameki
dene ta kang wanodya.

72. Den Ajeng Gelang ingkang wewangi
lawan sira Den Ajeng Salamah

PNRI Balai Pustaka

binekta mring Batawine
satunggil maksih timur
käntun Kartasura Nagari
Raden Ajeng Suwiyah
inggih wastanipun
Raden Ayu Mangkupraja
kang anggadhuh rumiyin duk maksih alit
malah mangke diwasa.

73. Patih Danurja condhong ing galih
atanapi kang para nayaka
samya rumojong karsane
sadaya pan jumurung
dene panggih kadang pribadi
benjang yen apeputra
pantes dadi ratu
dadya janget kinatigan
aprayoga amengkuwa Tanah Jawi
ri sampuning rembagan.

74. Raden Ajeng Suwiyah sira glis
pinundhut marang Kadanurejan
datan kawarna solahe
wus panggih lan Sang Prabu
Srinarendra kalangkung asih
dennya akrama kadang
wus jinunjung ratu
jumeneng Ratu Kancana
pra punggawa kalangkung suka ing galih
panggihe sinangkalan.

75. Rupa Pandhawa Kawayang Janmi
warnanen kang marang Batawiyah
kapanggih dohe lampahe
tan prapta meh sataun
sinusulan mantri kekalih
Raden Suraprameya

PNRI Balai Pustaka

lan Jayasuteku
nenggih lami nora prapta
Kiya Patih Danurja susah kang galih
tan lami serat prapta.

76. Saking Gurnadur Jendral Batawi
wiyosipun ngaturi uninga
yen Pnembahan Purbayane
ing mengko sampun lampus
aneng beteng Lang-alang nenggih
paran karsa narendra
paman layonipun
miwah sagung kang tetilar
para garwa tuwin putra jalu-estri
sumangga karsa nata.

77. Dene lampahipun Cakrakreti
samangsane wonten serat prapta
nunten kula ulihake
langkung suka Sang Prabu
serat sampun dipun wangsuli
layoning ingkang paman
wau kang pinundhut
lawan putra saha garwa
kinen sareng lampahe Ki Cakrakreti
caraka sampun mangkat.

78. Yata wau Kiyai Apatih
dyan ingutus mring Nagri Samarang
nampani yatra nempure
kumpeni sarta methuk
layon saking Nagri Batawi
wus prapta ing Samarang
tan alami rawuh
layonira Panembahan
pan kabekta lampahe Ki Cakrakreti
saputra lawan garwa.

PNRI Balai Pustaka

79. Kiya Patih lan Ki Cakrakreti
sampun bubar saking ing Samarang
mantuk mring Kartasurane
lan Jayasanta tumut
Raden Suraprameya tuwin
kang layon Panembahan
wus binekta mantuk
miwah garwa lawan putra
tan winarna wus prapta Kartasureki
sengkalaning ingetang.

80. Sembah Tinata Kawayang Bumi
entya karsanira Srinarendra
Ki Cakrakreti ing mangke
jinunjung lenggahipun
pan kinarya gedhong ing wuri
inggih ingkang wadana
lan sinung jeluluk
Tumenggung Nitinagara
tan alami Den Ajeng Gelang anenggih
pinanggihaken lawan.

81. Ingkang raka Kangjeng Sribupati
ingkang nama Raden Mas Sandeya
sampun jinunjung linggihe
pinatedhan wong sewu
akekasih Pangran Ngabehi
adalem lereng pasar
dennya krama antuk
dene Den Ajeng Salamah
lan pinacang malih lan raka narpati
wasta Raden Mas Tala.

82. Dene putra jalu kang kekalih
apan sampun pinaringan nama
Raden Umbaran wastane
Dyan Purwakusumeku

PNRI Balai Pustaka

Raden Ketuk ingkang wewangi
Raden Purwawijaya
wau kang winuwus
wauta ingkang carita
Pangran Arya wus kathah putrane sami
miyos saking ampeyan.

83. Kang miyos saking Dyan Ayu sari
kacatur kalih kang sami priya
Den Mas Umar pambajenge
Den Mas Sahid panggulu
Den Mas Umar pinundhut puri
marang putra narendra
pan pinutra-danu
malah dadi palanjaran
tan alami Den Ayu Wulan ngemasi
sedanipun kunduran.

84. Lan putrane Raden Mas Sekadi
kang waruju lajeng tumut seda
kantun kekalih putrane
dene ingkang panggulu
duk semana mentas sinapih
mapan umur sawarsa
sedane kang ibu
Den Mas Umar tigang warsa
ingkang ibu sinare aneng Mogiri
Pangeran Arya dhudha.

85. Arsa krami ing jawi tanpolih
datan ana dadya telengira
mangkana ing caritane
wonten kacipteng kalbu
pan tilase garwa narpati
maksih kenya taruna
lan kinebon wau
pan arsa dipun suwuna

PNRI Balai Pustaka

mring kang rayi punika sisipnya kedhik
sampun balangan ujar.

86. Kirim-kinirim ing wastra nenggih
tuwin sinjang gancanging carita
katur dhumateng Sang Rajeng
langkung duka Sang Prabu
nanging kanggeg anemu kapti
anuli ingkang raka
wau canthel atur
anuwun tiyang punika
Srinarendra dukanya yayah sinipi
jaja bang winga-winga.

87. Yen sampuna kadang sepuh yekti
kadya dipun astaa priyangga
saking sangeting dukane
lan Ratu Kancaneku
lagya wawrat sepuh marengi
dadya kalangkung kewran
anemu bebendu
prihatin rengating nala
Dyan Dipati Danurja miyarsa warti
yen prihatin Sang Nata.

88. Ki Dipati langkung dennya runtik
Pangran Arya kadya kinasapa
karya paekan gunane
Pangran Arya ingapus
pan cinekel aneng jro loji
Kemis Wage semana
gara-gara agung
udan lesus pancawara
lir kiyamat peteng dhedhet anglimputi
kumeruk punang arga.

89. Atmaja alit binoyong sami
jinarahan ing sadarbekira

PNRI Balai Pustaka

pan dinalemaken kabeh
langkung kawelas ayun
Raden Sahid binekteng puri
estri wau punika
pinejanan sampun
Pangeran Arya binucal
mring Samarang binektan selir kekalih
pawongane tetiga.

90. Kaparingaken dhateng Semawis
Raden Tumenggung natawijaya
lawan Nitinagarane
prapteng Semarang sampun
linajengken dhateng Batawi
kuneng Ratu Kancana
wauta winuwus
wus babar miyos wanodya
nuju dina Jumungah Kaliwon enjing
sasi Sawal mangkana.

91. Tanggal sawelas Ehe kang warsi
gantya wau Ki Patih Danurja
kinen maring Batawine
punggawa ingkang tumut
Arya Jayasentika tuwin
lawan Tumenggung Batang
binijig ing laku
lan lurah carik satunggal
Angabehi Tirtawiguna tut wuri
sareng mangkat semana.

Dina Kamis budhale Apatih
tanggal pitulikur sasi Sura
nuju Jimawal warsane
sengkalanya ingetung
Mantri Gangsal Angrasa Wani
pakintundalem kathah

PNRI Balai Pustaka

mring tuwan gurnadur
ran Jendral Matiyus Daham
Kiya Patih lampahe prapteng Semawis
lerep dandan baita.

93. Lampahira Danurja Apatih
pitung dalu kendel ing Samarang
mangkya budhal sabalane
tan kawarna ing ngenu
pan meh prapta Nagri Batawi
gurnadur mirsa warta
yen Ki Patih rawuh
dutane rajeng Mantaram
Komisaris Menir Pantras kang tinuding
amethuk Kiya Patya.

94. Amral Jakub Amral Pandren nenggih
milyalam pahira Menir Pantras
lan Mayor Pager rowange
Menir Hartoh tan kantun
Petor Hukman Hunder lan malih
Kapitan Simun sira
mayor Onder Diprus
tanapi Kapitan Timah
myang Kapitan Tamsir Jongkok tumut tuwin
Kapitan Mlayu milya.

95. Pan kapethuk lawan Kiya Patih
Danureja ingaturan numpak
marang kitha sabalane
Kyana Patih wus laju
dhateng Kitha Inten wus prapti
amanggih pira-pira
wau urmatipun
Adipati Danureja
wus apanggih lawan tuwan Jendral nenggih
pan samya tetabeyan.

PNRI Balai Pustaka

96. Gya tinundhung mring pakuwon malih
yen wus antara ing pitung dina
pan arsa pinanggil maleh
lawan bektaa wau
suratdalem dhateng kumpeni
Ki Dipati wus bubar
mring pakuwonipun
sampune tampi sesegah
tan winarna antara ing pitung bengi
sira Sang Adipatya.

97. Danureja wus prapta ing loji
wus pinethuk ing talam kancana
serat sinongsongan jene
ginarbeg ing wadya gung
urmat wadya kumpeni baris
kumeruk barondongan
lampahira rawuh
ing Kitha Inten saksana
tuwan jendral methuk lan sagung Radpeni
munggeng ing palataran.

98. Wus tinampan serating narpati
gya binekta dhateng palanggahan
kang serat tinupiksage
sampun titi kang tembung
urmat mriyem lir ruging ardi
sigra Sang Adipatya
nyandhak astanipun
jendral ingaturan minggah
minggah kantor mung jurubasa umiring
wus nya tata alenggah.

99. Ki Dipati ingaturan aglis
arta kalihewu wus tinampan
lan prasetya ing ragane
dennya rumekseng Prabu

PNRI Balai Pustaka

yen darbeya manah umiring
lan maliha panyipta
amanggiha dudu
jendral ngucap sarwi nyandhak
punapaa jengandika Adipati
darbe tembung mangkana.

100. Dika panggih lan kula puniki
pan wus lebur kang ucap-ucapan
runggining tyas enir kabeh
pama baskara ngusub
amung dhingin amemenuhi
mangka sapraptanira
samirana mukul
ing ima lari laradan
dayda ingkang wulan mawelu malesi
padhanging tyas kawula.

101. Ki Dipati dhengkul trimakasih
gya cinandhak astane binekta
wangsul marang jawi maneh
tata denira lungguh
Jendral Martas lingira aris
sawingking jengandika
nengguh Sang Aprabu
punapa ta kawilujengan
Ki Dipati Danurja alon nauri
lah inggih kawarasan.

102. Matiyus Daham tetanya malih
kadospundi wartane bangwetan
si Berahim panggenane
punapa boten mudhun
ngriwuk dhusun ing tepiswiring
yata Ki Adipatya
Danurja amuwus
lami tan wonten mudhuna

PNRI Balai Pustaka

saking ardi sawingking kula mariki
kawula peparentah

103. Mring punggawa bangwetan anggitik
lampahipun saking ngarseng nata
sareng kawula wondene
ingkang nindhihi laku
pun Tumenggung ing Surawesthi
ing Garesik Lamongan
tanapi Sedayu
lan wadya mancanagara
tuwan Matiyus Daham lingnya ris
nir ing tyasing asmara.

PNRI Balai Pustaka

VI. Asmaradana

1. Jendral atetanya malih
marang Dipati Danurja
kula miyarsa wartine
yen Dipati Cakraningrat
akarsa panaringan
inggih dhateng Sang Aprabu
nagari ing Pasedhahan.

2. Ing Prabalingga lan Bangil
punapa wus kalampahan
Ki Adipati saure
inggih rumiyin Sang Nata
tuwan kagungan karsa
nanging mangke kendelipun
kawula boten miyarsa.

3. Ing karsane Sribupati
tuwan jendral malih ngucap
tan estu pinaringake
punapa kang dadi cacad
utawi lamun ora
andika pikir puniku
ing cacade lawan ora.

4. Danuija alon anauri
tuwan botene punika
dene mangke wus kaipe
Adipati Cakraningrat
marang Srinaranata
pasthi eca manahipun
wong cilik kadi santana.

5. Aglis arjane kang bumi
tuwan watawis kawula
lamun dadosa cacade

PNRI Balai Pustaka

Adipati Cakraningrat
manawi geng kang manah
jendral sugai dennya muwus
ingkang sampun kalampahan.

6. Cakraningrat Adipati
punapa ta sampun ala
utawi ageng manahe
purun dhateng Srinarendra
nauri Ki Dipatya
dereng wonten awonipun
inggih tuwan bokmanawa.

7. Matiyus Daham awengis
punika dede wicara
sinten kang weruh besuke
nanging mangke datan ala
Dipati Cakraningrat
lamun wandeya puniku
pinaringken Pasedhahan.

8. Amasthi sakit kang galih
Adipati Cakraningrat
lamun sakita manahe
akarya rengkaning praja
puniku yen sembada
lawan ta andika luhung
Adipati Cakraningrat.

9. Mijiya mriki pribadi
sampun kareh ing andika
yekti punika penede
nauri Ki Dipatya
alim puniku tuwan
ajrih yen darbeya atur
kawula dhateng Narendra.

10. Matiyus Daham ling malih

PNRI Balai Pustaka

apa luwih-luwih dika
Srinarendra maksih rare
barang tindaking nagara
anggugu marang dika
Ki Adipati sumaur
yen liya saking punika.

11. Manira ingkang darbeni
ruwet-rentenging nagara
yen menggah punika dede
kawula datan kuwasa
mawehaken nagara
inggih nadyan maksih timur
ing benjing pasthi diwasa.

12. Pasthi yen puniku uning
yen nagari ing Mandura
manira kang menehake
tuwan dhateng jengandika
kula dadi punapa
ngicalken kagunganipun
tan wande manira lunas.

13. Dinamel lesaning bedhil
murda kawula tinigas
pinanjer alun-alune
menggah adating narendra
tuwan kalih prakara
inggih yen sadumuk bathuk
sanyari bumi tan kena.

14. Punika dipun gegampil
luhung arta lan kancana
kenging ugi den weweruh
jendral mesem atetanya
wonten mantri anama
Demang Urawan puniki
kalawan Mangunnagara.

PNRI Balai Pustaka

15. Lawan Ki Mangunjayeki
punapa maksih agesang
Ki Adipati saure
inggih tuwan maksih gesang
punggawa jro punika
Matiyus Daham lingnya rum
punggawa katri punika.

16. Kang linilan anambungi
marang suker sakit dika
anging andika ing mangke
liwat lega tyas andika
dene wus katutugan
yen wonten bicara iku
saking jro aglis miyarsa.

17. Yen wonten bicara jawi
ing jero datan miyarsa
Ki Adipati ajengek
punika kadi punapa
kula boten angrasa
jendral asru dennya muwus
punapa Nitinagara.

18. Puniku wong teka pundi
pan nenggih bocah andika
teka dika unggahake
dede abdine Sang Nata
dika kang boten layak
wonge ginawe tumenggung
pasthi susah akekancan.

19. Nauri Ki Adipati
yektos yen bocah manira
pinundhut marang Sang Katong
kedah dinamel punggawa
dening ratu kawula

PNRI Balai Pustaka

sinten ingkang purun nyundhul
ing karsane Srinarendra.

20. Jendral kendel datan angling
wekasan sira angucap
dipati dika makuwon
gya mundur atetabeyan
prapta pakuwonira
samane pan den dedangu
sabarang liring prakara.

21. Kacarita Ki Dipati
denira aneng Jakarta
dungkap sawarsa lamine
pan dereng angsal pamitan
malah langkung sawulan
apamit-pamit tan antuk
tansah wagugen ing driya.

22. Watawis Sang Adipati
kuwalat Pangeran Arya
mila sangsaya lampahe
lami tan angsal pamitan
samarga-marganira
abicara datan antuk
kuwalat dening bendara.

23. Pasthining Hyang andhatengi
mring Jendral Matiyus Daham
semana puput umure
dene kang gumanti jendral
Pakenir ingkang nama
Ki Adipati angungun
lenane Matiyus Daham.

24. Semana sampun kapanggih
kalawan Sang Adipatya
lan jendaral kang madeg mangke

PNRI bp Balai Pustaka

jendral akarsa utusan
marang ing Kartasura
atur uninga Sang Prabu
yen Jendral Matiyus Daham.

25. Ing mangke sampun ngemasi
sarta lan pakintunira
peni-peni sawarnine
kang duta aglis umesat
wau kang kawuwusa
Ki Adipati wus panggih
lan jendral anyar bicara.

26. Deneta kang dadya pikir
sira Jeng Pangeran Arya
Ki Adipati tembunge
sadaya-daya kesaha
saking Nagri Jakarta
Jendral Pakenir amuwus
punika Ki Adipatya.

27. Mungguh pikiring kumpeni
mila tan kena adoha
manawa benjang Sang Katong
darbe kogel mring kang raka
ing benjang kinapura
sampun tebih enggenipun
ature rekyana patya.

28. Kadi boten Sribupati
tresnane pan sampun sirna
amung katingal awone
marmane penet tebiha
tuwan sabrangna pisan
Jendral Pakenir amuwus
neng ngriki sedya punapa.

29. Mung ingone Ki Adipati

PNRI Balai Pustaka

prayoga dika pikira
layak ta pinten sedhenge
anolih Rekyana Patya
marang Tirtawiguna
pinten adhi cekapipun
Tirtawiguna tur sembah.

30. Satus sataun suwawi
Jendral Pakenir angucap
boya rongatus sedhenge
wus putus ingkang bicara
pasthi Ki Adipatya
angkat dika benjing Setu
lega tyase Ki Dipatya.

31. Ing antara tan winarni
ing ari Setu wus prapta
ingundhangan sawadyane
adangdan numpak baita
yata Sang Adipatya
wus tampi serat sul-angsul
saking ing Gurnadur Jendral.

32. Wus numpak maring jaladri
budhal saking Batawiyah
kumrutuk bedhil urmate
pan sampun ababar layar
pinukul angin keras
ing laut datan winuwus
prapta muara Semarang.

33. Tengara mriyem nguneni
sigra kumendur utusan
amethuka ing lampahe
abekta konthing lelawak
uparenggane pelak
mentas saking baita gung
gumerah kang balakuswa.

PNRI Balai Pustaka

34. Kumpeni samya ngurmati
tan winarna solahira
mung tigang ari kendele
aneng Nagari Semarang
mangkat Ki Adipatya
ing marga datan winuwus
prapteng Nagri Kartasura.

35. Lajeng sumi wi Narpati
Sang Nata trustheng wardaya
lajeng tinimbalan oge
prapta ngarsaning narendara
manguswa ing suku sang
katur serat angsul-angsul
kang saking Gurnadur Jendral.

36. Kang serat tinupiksa glis
wus kadriya tembungira
tan antara ing urmate
wau sira Ki Dipatya
matur sasalohiro
suka miyarsa Sang Prabu
pan sampung tinundhung medal.

37. Sinengkalan praptaneki
anuju ing sasi Sapar
amarengitaun Ehe
sengkala Karta Wiyasa
Rasa Tunggal ingetang
mangkana ingkang winuwus
negeri ing Kartasura.

38. Langkung arja kang nagari
kalawan kang kina-kina
wong cilik eca manahe
Sang Nata langkung geganjar
ing wadya myang santana
miwah bupati tumenggung

PNRI Balai Pustaka

kathah katariman kadang.

39. Tuwin punggawa pasisir
anengguh kang katariman
ing kadangira Sang Katong
ing Barebes ingkang nama
Rahaden Suralaya
lawan Rangga Kaliwungu
lan Raden Surawinata.

40. Pan ing Demak kang nagari
lan Adipati Mandura
punggawa Kartasurane
sutanira Mangkuyuda
Rahaden Mangkupraja
kang kekalih maksih timur
dene sentana kang priya.

41. Samya pinaring lelinggih
ingkang sampun adiwasa
samya ingalih namane
Rahaden Regu punika
Pangeran Danupaya
Rahaden Tala anengguh
Pangeran Dipanagara.

42. Anenggih Raden Mas Sekti
putra narendra petutan
saking Ratu Kadipaten
sampun ingalihken nama
Pangeran Buminata
Raden Mas Sujana sampun
ingalihken namanira.

43. Wasta Pangran Mangkubumi
akathah ingkang ambatang
ing benjing pilih bobode
lamun silih ing ayuda

PNRI Balai Pustaka

sapa kang menangana
yen pinareng madeg prabu
lan putrane Pangran Arya.

44. Kang Wasta Raden Mas Sahid
pilih tandhing ing ayuda
kuwat jenengaken katong
nadyan Pangran Mangkubumya
yen arsa tan anangga
nanging malarat karuhun
sapa ingkang menangana.

45. Pinasthi dadi prajurit
Raden Subekti ingaran
sira Pangran Arya Pamot
wus samya sinung alenggah
liya saking punika
apan taksih timur-timur
ginadhuh para bupatya.

46. Mangkana Tumenggung Niti-
nagara pan minantunan
linorod saking ing gedhong
ingkang gentosi lelenggah
sira Ngabehi Tirta-
wiguna nama Tumenggung
nindhihi gedhong kang kiwa.

47. Demang Urawang ngemasi
kang ginentosken lenggahnya
embanira Sang Akatong
Ki Demang Candranagara
tindhih keparak kanan
dene wau sutanipun
sira Ki Demang Urawan.

48. Kinarya panewu miji
Ngabehi Sutawijaya

PNRI bp Balai Pustaka

duk samana wadanane
priyayi gedhong palastra
Pangeran Mangkubumya
kang ginentekaken wau
ing karsanira Sang Nata.

49. Ratu Kancana winarni
yata babar miyos priya
nuju Respati Kaliwon
Jumadilakir sasinya
lawan taune Edal
apan tanggal ping sapuluh
sukeng tyasireng narendra.

50. Sampun sinungan wewangi
Rahaden Mas Priyambada
langkung apekik warnane
duk samana sinengkalan
nenggih Endra Lehma
Udan Adres sarengipun
Ki Demang Candranagara.

51. Pinidosa ing Narpati
pinocot saking kaparak
dene kang ginentekake
kaprenah ipe narendra
Raden Purwakusuma
sampun sinungan jejuluk
Rahaden Demang Urawan.

52. Yata kang putra narpati
nama Raden Priyembada
datan apanjang yuswane
sampun karsane Hyang Suksn
dadya temah sungkawa
sekehe wong dalem agung
Sang Nata oneng tyasira.

PNRI Balai Pustaka

anuju ing sasi Arwah
tanggal ping salawe prah
Setu Wage taunipun
Ebe wuku Mandhasiya.

63. Enggar sagung pra dipati
kang putra sinungan nama
Den Mas Suryadi kasihe
Den Mas Ured kang peparab
langkung dinama-dama
duk babar sangkalanipun
Obah Marga Rasaning Rat.

64. Yata malih kang winarni
Jayaningrat Pakalongan
apan kandel suwitane
aneng Nagri Kartasura
angsal Tirtawiguna
nuwunaken kadangipun
Adipati Jayaningrat.

65. Suradiningrat kang nami
amrih katura Narendra
yen dhawuha pasihane
Tumenggung Tirtawiguna
kamanisen ingebang
dadya matur ing Sang Prabu
dhinahar saaturira.

66. Sampun kinarya bupati
ginempalken kadangira
sewu ing Pangangsalane
nanging semana Sang Nata
supe tindake praja
datan matedhani weruh
dhateng rekyana apatya.

67. Duk kinarya dina Kemis

PNRI Balai Pustaka

yata Ki Patih miyarsa
anuju dina Senene
runtikira tanpa ingan
supe yen angawula
kadya sinuduka gapyuk
kang ngaturaken Sang Nata.

68. Tindaking nagara krami
Ki Patih kang kinukuhan
supe kang tyas kang den emong
Sang Prabu maksih taruna
ing manah den pepadha
lan kang ramaeyangipun
ajeg tindaking nagara.

69. Saksana linorod malih
Suradiningrat mring patya
sampun katur ing sang katong
Tumenggung Tirtawiguna
lawan Ki Wirajaya
punggawa kalih wewadul
aben-aben abicara.

70. Sang Nata duka tan sipi
sampun karsaning Hyang Suksma
dilalah ical tresnane
marang Apatih Danurja
sira Tirtawiguna
ingandikan marang ngayun
Sang Nata asru ngandika.

71. Heh Tirtawiguna aglis
sira agawea layang
marang Batawi den age
si uwa Patih Danurja
ingsun tan duwe tresna
nyukeri nagaraningsun

PNRI Balai Pustaka

yen maksih neng Tanah Jawa.

72. Sun titipaken kumpeni
den prenahna pulo sabrang
yen koluwa awakingwang
mateni marang si uwa
kaya yen ingsun lunas
Tirtawiguna wotsantun
anerat pan sampun dadya.

73. Kapanujon ing Narpati
kang serat sigra binekta
medal gya linampahake
prapta Nagari Samarang
mring kumendur tinampan
linajengaken pan sampun
dhateng Nagri Batawiyah

74. Tundhuk serate Narpati
mring Jendral Pakenir sigra
tinupiksa satembunge
kadriya tembunging serat
wau kang tinimbalan
ingkang rumiyin kumendur
dhateng Nagari Semawis.

75. Awasta Kumendur Konyit
aminggah dhateng Samarang
mangkya wus dadi ideler
punika kang pinasrahan
ing karya marang Jendral
Idelir Konyit pan sampun
alayar dhateng Semarang.

76. Ing laut datan winarni
wus prapta Nagri Samarang
samana sampun tinakon
Kiya Patih Danureja

PNRI Balai Pustaka

dhateng Nagri Samarang
prapta pan sampun apanggih
lan Deler Konyit punika.

77. Miwah Kumendur Samawis
Riklubdirkul namanira
atetabeyan sawuse
tata denira alenggah
samana Ki Dipatya
wus sinendhal dhuwungipun
Ideler Konyit saksana.

78. Ki Danureja Apatih
anangis angleg ing driya
dene sapala dosane
tan katon duk madeg nata
ajunjung ing Narendra
baya silih raganingsun
winales Pangeran Arya.

79. Karasa emut ing galih
mring gustine Pangran Arya
karasa osik nalane
dhuh Gusti Pangeran Arya
kawula ingkang ala
tan saged ngejum sadulur
mangke nemahi kawula.

80. Pinurugaken tumuli
wau sira Ki Dipatya
marang ing gedhong papresen.
duk samana sinengkalan
nenggih Naga Lelima
Karengeng Rupa puniku
Jimakir ing wulan Sura.

81. Ing dinten Respati Manis
tanggal kaping dasa sapta

PNRI Balai Pustaka

Idelir Konyit sira ge
atur uninga Sang Nata
suratira wus prapta
atur ing sasolahipun
Sang Nata trustheng wardaya.

82. Nulya kinen anjarahi
daleme rekyana patya
sadaya linebetake
para nyai selir garwa
Sang Nata peparentah
animbali sarta methuk
mring Deler Konyit Semarang.

83. Punggawa ingkang tinuding
Ki Tumenggung Wirajaya
lawan Kartanagarane
miwah punggawa santana
Radyan Mlayakusuma
budhal sing Kartasuresuk
ing marga tan winursita

84. Wus prapteng Nagri Semawis
punggawa tiga punika
wus panggih lawan Deler
myang Kumendur Drikul panggya
pan sampun tinampenan
surat saking Sang Aprabu
tinupiksa ingurmatan.

85. Kadriya dandan tumuli
budhal saking ing Semarang
kumendur lawan ideler
kumpeni tan kawuwusa
sakesahe apatya
karsanira Sang Aprabu
kang kinen ngabayanana.

PNRI bp Balai Pustaka

86. Dhateng santana narpati
Tumenggung Natawijaya
angreh punggawa sakehe
nanging dereng lenggah patya
pan maksih binakalan
yata wau lampahipun
Deler Konyit sampun prapta.

87. Ing Kartasura wus panggih
lawan Kangjeng Srinarendra
langkung panyuba-subane
sinegahan ing kasukan
langkung antuk pracaya
Deler Konyit ing Sang Prabu
dene mesat sukerira.

88. Antara ing tigang ratri
Deler aneng Kartasura
samana ing dinten Senen
Sang Nata miyos dineba
aneng ing sitibentar
para dipati supenuh
pasisir mancanagara.

89. Santana pepakan sami
kang wadyabala atembak
samya magelaran andher
deler kumendur sinegah
munggeng ing panangkilan
dhedhahar sami anginum
siniwaka akasukan.

90. Dhawuh timbalan Narpati
yen Raden Natawijaya
mangkya jinunjung lungguhe
angembani panjenengan
angreh ing Tanah Jawa

PNRI Balai Pustaka

sarta wus sinung jejuluk
Dipati Natakusuma.

91. Sagung punggawa ngestreni
pasisir mancanagara
miwah kumendur landeler
dhawuhe ingkang timbalan
nuju ing wulan Sapar
ing tanggal ping pitulikur
taun Jimakir samana.

92. Marengi ing Soma Manis
apan Dhukut wukuhira
nenggih kekalih mangsane
sengkalanipun ingetang
yata Naga Lelima
Angoyak Bumi puniku
enggar wadya Kartasura.

93. Mangkana anunggil sasi
kadange Ki Danureja
tiga linorod lungguhe
ing Surabaya lan Tuban
lawan Nagari Daha
ing Tuban ingkang tinandur
kadangira Jayaningrat.

94. Suradiningrat kang nami
dene nagari ing Daha
Ki Katawengan tedhake
nunggaksemi Katawengan
dene ing Surapringga
pan kaprenah arinipun
ing Raden Natakusuma.

95. Mangkana Idelir Konyit
lawan kumendur laminya
aneng ing Kartasurane

PNRI Balai Pustaka

sawulan nulya pamitan
mantuk dhateng Samarang
Ki Arya Pringgalayeku
kang tinuduh ngaterana.

96. Saungkure Deler Konyit
Ratu Kencana ababar
miyos wanodya putrane
Jumadilakir sasinya
kaping nem tanggalira
ambeneri dina Sabtu
taun Jimakir ingetang.

97. Idelir prapta Samawis
Ki Adipati binekta
linajengaken mring Selong
tan winarna solahira
nagri ing Kartasura
yata harjane kalangkung
eca manahe kawula.

98. Nglangkungi ing nguni-uni
penuh wisma jro nagara
tanpa wilangan ponang wong
Jendral Batawi winarna
Pakenir wus palastra
ingkang genteni lelungguh
ing Jendral Pagohardiyan.

99. Kuneng ipenya narpati
Rahadyan Demang Urawan
kangge ing pangawulane
antuk sihira narendra
Raden Demang Urawan
wus ingalih namanipun
Pangran Arya Purubaya.

100. Sira Rahaden Apatih

PNRI Balai Pustaka

kacarita mring Jakarta
ping kalih wau kanthine
Tumenggung Tirtawiguna
lan Raden Suralaya
katiga Ki Arya Kudus
anenggih ping kalihira.

101. Lampahe rekyana patih
saha amundhut sentana
wau kang wonten ing Selong
pan sadaya ingkang putra
Kangjeng Suhunan Ernas
mila samya kinen mantuk
pamrihe Srinaranata.

102. Pusaka ing Tanah Jawi
waos dhuwung lan rasukan
samya binekta mring Selong
ing Sunan Mangkurat Emas
miwah bendhe Ki Bicak
karsanira Sang Aprabu
mantuka mring Tanah Jawa.

103. Alami aneng Batawi
Dipati Natakusuma
tansah renteng bicarane
sarampunge kang bicara
tan alami praptanya
ingkang saking Selong rawuh
Pangeran Mangkunagara.

104. Pakuningrat ingkang rayi
kalawan ingkang panekas
Raden Jayakusumane
sumendhi Pangeran Emas
kathahe kang kawula
jalu-estri kalihatus

PNRI bp Balai Pustaka

suka Rahaden Apatya.

105. Sadaya wus apepanggih
kalawan Rahaden Apatya
entyar sadya galihe
lir pejah amanggih gesang
sawusira mangkana
rahaden apamit mantuk
dhumateng ing Kartasura.

106. Para santana tan kari
kang pinita aneng sabrang
tan winarna ing laute
muara Semarang prapta
mentas saking lautan
Rahaden Apatih sampun
utusan atur uninga.

107. Marang Jeng Srinarapati
yen Pangran ing Selong prapta
wonten Nagri Semarange
